[08/07, 22:24] +27 65 996 8531: He changed me completely.

Story by Felistas

Contact

0783857336

# Chapter 1

"Junior ,

That was my mom vachiratidza kubatikana pachiso.

Junior.....yes mom.

Mom.......maitiro awaakuita iwaya  aya taakuzopesana manje ,
What time is it?

Junior......I am sorry mom.

Nguva dzanga dzafambawo
tanga tatodya zvemanheru .

Mom......handidi hangu,
handidi sorry  yako
handitomboide ,
Gara apo undiudze kuti wanga
uri kupi ?

Juju.......ndanga ndiri kubible study .

Mom......ziso rakatsvuka nei kudaro ?
Bible raakutsvukisa maziso .

Ndakanzwa dad vaakuseka vanga vakatsikitsira pa phone pavo .

Mom vakabva vaita kuridza tsamwa chaiko .

Dad ........Amana chiiko Mai Angie ?

Mom......ndozvamunoda ka izvozvo ,tsvee kutsiura mwana. Unoda kuti mwana akure Ari benzi senge iwewe wakajaidzwa na Damba.

I guess mhamha vakataura vakavarairwa nekuti ndakazoona vabata muromo vakatarisa dady ukuwo dady vanga vanyatso vatarisa kuti ndee chaiko .

Mom.......sorry ba Angie .

She said laughing.

Dady ......it's fine, vatonzwaka vana vako kuti baba raive benzi .

Mom......sorry kani sweetie .

Dad......ndambotaurawo zvako zvekusa....

Mom......ba Angie ndati sorry wani?

Vakabva vatoenda panga paina dad vakanopfugama.
Dady vakango simukawo vachienda upstairs .
Vachiita kakumhanyirira kunge munhu aramwa ,mhamha vachiteera wo.
Ndakaramba ndakavatarisa

kusvika mhamha vazobata shirt ya dad ,
Dad vachibva vacheuka vakabata mhamha muchiuno,vakatarisa kwandiri ndikatarisa pasi,ndakazoona vatakura mhamha bridalu style.

."what a lovely couple "

I sighed

That was the daily drama
raiitika mumba medu ,
Mhamha vangu vaidiwa
zvisina ani nani akamboona .

Weyll I am Angel Rukato ,
The first daughter of Mr R and
Mrs C Rukato .
Paiitika madrama ese aya
ndaitove mu upper six hangu ,

Kahanzvadzi kangu  kanga kavewo form four.
Apa anga anonoka kuuya kumba ari kubible study ye fodya nemafriends .
Dad supported misikanzwa yake hanzi munhu wemurume haafanire kupusa .

Juniour......Chero ukasmiler haumbofe wakawana perfect match sezvakaita

mhamha....

Ndiye akazodzora maziso angu kubva kuupstairs . Ndakamuchinjira nyaya.

Me..... Wanga uripi iwe ?

akaramba akanyarara hake.

Me......usade kupa mhamha bp wanzwa ?

Ndakataura hangu ndichidenha ndichiziva kuti achadaira chete .

Junior........yaa you're right, mhamha vanogona kutozorwara nebp nekuda kwangu ,

Ndaakuita munhu kwaye from now ,hatingaite family yemapenzika
Toti iwewe uri benzi ,dad ibenz....

Ndakamupa kamwe kalook so ,tichibva taseka tese .

Juniour........but seriously handichade hangu kutamba ne

bad company ndaakuda kuita good boy .
Zvana Belinda nana Alicia ndaakusiya hangu I am still young ,ndikasaita musikana handife .
Hameno imi ana Angie munotoziikanwa chikoro chese .

Me ......inini hangu misikanzwa ndinoita handirambe ,but I

respect mom hapana chavanomboziva ufunge ,vanototi ndina good girl wangu .

Junior......i one day chete rauchanongwa nambuya hoko.

Me......ha ha ha vachembera havachaone vaye ,and mhamha

vanotoziva kuti Angel haatsike kwamai Hoko nyangwe zvidii ,besides dai vaida kutaura vakataura kare Kuna mhamha.

Juniour .......well it's fine ,it's up to you Angie ,inini hangu ndaakuita munhu kwaye ,I gain nothing pakutambudza mai vangu ,
Hazvinakidze pavanenge

vachipopota paye .

Me......inini mhamha hapana chavanoziva pandiri ,I come home early everyday ,havasati vambonzwa bad record yangu out there ,
And above all Chero vakada kunditarisa ndichiri virgin .

Juniour......but she will be shocked to death pavanonzwa mascandals ako .

Me......vachinzwa nani ,akamira saani ?

Hapana anga asinga ndizive pachikoro ndaitsvinya ,ndaidada ndaituka , Ndaichinjanisa vakomana vana

vechikoro zvese ne mateacher acho .

Hapana aitomboti pwee pakutuka, munhu aitoshaya chekutuka pandiri because ndanga ndakanaka .
Bvudzi ndinaro rinoita serichasvika kumagadziko ,
Mari vabereki vangu vaitoshaya zvekuita nayo .

The following day Junior came home early anga ave serious nechikoro ,
Zvese nekuenda kuchurch ,
Inini hangu kuchurch ndaisarovha but misikanzwa ndaive nayo doro ndainwa.

Ndaive ne boyfriend yangu ainzi Dean anga asiri mwana wechikoro  .

Yaingovewo boyfriend yezita ,aisamboenderana nelevel remufesi wandaida panguva yacho .
Ndaingo mudira kuti anga akanaka ,pamariwo zvaive nani .
,Plus peer pressure ka ,but iye anga akanyatsoperera pandiri .

Pandakapedza A - level yangu my dad suggested that I should go and study abroad .

Juniour ndiye akasara achidzidza muno munyika .
Ndakangonoitawo zve business management izvozvo .
Ko chikoro ndaichidii chakanyanya .
Baba vangu vaive nemari dzavo .
Plus ndaizongoroorwa ynemukomana ane mari Chero zvikadii ?
Hapana pandaizoroorwa nemunhu asina ake ma

company.

So that was me ndaizvitorera pamusoro and ndaitovewo wepamusoro pacho . Ndakangoita Four years ndiri kunze kwenyika ndichibva ndadzoka .

Ndanga ndakura manje zvekuda kuroorwa ,but ndainyatso shaya chaiye chaiye anoenderana neni,

Pamari nepakunaka zvese .

Pandakadzoka my mom complained Kuna Dad vachiti ndaakuda kuita basa randakaendera kuchikoro .

Dad.......washayei ?

Mom ......hapana.

Dad.......Saka uri kuda kuenda kubasa zvadii?

Mom.......ndakaendereiko kuchikoro kwacho kana ndichizongogara pamba nhai?

Dad.......you're my personal lawyer .

Mom.......usingapare mhosva dzacho ?

Dad .......ndichapara.

Me......unosungwa ukafira mujeri uchiti ndina lawyer wangu ,
Apo ini ndinenge

ndisingatombozivewo kana chinhu .
Ndoda kumbo gainer experience ndichiita ma cases evamwe .

Dad vakambotsika madziro , But rimwe zuva ndakazoona mhamha vaakuti ndakawana basa kune imwe law firm, ndofunga yanga yakazonoperera mubedroom.

Because dzamhamha na dad dzainoperera mubedroom
Waizonzwa dad vaakuti I have changed my mind the following day .
Ndainyatso shaya kuti
Vanenge vakumbirwa nemutoo upi.? .

Kuenda kubasa kwakaita mhamha
Kwaingovawo kungovaraidza nguva but vaigona

kutotambirisa muridzi we law firm iyoyo nemari yaiwanikwa nadad vangu. Ndakangoti Maybe she wanted to keep herself busy hameno.

Pamba paitobhohwa kuswera ndega.
Ndaingomuka ndofonera mafriends angu toswera tichitenderera mutown nekudya Mari yevabereki ,baba vangu mari vaindipa kwete

zvekutamba plus ndaitove nemashares kune mamwe ma company.

One of my friends  Patricia got a job ,
Pane imwe company as a financial Manager.

Takamuseka veduwee kusvika asisataure nesu .
Then another friend of mine

went to South Africa kwaive nesister yake .
Tanga tasara tave two taidya Mari yevabereki takagara hedu .
Gore rakapera tichidaro I was now 24 .
Kana kumbozviona kuti hupenyu huri kufamba ,ndaii enjoyer life kukanganwa kuti ndichachembera ,
Panga pasisina anokwanisa kundidzora mhamha vaiswera

kubasa .

Patricia anga asisabatike ,
One day ndakazombosangana naye mutown pamwe pataisidyira lunch .
She was looking good hake ,
Musi uyu ndanga nditori ndega hangu .
Ndakanogara paaive and ordered my food .

Me......hey.

Patty......hie.

Me......how are you doing ?

Patty.....I am doing good .

Ndakaona kuti aida kusimuka

kuti aende .

Me.....how is work?

Patty...... work is work ,but I am fine can't complain hangu.

Me......ok can I have lunch with you .

Patty.....lunch time is almost over and I have a lot work in the office .

As she was picking her wallet pa table ,ndakaona ring yaitopenya .
Mumaoko ake .

Me......oh ! What's that ?.....I mean that thing on your finger

?

Patty....... oh comon Angie can't you see kuti i ring ,will explain another day .

Me......ok wakati unoshanda papi ndigouya ndichikuona ?

Akaburitsa business card

akakanda patable achibva
aenda hake .
Ndakamutarisa achienda
kusvika asisaoneke .
I picked up the card ndikaona
paine zita rechirume zita
recompany ne adress ,
Waiter akauya nefood but
pfungwa dzangu dzaive kure .
Ndakangobhadhara and I didn't
touch the food .

Patricia sei akasarudza kuenda

kubasa ?
Her father is rich wani ashayei ?
And that ring on her finger ?
Oh no, is yshe engaged to someone?
Ndakaseka hangu ndaida kuona type yemurume wacho ,
Ndakasimuka ndikamuteera
I was just curious ...

End of chapter
[08/07, 22:26] +27 65 996

# 8531: He changed me completely.

Story by Felistas

Contact
0783857336

## Chapter 2

I went straight kubasa kwaPatricia ,
Yaa it was a very big company ,
Panga paine tall building hombe it shows kuti yanga iri yemunhu one.
Because yanga yakanyorwa zita refamily nechekumusoro

kwebuiding.

"The heir of this family deserve to be my father's son in law ."

I said to myself while smiling ndega hangu ,ndiyo family yandaida yakarongeka kudaro. Ndaida kutozotsvaga nezvavo vanhu ivavo ndione kuti Havana mwana mukomana here anangoita wezera rangu?

Ndaiziva kuti chandinoda ndinochiwana Chero zvikadii?ndiani angarambe ngirozi from a well known family.?

Ndakasvika pa reception ndichizvidhonza hangu, ko ndaitovewo shareholder somewhere saka ndaitorema. Receptionist wacho akaramba akanditarisa kunge achandimedza .

Me.....hello.

Receptionist..... how are you ma'am?
How can I help you?

Me......I just want to meet the owner of this company.

Ndanga ndatochinja mission .

Recep....do you have an appointment ma'am.

Me........no i just want to meet him,
He knows me and my family.

Ko hakuna anga asingazive Rukato zve panyaya dzebussiness.

Me.......sorry ma'am he stays out of the country ,so when......

"Hii Angel wazouya ?"

Ndi Patricia wo akangobudikira ,achikanganisa zvinhu ndaida kunzwa more nezvekugara out of the country.
I faked a smile .

Me.......ndauya handiti wanditiza?

Pat.......let's go to my office

,vanhu vepa reception vanonetsa zvisingaite .
Plus pano hapo pari strick havangode mavisitors .

Me.......saka wandipirei card racho pasingadiwe vanhu ?

Pat.....uchiine pamuromo kudaro Angel?

Takaseka .

Me.....yaa zvitori muropa.

Pat......manje ne age yako zvaakutoda kudzikama , otherwise you won't find a partner .

Me .......nekushayei?

Pat.......Angie ka ? Let me tell you something, varume ava pakuroora vanotarisa hunhu hwemunhu ,unganake ukaita mari ugotonetsekana pakuroorwa ,ndosaka uchiona murume musvinu

achinonyurura mukadzi kumusha uko .
Varume havadi mukadzi anotonga sezvaunoita Dean zviya .

Me......chinoita kuti ndiite sendinotonga Dean inyaya yekuti ane mari shoma ,but ndikawana ane mari yakapfuura yangu ndoto murespector.

Akanditarisa zvekundinzwira tsitsi chaizvo.

Pat......pfungwa dzako dzakafa Angie and haukure hameno why ?

Angie.......I don't know Pat,ndakatongozvarwa ndakadaro and I don't know if

anyone can change me,
because even my mother can't change me.

Ndakadaro ndichinomira paphoto raive kuma madziro riina Patricia nemumwe murume .

Pat.......I am sure love will

change you ,
Uchatyoka kuita muroora wevanhu chaiye .

Me........ndakuudza wani kuti kana ndawana ane mari yakapfuura yangu.

Pat......unowana kupi nhai Angie ?

Me........boss wenyu iyeye .

Pat akanditarisa achibva azoseka achidzungudza musoro .

Pat.......iye mudhara akachena musoro iyeye ?

Angie.......mwana wake .

Pat.....akuudza kuti ane mwana mukomana ndiani ?

Me........haana mwana mukomana?

Ndakabva paphoto riya ndikanogara pamusoro petable.

Pat.......anaye hako but mukomana wacho atori negirlfriend yake vanogona kutoroorana anytime .

Me.....ok do you have any information about him?

Pat........unoda kudii?

Me.......unawo here ma details andiri kuda kana kuti hauna ?

Pat........Nyangwe ndinawo handikupe ,usafarire kuparadza marelationships iwe.

Me.......pawakasangana newako iyeye ,aitove newakewo musikana Pamwe achitori naye .
Mukomana haanzi ndewe munhu .

Pat.......
Musikana wacho akanaka Angie ,mu coloured sewe and ane hunhu.
So do you think he will fall into your trap.

Me ....... of course ,
I am Angel Rukato remember?

Pat........ok his name is T.. H . He is 27 ,tall dark handsome , currently he is studying out of the country ,....
whatmore do you want to know?

Me.......a student ? Oh my Gosh .

Pat.......chii?

Me.....how can I fall for a student ?

Pat.....ok the truth is  he is studying and managing his

father's bussiness at the moment.
Soon he will be a full time bussiness man .

Me.......yaa that's good to hear , Anouya riini kuno ?

Pat.......I don't know .

Me.......ndiani wauinaye paphoto?

Pat......murume wangu , uchamuona tabuda panze kana tabuda anouya achinditora.

Me......atove murume wako?

Pat.......yaa taka engager arikuuya kuzobvisa in two weeks time.

Phone yake yakaringer ,I guess anga Ari boyfriend wake kana kuti his fiance here hameno. Because she was smiling and blushing achitaura naye . Ndakanyatsoona kuti munhu

anyura murudo uyu ,
Ndakabva ndafunga kufonera
Dean wangu .
Haana kunonoka kudaira.

Me......hey.

Dean....hey, how are you?

Me.......where are you ?

Dean......what do you want?

Ndakafunga kuti handina kunzwa mushe ,Dean chaiye kundidaro ?
Ne respect yaaindipa kuita seachandinanzva?

Me........watii Dean?

Dean.......uri kudei Angie ?

Me......asi hauchandide ?

Dean.......I am failing to meet your standards madam .

Me.......saka uri kutii?

Dean.......I met a girl who is just like you ,..I mean your appearance not your personality .
She is a very humble girl , beautiful ,
someone to die for .
Saka handichakude.

Me.....
I don't care you're just like a puppy to me ,
Ndaitoshaya kuti ndokurasira kupi waitonditadzisa kufema waindinhuhwira ,
Bit by bit I was suffocating changa chasara kufa chaiko.

Dean.......uchafa usina murume

nehunhu hwako uhwu ,ndiani murume anoda marara akaita kunge iwewe ?
Unozvinyepera ne beauty yaakuto fader hayo, (akabva aridza tsamwa)
Wachembera shaa taakumhanya nemateen ager.

Me.......wauri kudaro ndiani ?
You won't go away with this

,wait and watch I am coming for you.

Dean.......do whatever you want bitch !!

Ndakakata phone ndikanzwa muviri wangu uchidedera nehasha ,ndanga ndisati ndambodzikisirwa nemukomana like that .

Especially Dean wandapukutisa bhutsu kubva ndiri kuchikoro .
Panga paakutokwana six years ndichimushandisa.

Ndakangonhonga handbag yangu ndikabuda ndichifambisa , Patricia akanhongawo handbag yake akateera achifambisa ,
Vanhu vanga vaakubudawo muma offices avo I guess

nguva dzekuenda  kumba dzanga dzatokwana .
Tichibuda panze Patricia akabva atoenda pake pamota pemurume wake wandanga ndaona paphoto. ,
They hugged for a while ndakatarisa hangu ,
Ndikanzwa zigodo richidzoka pahuro .
Patricia akatanga kundidaidza ndofunga for ma intro but I couldn't.

Ndakapinda mumota mangu
and drove faster .
Kwekunanga chaiko
ndaisamboziva ,
Kuti ndoenda kumapurisa here
kana kuti kumasoja ?
Ndaisamboziva kuti
ndowanepi vanhu vanodealer
nembwa iyi.
Ndanga ndisati ndambozviita.

I called imwe friend yangu yaingoitawo seni ,ndakamuudza nyaya yacho, akandiudza vamwe vaaizivawo vaigona kuwachisa munhu ,but kwandiri zvaitononoka .

Ndakamuti anditsvagire munhu anogona kutsvaga munhu paari zviri fast ndipedzerane naye ndega akati ndokufonera in 30 minutes.

Ndichitotsvaga hangu peku parker dhumha dhumha naye Dean aine musikana angangoita mudiki kwandiri zvishoma ,she was so beautiful ,

Ari mucoloured just like me , pakunaka ndaigona kupfuura zvishoma .

Vaitoratidza kuti hameno pavari kubva vachienda pamota .

Ndakabuda mumota ndisina kunyatso parker  ndaitoda zvehondo chaizvo naye . Kusvika ati sorry Angie .

Ndakafamba vasingandione ,musikana anga Amira akazembera mota ,mukomana akamira pamberi pake akaisa maoko muhomwe ye trouse re suit .

Ndakambofunga kubvisa bhutsu ndomutema kugotsi but musikana uya akakurumidza kundiona ,Dean achibva acheukawo panguva iyoyo . The girl's face was not new to me but ndaishaya kuti ndakambomuonepi?

Ndakanomira paside pa Dean ndakapeta maoko ,
They continued talking vachiita sevasiri kundiona havo.

Me......Dean !

Ndakadeedzera zveshungu chaizvo.

Dean......makadiiko ambhuya .

Me.......please stop making a fool out of me ,
What are you doing with this girl?

Dean......can't you see that I am talking to my girl,
You don't have any right to ask

me about anything ndakuramba 2 hours ago Angie .

Ndakada kuti ndimuti mbama achibva andibata ruoko . Ndakabvisa bhutsu nerumwe ruoko ndikatanga kumurova , Vanhu havatane kuungana pangoita kanoise panga pangozara vanhu vachida kubvunza bvunza.
Dean uya akabva aita

zvekundipusha ndichinowira pasi .

Ndakasimuka ndichinzwa hasha ,ndikatanga kurova mawindow emota yanga yakazemberwa nemusikana Kaye .

Her.......mota ya Dad vangu kani Dean!!!.(aka screamer)

Dean paakandibata zvakasimba ndakatarisa number plate ndikaona yakanyorwa kunzi Kachuru ,so aive mwana we friend yamhamha vangu ,manje ndanga ndisina basa nazvo.
Airatidza kuti atsamwa zvisingaite musikana uya.

Her.......mota yangu ndoyadii

nhaiwe ? Ndini ndati urambwe here ini wazvirambisa nehubenzi hwako .

Me......watora mukomana wangu ndiri kunonyengwa na baba vako wanzwa and your mother is going to cry for the rest of her life neni? Dakutovatumira manudes imbwa dzevanhu.

Her.......do you think my father is stupid sevako here?
Dad vangu havabate tsvina dzakadai wanzwa ,wakaora iwewe honye chaidzo dzinodonha pauri ,ndimi munosvoresa hunhu hwema coloured imbwa yemunhu.
Haunyare kuramba kurwambwa pa public pakadai ?
You have no value haukodzeri

kunzi mukadzi iwe .( Akasvipa mate pasi)

Kusvipwa nemunhu inini?
Ndakaedza kubuda mumaoko a Dean zvikaramba .
Musikana uya akanyasto pinda mumota make akarova pasi .

Dean akazondisiya mota yatoenda ,
Ndakamboedza kumhanya kuteera but it was too late ,

Ndakatanga kutuka zvinyadzi nezvinyadzi English neshona zvese.
Ndanzwa kuti ndaneta ndakafambisa ndikapinda mumota mangu ,
Dean anga atoenda kare ndasara ndakaunganirwa nevanhu .
Ndakamutsa mota yangu ndika driver zvishoma nezvishoma ndakananga kumba ,
Hasha dzangu dzairamba

kupera ,ndainyatso feeler kuti nda defeatwa pano and for the first time ,
Manje deafeat ndoyandaisatomboda zvachose ,
Ndaida kutorwisa kusvika vakumbira ruregerero .
Ndakapinda mubathroom ndikageza ndanga ndafunga plan yangu yakanaka .

End of chapter.

[08/07, 22:25] +27 65 996 8531: He changed me completely .

Story by Felistas

Contact

0783857336

## Chapter 3

After bathing
ndakanyatsogadzira kumeso kwangu
kuti kusamboratidza kuti pane zvamboitika .
I didn't want my mom to read my face because

ndaizobvunzisisiswa zvandanga ndisingade .
I went down stairs ndakatoisa maearphones munzeve .

My mom was standing at the middle of the room vakabata muchiuno, she kept staring at me as I was walking down the stairs .

Me........ko chii nhai mhamha chamuri kunditarisisira?

I smiled zviri innocent.

Mom.......wanga urikupi masikati ?

Hana yangu yakarova ,I didn't

want my mom to know the other side of me.ndakanga ndazvivanza kubva kare why now?
Kuti pane zvavaona kana kunzwa?

Me.......I was in town mom.

Mom.....saka ndiwe zveshuwa

here wandaona pamavedio uchitukirira nekuchemera mukomana Angel?
Ndamboramba mwanangu ndakurambira kuti hausiriwe.

Yaa vanga vatondiona zvemashuwa so what was I going to do?
Mom vangu vaisada kunyeperwa zvachose ,I didn't want to lie nezvinhu zvaive

pachena .

Me.......yes mom,
I was heartbroken I am sorry.

Mhamha vangu vakaita kuvira nehasha .

Mom..... heartbroken yekuita sei uchindinyadzisa papublic

zvakadaro ?
Haugone kuzvidzorawo here nhai Angie.?

Vanga vaakutouya kwandiri and ndaigona kutorohwa. Ndakafambisa ndikanomira kwanga kuina dad.

Dad.......ndazvivharisa zvese zviya kani Mai Angie munhu

wacho a sender ndamubata, the vedio is no longer circulating, where is your problem Mai Angie ?
These kids vanotombopfuura nepo apa vachikura.
Ndokukura kwacho .

Mom......Ba Angie pamwe pauno supporter vana hapaite ,this is wrong, infact zvinonyadzisa I don't know

kuti ndofambira pai ?
How am I going to face people out there ?apa ndiri munhu anoziikanwa ,ko kuchurch ndotii mwana achibuda achitaura zvinonyadzisa kudaro ? .

Dad........zvapera Mai Angie hapana kure kwazvasvika ,
I am going to sort everything out tomorrow ,you won't be

humiliated .

Mhamha vakangosimuka vakaenda upstairs ,ndaiziva hangu kuti vanononyengererana ikoko vakawirirana .

Supper ndakadya ndega ,dad vanga vateera mukadzi wavo,Juniour aigara out of the country.After eating

I went upstairs ndaakunonyatsoronga plan yangu .

My plan needed a lot of thinking and I needed someone to help ,again
Yaisa Shanda ndisina number dzaMr Kachuru dzacho .
So I went kubedroom kwaDad na mhamha kunotsvaga number dzavo ndaisatomboda deafeat kana kaone.

Ndaka knocker padoor pavo pakambotora time yakareba vasina kuuya ndaakuda kutoenda ndopakabudisa dad musoro .

Dad.......uri kudei ?

I started twisting my fingers ndakatarisa pasi kunge

kamwana kadiki .

Dad......what's wrong Angel?

Me .......can I have your phone dad .

Dad.......my phone ?

Me.......yes ,

Dad........what for?

Me.......I  think I have to call mainini Lindy and bamunini Trevor vandikumbiririrewo ruregerero Kuna mhamha nekwamuri ,ndiri kunzwa

kunyara nezvandaita and I am not worthy your forgiveness.

Dad.......come in .

Vakandivhurira door .

Mhamha vanga vakatogara pabed ,
Yaa she was shuttered vanga

vasina kutarisisira kuti Angel angaite zvakadaro .
Ndakapinda ndikagara pasofa .

Dad.....Mai Angie our daughter is apologising ,she can't sleep usina kumuregerera ,
It happened for the first time it will never happen again .

Mhamha vakaita sepasina

chavanzwa.

Me.......ndokumbirawo hangu number dza mainini Lindy dad .

Dad.......hona aakutotsvaga kwekupotera usadaro Mai Angie
Try and understand .

Me.....musavadaro dad she is still in shock ,can I have your phone ,I will go and copy number dzamainini Lindy.

Dad vakangonhonga phone yavo vakanditambidza , Ndaakuda kuti ndifambe mhamha vakabva vandimisa.

Mom......come sit down .

Ndakanogara paside pavo pabed.

Mom...... Juniour ndiye aindinetsa all along iwewe uri mwana kwaye ,what came over you Angie ?
Chii mwanangu kukura here?

Me....Maa i don't even know what happened . Ndangobatwa nehasha dzisinga nzwisisike .

Mom.......ndopandinotaura paya kuti unofanira kunamata zvinesimba everyday , Patinoenda kwagogo (Mai Hoko ) paya toenda tese . Gogo vakati havasisina nguva

yakareba vainesu panyika ,vakasiya vakubatsirawo kuzvinamatira nekudzingawo mhepo dzisingade chakanaka. Ndodzinopa kuti uite zvisinganzwisisike ,wotozo realiser kuti ndakanganisa patove paye.

Me.......toenda mhamha kwamai hoko.

Mom.......kuroorwa hakusi nyore mwanangu ,unosvika pakuita tsikombi nebeauty yako iyoyo .
Kana mhepo dzisingade chakanaka dzabata ,handiti unoziva tete vako vakanonoka kuroorwa ?

Me.....ehe.

Mom......inini ndakadai sezera rako ndaakutoita mwana wechitwo ,ring itorimo muchigunwe, zvinoto kumbiririrwa Kuna Mwari .

She went on and on vachi lecture ,kusvika vaona kuti ndaakuda kurara.

Mom.......you may go now ,

But I didn't expect that from you ,
Uri munhu anoenda kuchurch
Angie unoziva Mwari .
Wako mukomana achauya nenguva yake.
But ukasanamata uchamirira kusvika wachembera .
Ukasachinja hunhu haumuwane.

Me.....
Ok mhamha ndanzwisisa .

Ndaidaro ndichibaya baya Kuma contacts paphone padad ndichitsvaga number dza Mr Kachuru ,
Ndakascroller up and down ndichishaya ,
Pana K panga pasina Pana Mr pacho ndakashaya .

Me.......ndipeiwo yenyu phone mhamha.

Mom....... dzirimo wani number dzamainini imomo.?

Me......dakutoonawo  hangu vedio racho .

Mom.......nda deleter ini ,handichengete marara dad vako vanaro wani?

Ndakatanga kubaya baya phone yadad ,
Yaa mwana wekwa Kachuru anga akangwara ,
Vedio rakatangira pandaipopota ndega vanhu vakaungana ,
Pachibva pazobuda mumwe

mukadzi achi explainer zvanga zvaitika .Iye na Dean havana kumbobuda.
Kureva kuti vabereki vake hapana chavari kuzivaka ?
Yaa uku kwaive ku defeatwa kuseri nekuseri .
But yangu yaisapera yakadaro .

Ndaida kumuitira zvekuti aisazomboda kundiona futi .

Mom......
Chienda iwe ndaakuda kurara ini .

Me......saka mandinyima phone yenyu mhamha ?

Mom......unoidiiko Angie .

Me........music mhamha .

Mom......wakambondiona ndichiita zvemusic

Dad......mupe kani Mai Angie taakuda kurara isu .

Mom.......tarisa kuti mune music here usiye phone yangu .

Me......ok .

Ndakatambira ndichifara hangu ,
Ndakananga Kuma contacts ndikaona dziriko dzaMr Kachuru zvese nedzamai vacho .
Musoro wangu yaitove computer ,kungoona number dzemunhu kaone ndatobata .

Ndabvisa kumacontacts
ndikasiya iri ku music .

Me.......irimo wani music?

Mom......two idzodzo here ?
Plus unadzo ndakambonzwa
uchiridza muphone mako .
Chienda uko ndaakuda kurara.

Ndakabuda ndikamhanya kunonyora number dzaMr Kachuru pasi .
I knew him he was handsome and cool,
but hunhu hwavo ndohwandaisaziva kuti vanoda vakadzi here kana kuti vanoda wavo chete? .
But  type yemuedzo wandaida kuvapahakuna murume anokwanisa kukunda .
Ndaida kusiya vatama musha

varamwa mhuri.
Ndakasaver number dzavo , Ndichibva ndaenda hangu kufacebook ,Ndakatsvaga T . H ndofunga for four hours ndichimushaya .

Ndakabva ndarara hangu , Ndainonokerwa nekunyatsorwadzisa musikana waDean wekwaKachuru.

The following day ndakanyatsozvitora maphotos ndiri half naked wearing a pant ne braa, zvekuzoratidza munhu pakavanzika pangu ndakati noo,
Ko kana zvikazokaenda nepamwe ndonyarirepi ?
I kept them muphone mangu imomo.
Ndichibva ndabuda ndikananga kutown kubasa

kwa Patricia.

Ndichipinda ndakangonanga straight kuoffice semunhu anga aakukuziva ,ka receptionist kakamboedza kudeedzera ndikaomesa gotsi ndichinopinda muoffice maPatricia.

Me.......ndeip ?

Ndakadaro ndakamira kudoor .

Pat ......pinda ugare .

Me........I don't have time .

Pat......saka enda hako .

Me......munhu wako haasi kubatika .

Ndakadaro ndichikanda kabag kangu patable nekuzvikanda pachair .

Akambotanga aminyura muromo akadzungudza musoro.

Pat.......munhu wangu haabatike zviri easy. Wakamutsvaga pai?

Me...... Facebook.

Pat........vanoshandisa account

one ne musikana wake saka
ipapo hupinde .
Ukaisa message vanoiona vese.

Me ........saka vanoshandisa
zita raani?

Pat.......Taa and Cee .

Ndakabaya baya phone yangu

ndichibvundisa maoko,
Nguva diki diki ndanga ndatove kufacebook , Ndakashandisa account yaive nezita rangu chairo kuitira kana mukomana akandifarira agowana kunditsvaga . Ndisati nda searcher zita ndanga chinja profile pic ndikaisa randainyatso buda hucoloured nebvudzi rangu rekureba .

Ndaka searcher ndikavawana Taa and Cee .
Prof pic ndoyakandipedza Simba ,mweya mate mukanwa, Paive nechimwana chekwa kachuru chaingowanikwa pese pese kunge zvima tax .

Me........iri ndorinonzi hure manje ,nezuro anga aina Dean

nhasi ari paprof pic pa Taa .

Pat.......Ani?

Me.......icho chi bitch ichi .

Ndainzwa mazi hasha .

Pat.......tione .

Ndakamupa phone ndikatarisa kuside ndaakupunyaira .

Pat.......yaa ndomusikana wake uyu ,
Pese paanouya kuno vanoswera vakavharirana muoffice kumusoro uko vozobuda manheru .
Havaite kuparadzanisa Angie

usazvinetse hako, usateye nzou neriva think of something else
.
Ko na Dee makazodii?

Me........ndombo tryer pana Taa pacho ipapo na Dean takarambana.

Ndanga ndatarisa mudenga kugama tumisodzi .

Pat.......makarambana?
Hanzii?wakamurambirei?
Because Dean haambokurambe
nekunyengerera kwake kuya?

Me.......I don't know,
ndaakuenda !

Ndakangonhonga kabag kangu
ndikabuda ndichifambisa ,
Yaa Cee Kachuru uyu aifanira

kutombochema misodzi chaiyo
.
Ndakambonogara mumota ndichinyatsofunga kuti ndodii?

Nguva iyoyo Kundie imwe friend yangu akabva afona . Anga atori mutown takaudzana location timboita catch up mazuva anga awanda tisina kuonana .

Ndakabva pabasa paPat ndikananga patanga tataurirana .
Kundie anga atovepo kare .

She was happy to see me and airatidza kuti anemazinyaya . Handina kumbomupa mukana ndakamuudza yangu nyaya nezvandaida kuita .

Me......kuti ndizviite inini

ndobatwa nekukasika ,if dad va Cee vakaramba obviously he is going to tell his wife ,and his wife is my mom's best friend.
Saka ndokupa maphotos eku seducer nawo wotaura navo. Then kana zvabudirira ndini ndinonosangana navo.

Kundie.......ok I am in ,unongondiudza zvekuita chete

.

Me.......do it properly ndoda zvingo affecter Cee chete ,kusvika auya achiti sorry Angie, if it means kuti ndichatombodanana na baba ivavoka?

I am ready.

Kundie.......ko vakati let's do something like.....

Me........I know how to handle these sugar dadies shaa usandityire.

Kundie......wish you the best of luck.

Me......ok I will tell you what to do and when to do it.

Kundie.......ok I will be waiting for your call.

Nyaya dzake haana kuzombotaura ,I was no in the mood ,
ndakabva ndaenda hangu

kumba .

End of chapter.
[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: He changed me completely.

Story by Felistas

Contact

0783857336

Chapter 4

Ndakasvika kumba mom and

dad vasiko as usual,
Ndikaenda kuroom kwangu , ndaitoshaya zvekuita so Ndakaenda pawhatsapp and I started telling Kundie zvekuita ,and how to talk to Mr Kachuru ndichimuudzawo ma points anoita kuti munhu anzwe kuda .
Mazera adad vangu aisanyanya kunetsa kunyengerera , Ndapedza kumupa manotes ndakabva ndamborara hangu.

Y
Later she called and said that everything is sorted .
Mr Kachuru vati lets meet somewhere kuri quiet tomorrow but first varikuda kuona photo rangu .
Ndakatumira photo riya ko ndaizivei hangu ?
At first I couldn't Believe it happened so fast , but akazondi forwadira ma chats acho .

Yaa he was very cheap vaida zvinhu baba ivavo .
Cee aivhaira aina baba vakaora kudaro nhai ?
Vakabva vatotaura zvekuti mukadzi wangu achembera ,she is nolonger interested in making love and what what .
Ndakaseka hangu Mai Cee vanga vachiri vadiki chaizvo zvekuti kana kunyengwa vaitogona kunetswa nevarume.
Pamwe hwaive husimbe havo

hwekushandira daddy.

The following morning mhamha vachibuda,
I felt so happy that handina kuzombofunga kudya ,
Ndakageza and dressed zviri sexy .
I met Kundie again mutown akandipa phone zvese ne location .

I continued from where she left

ndichishandisa phone yake .
Ndikatanga kutaura nababa ivavo ,
Vaitononokerwa nekuonana neni .
Vakati toonana Kuma past ten vapedza meeting yavo .

Ndaida kuvanyengedza zvekuti vanokanganwa mhuri yavo .
Ndobva ndavatora maphotos vari naked ndomwaya everywhere.

Kusvika Cee auya ati sorry Angel .

Ndakasvika pakanzvimbo kedu Kaya nguva dzatanga tataurirana.
At first handina wandakaona ,
Ndakaisa message vakati I will be there in 15 mins .
Ndakagara ndofunga dzimwe two hours ,
Ndopandakazofona .

Him.......hesi baby girl.

Me....... darling I am tired . Waakupi sweetheart ?

Him...... sorry my girl ,on my way now .

Me.......ummm asi maiguru varipo?

Him........don't worry about that.

Voice racho chete raitora moyo ,baba vanga vakazvinakira ivavo .
Chero dai vaida kundiita second wife ndaitoda ini

Ndonyatso shungurudza benzi raizviti Cee.
Ndozovasiya later hangu.
Ndati gare gare ndakazoongoona munhu aaku knocker pawindow ,
Ndakatarisa ndikaona vachismiler ,I smiled back ndikavhura door kuti ndibude .
Pakubuda ndakanyatsobudisa gumbo first ndichisiya chidya chese pachena.
Ndaitoda kubuda ndichitovapa

hug ,
Apa ndichirova kasmile
kekukwezva kaya .

But ndakapera power
nezvandakaona .
My dad was standing
kumashure kwa Mr Kachuru ,
Vakabudisa ziso pavakandiona
rikatanga ku turner red rega .
He started shivering kunge
munhu ari kutonhorwa .
Ndakanzwa kupera power

muma join  ese hawo.
Kuti ndiri kurota here ?
Ko dad how...?

Me........um ...um...dad you are here? ,I am sorry I ...I..

Miromo yaiita kubvunda yega.
Ndaiibuda Seiko nyaya iyi ?

Ndakaona dad vangu vachieredza misodzi for the first time .
Vanga varwadziwa kusvika pamwongo chaipo .
Vakazoita zvekuzembera mota ndofunga Simba ranga raakupera mumakumbo .

Mr Kachuru.....be stong Rukato ,atleast waziva zviri kuitwa nemwana before it's too

late .

Dad vangu vakangopukuta misodzi yavo ,
Vachibva vapeta maoko vakatarisa mudenga .

Mr Kachuru......comon let's go home .

He opened madoors emota yangu iyoyo ,
Dad vakapinda kumashure ,
Mr Kachuru vakapinda kumberi ,
Ndakashaya kuti ndopinda Kuna Mr Kachuru here kana Kuna dad .

Mr Kachuru.......come Angie ,huya tiende my daughter.

Ndakapinda kumberi ikoko dad vaitotyisa ,ndaigona kungodzipwa ndikafa vaiita kudedera vachitura befu .

Mr Kachuru.......you see Angie, I have a daughter too .
She is just like you ,pawakandi aproacher ndaigona kukutuka kana kuku blocker but

waizozviita kune mumwe munhu asiri inini zvaizoperera kupi?
Thank goodness wazviitira kwandiri Mai Cee is willing to help .

Me.......it was just a mistake dad ,it won't happen again.

Ndanga ndatoshaya kuti ndoti

chii futi nenyadzi ,
Takasvika kumba dad vakangoburuka vachinanga kubedroom kwavo Mr Kachuru vachiteerawo ,
Mom vanga vakarara pasofa vakafuga blanket ,
Mai Kachuru  vakagara pasofa .
Pakatora nguva pasina ataura nemumwe .
Kusvika Mr Kachuru vadzoka nadad .

Mr yKachuru.......ndaakuenda ladies ,musandiroverewo mwana taurai naye munzwe reason yaari kuzviitira ,momubatsirawo mune zvakanaka.

Vakabva vatobuda nadady I guess he was a busy man . YyMai Cee vakatura befu vachibata kumeso kwavo.

Mai yKachuru .......Angel mwanangu chii?

Me.......(silent)

Mai Cee
.....Wanetswa nei ? Kuda Mari here ? Kuda kuroorwa here ? Chii chaizvo ?

Mom.......ngaabve pano hake mai Cee , ngaaende. zvakafanana nekuti handina mwana .

Mai Cee......usadaro Mai Angie vana ndozvavanoita ,
Be strong .

Mom......handikwanise hangu Mai Cee ,uri kudaro nekuti haasi Cee adaro .

Mai Cee....... I understand ma Angie ,but imbonzwawo side rake .

Mai Angie.......side rei zvinhu zviri pachena kudaro?

Mai Cee.......let her explain ,
Ini ndakabvisirwa nhumbu mumba neyoung sister yangu ukati chii?
Handiti wakandisimbisa ?
Now she is married atogara nemurume wake zvakanaka.
Kudzinga mwana haisi solution anoita wild animal chaiyo ,
Kana achiri kutombo zvininipisa like this

,achiteerera imbotaura naye ma Angie.
Anosvika panguva yekuti anokupindura rough unozodii?
It's not too late to change her.

Mhamha vakabva vamuka vakagara ,
Vakanyatsonditarisa mumaziso
.
Ndakamboedza kuvatarisawo ndikakundikana ndikatarisa

pasi.

Mom.......Angel ?

Me......mom.

Mom.......what happened ?

Me........ndi Kundie mhamha?

Mom.......aita sei?

Me......akati ndoda Mr Kachuru
,
So inini I helped her ne pic
rangu kuti vakurumidze
kubvuma .
I am sorry.

Mom.......nhaiwe ? Mukadzi mukuru anenge iwewe yanobvuma kuita zvakapusa kudaro ?
Saka maizogumirepi baba Cee dai vari mumwe munhu ?
Handiti vanenge vaona face yako vakazoona yaKundie vozodii?

Me.......aiti anozo explainer kana vangobvuma.

Ndakati thank goodness vabvuma story yangu yekunyepa .
And manudes anga asati aenda Kuna baba vaye ndaitarisepi nhai?

Me.......I am sorry mhamha ,ndanga ndisina kumbofunga

nezvazvo .

Mai Cee.......idzi ndonhema dzeblack chaizvo manje . Kundie wacho anogarepi?

Iyi mai yanga isina kumbosiyana nemwana wayo paspeed .

Me......Anogara ku Msasa park .(I lied )

Mom......ndoda auye pano izvezvi mutaure nyaya yenyu ,zvichatosvika nekuvabereki vake ,
Mukadzi mukuru dai kuri kuroorwa handiti dai waane

vana vairi Soo?
Uchiitwa zungairwa kudaro?

Vakachinjana kupopota ,kutsiura nekudzora .
Ini ndaitogaya imwe plan ingaite Cee arwadziwe zvakanyanya.
I wasn't going to give up so easily .
Ndinenge ndisisiri mwana wa Ryan Rukato .

Mai Cee.......neniwo Kundie wacho ndotoda kumuona.

Me.......ndogona kukupai number dzake momufonera ouya.

Ndakaziva kuti ndikadaro vanokurumidza kundi believer.

Mai Cee.......mupe imwe chance Mai Angie.

Mom.......ndinenge ndichiona nehunhu hwake ,
Marimwe zuro ndakamutsiura hunhu hwake hwaakaita mutown ,now pasina 2 days aakutoita zvimwe.

Mai Cee.......Angie ndoda

mwana anonzwa ,
Tiri kuda muchato wako next year .

Y
Me......ehoi mhamha (I smiled )

Mai Cee.......atomboriko here mukuwasha wacho?

Apa ndanga ndisisina kana wekuhwanda naye Dean anga aenda na Cee.

Me.......hakusati .

Mai Cee......why?

Me......handisati ndawana

anonyatsoita.

Mai Cee......zveshuwa mwanangu take yyour time , Umwe anotorwa ne 16 years sesu ana Manyoni ,umwe yanoenda ne 25 years .

Mom....... usanyeperwe hako iwe ,unochembera ukasvika

pakukomba ,musikana haafanire kupfuura 25.

Mai Cee......haiwa uchiti haana here ?
Ndozvina Cee anovanza Mai mwana unonzwa achiti handina kana mukomana mhamha.
Kumuti ko Taa waunoita take take naye .?
Zvonzi he is just a friend.
Kana ndiwewo Mai Angie .

Mom.......siyai muroora wangu,Moda kuti akuudzei here kuti ndewa Juniour ?

Mai Cee.......handinga mbode kuti mwana wangu aite muroora  wako .

Mom.......why?

Mai Cee.....zvinokanganisa friendship .
Plus Junior handinyatsomuzive ndoziva Tafara.

Mom........manje ndozvandiri kutokumbirira zuva nezuva,
Paya wakabereka mwana kwaye Mai Cee ,ukaona ndaita

muroora akadaro ndagara zvakanaka .

Mai Cee......haa haa ibvapo.

Mom .......ndotorevesa  Mai Cee dai zvaigona kutaura navo vana vacho
Taitongozviita gore rino.
Christina akatorwa kumwe

ndochema ,kutonzwa godo chaiko.

Y

Vakaseka vachirovana maoko.

Mai Cee......tuma prayers twako utwu ucharambisa mwana wangu na Taa wake .

Ndakanyatsonzwa kubaiwa

pamoyo kuti dyuu.
Taa anga asiri waCee, Junior anga yasiri waCee futi .
Ndainzwa kumuvenga kusvika pekupedzisira chaipo chaipo.

Mai Cee......uudze Kundie kuti hanzi na Mercy , Christian haasi hure .
Ndini ndaitotaura naye paphone ,
Ndichimuudza kuti mukadzi

wangu achembera .
Chris ndewangu ndega kusvika muvhu,akazvitryer futi anochema.

Vakabva vaseka havo,
Gare gare vakazooneka vakasiya taakutombowiririrana namhamha.
Manheru ndakaenda ypafacebook ndikatsvaga Taa and Cee ndichishandisa rimwewo zita .

Ndakangoisawo friendly request neka hie,
But zvairatidza kuti vanhu vacho havawanike pamhepo nguva dzese .
The following day ndakafonera Patricia makuseni seni.

Me.......Hey girl.

Pat.......hesi Angel

ndakakanganwa kukuudza muchato wangu uriko next month.

Me.......hoo? Ko munhu uya nanhasi shaa haasi kana kubatika .

Pat.......unomudiiko munhu ane munhu?
Tsvaga basa ushande ,uchienda

kuchurch unowana anokuroora.

Ndakatombo batikana ipapo , Anga aakutondiita kunge Saskam.

Me.......ingondibatsirawo kutaura na Tee Patricia inga uri friend yangu wani?

Pat.......haumuzive mushe, mira ndigokutsvagira number dzake. ukanyadziswa naye hauzviite futi  .
But usazotaure kuti wapihwa neni.

Me.......handitaure shaa nditsvagirewo.

Pat.......ok ndokufonera kuma past one ndinenge ndadziwana.

Me.......good good good that's my girl.

She hung up ndichibva ndaisa phone pasi,
I felt he was going to be mine ,
And ndaitozomurwira kusvika ndamuwana chete ,kana kuri

kwagogo Hoko ndaitozokuenda chete. Tafara aitozova wega zviome zvidii.

End of chapter
[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: He changed me completely.

Story by Felistas.

Contact
0783857336

## Chapter 5

"So Patricia's wedding is next

month?"
Which means she is going to tie the knot zvemashuwa kutoita mai vemba?"

Paakazvitaura ndanga ndisina kuzviisa mumusoro.
I started recalling zvanga zvambotaurwa na Patricia earlier ndikaona kuti ndanga ndasara zveshuwa .

"Tsvaga basa ushande

,uchienda kuchurch unowana anokuroora "

Those were Patricia's words of advice .
Saka aireva here kuti ndikasashanda handiwane anoroora? ,or she meant something else?
I didn't have any reason yekuendera kubasa ini,
Mari yamai nababa yaindikwanira ,

Kana kuti varume vaida ma Working class?
But ukaona murume anoda kubatsirwa kutsvaga mari nemukadzi anenge aine nhamo.

Ndiri pakati pekufunga hangu ,muphone mangu makapinda message from Patricia , Ndakakurumidza kuivhura ndichifunga kuti i number dza Tee ,but kaive kavedio hako. Ndakambo ignore ndichiti

pamwe kangoriwo kajoke
Patricia aizviitaka zveku
sender tuma jokes tusina basa.
Moyo wakazoti ndivhure
pamwe ndopane number dza
Taa,only to find out kuti raive
card remuchato wake.

Information yaibuda zvishoma
nezvishoma pachirira ,
"This love is unbreakable" ye
Westlife .
Ndakatomboitawo emotional

for a moment ,
I dropped a tear hameno kuti raive godo here kana kuti I was happy for her .

Pazasi akabva atyper .

"Mozoti hatina kukukokai ,hatidi maexcuses you're my best friend Angie unofanira kutovapo."

"You're lying I am not your best friend as you claim."

I replied.

"Why ?"

She replied achiisa chi emoji chakabata kumeso.

"Dai ndiri friend yako ndiri

kutoperekedza muchato wako soo ,
And I am the one who should distribute these invitation cards on your behalf."

I replied ndichitorevesa .

"Oh como'n Angie ,zvine basa rei nhaiwe ?
Besides this is a church thing ,
So vanhu vakawanda vari ku

participater are church members masisters ekuchurch nemabrothers kuperekedza muchato wangu doesn't mean anything ."

" I don't believe you ,liar...."

Ndakanyora ndichibva ndakanda phone kure . Ndakanzwa imwe message yapinda I knew

aitondinyengerera chete ,
Manje ndandisiri type yekutamba pamuchato usiri wangu .
Ndakatora phone ndichida kumuudza kuti kutamba hangu handiperekedze muchato wembombera .
But pamessage yake panga paine zvandanga ndisina kutarisira .
It reads :

"You see ,the thing is .... eish I don't know
how can I explain kuti unzwisise ?
With those vedios akatenderera pasocial media uchipopota mutown saying all sorts of vulgar words ,
I can't let you be my best girl dear.
Vabereki vemurume vanozotii ? Ko machurch members ?

What about my husband? ,anoti what kind of a friend is this one .?
So it can't Angie ......it can't , Unongouyawo kumuchato as a guest hako."

Ndakabva ndatozviudza kuti kumuchato wake handiendi ,anga atsvinya Pat,
I thought of blocking her but  I still wanted to hear more from her .

"Ok I understand I won't participate,
 Saka wati the vedio circulated kusvika nekuma church members ?I hope harina haro kuonekwa na Taa."

Akambotora time asina kupindura.
Ndichibva ndazoona aakutyper.

"It's still circulating dear ,
Zviri zva Taa nyarara hako
ndiye akatotanga kuriona ,
I guess he is the one who
edited it kuti musikana wake
asabude ipapo"

"You're lying Patricia ,you hate
me now, I don't know why?"

"Kukutsanangurira it's part of wasting time.Number dzaTaa wacho idzo ndatumira ,anowanzo enda online Kuma past ten in the evening.
But wototaura nyaya yako fast asati akublocker ,hanzi his contacts are less than ma blocked contacts .
Goodbye busy now."

Ndakasara ndapusa at least ndanga ndapihwa number dzaTafara hangu ,I was going to try my best .
Ndakati regai ndigare ndatumira message yangu ,paanoenda online otanga kuverenga yangu ozoona dzevamwe vese.
Ndakambotanga kunyora ndichidzima ,
Kusvika ndazonyatso zvipira kutumira message yangu.

"Hi ,I am Angel Rukato ,a share holder and owner of the biggest transport company in Zimbabwean .
I am sure you know this name(Rukato) because you're a bussiness man too.
My dad is Ryan Rukato he owns  mines and hotels to mention a few.
So I just want to be your friend maybe we can do bussiness

together in the near future"

I smiled after sending ,
Ndakatsvaga photo randanga
ndakanyatsobuda runako rwese
,
Ndakatorwa ndiine 19 years I
was very young and attractive.
Ndakabva ndatumira photo
riya .

"That's me ,I am looking

forward to see yours too  Mr T
. H."

Ndakasiya zvakadaro hangu ndichibva ndabuda mumba ,
Ma message angu anga aine maone tick kureva kuti anga asati aenda online.
Ndakabuda ndikambo tenderera tendera kuvaraidza nguva ,
Mom and Dad came  manheru ,

Dad was still angry at me ,vanga vasingade zvekutaura, neniwo I didn't care .
Takanorara pangori neone tick, Ndakamirira 10 pm dzacho kuti ndione reply yangu. Dzichingokwana akabva atopinda online .
Panga paane two ticks manje .
Ndanga ndamirira kuti avhure message yangu titaure.

Ndakamirira ndigomirira

,Kuma eleven
ndopayakavhurwa ndanga
ndachimirira reply nemaziso
matsvuku manje .
Ndakamirira ndigomirira
kusvika Kuma 2 pm.
Ndopandakati "hey"
Yakaita one tick anga atobva
online kare Kuma past eleven.
Ndakasvotwa kurwadziwa
chaiko ,
Kuti anga asiriye ane phone ?
Pamwe anga atori neka bitch

kaya ?

Ndakarara ndiine bundu pamoyo,
Of all the boys Taa uyu anga andinetsa kutaura naye ,
I knew I was everyboy's dream but Taa was different ,zvakatoita kuti ndibve ndatomudisisa chaizvo.
Hope dzakazongobata ndikarara ndiri online kudaro .

The following morning ndakamuka ndaakutofunga imwe plan ,
Ndaida kumbochinja phone yekushandisa kusvika ndawiririrana naye chete Taa .

Ndichienda kuwhats app ndakafara ndichiona one message from Taa.
I smiled ndichiverenga but smile yacho yakaita ichi fader .

Yanga yakanzi:

"Hi Angel Rukato ,how are you ?
Actually I don't know any famous bussiness man by the name Rukato ,
Kana taakutaura nezvemari dzinoziikanwa kunana Phillip Chiyangwa ndovatinoziva maybe nana Kachuru ,
Dzana Rukato dzekuvaka

dzimba two nemota four hativerenge .
And haatomboziikanwe,Here is my word of advice, you better work hard if you want to be famous. I am sorry I can not be your friend and am not interested in doing business with you ,
Infact how can I do business nemunhu asina direction ,anongoswera mutown achidya Mari yakashandwa nevamwe .

Hakuna business lady akadaro .
And also English yako ndeye magrade 3 imbodzokera kuchikoro
Good bye.

And the next thing I was blocked.
Yaa mukomana aitsvinya uyu .
Ndakagara pabed ndikatanga kudzosa pfungwa dzangu ,
Ndaifanira kushanda somewhere ,kuitawo

something of my own,
Kumbozvitengerawo mota yangu yesimba rangu ,
Kwete kuti everything ndezve vabereki .
But pride yaindibata nesimba ,ndaitsvaga basa kupi kwandinotanga ndiriini boss ?
Zvekushandira mumwe munhu ndakati no.
Apa dad vanga vasingandide kubasa kwavo.

Days passed ndanga ndati dzikamei ndaakugara pamba hangu.

Patricia called me two days before her wedding day akati let's meet mutown maaigadzirwa musoro . Ndakaenda hangu ko ndaiitei pamba ?
Ndakawana atopedza kugadzirwa aakutoiswa manails.

Aine vamwe vanhu vanga vamuperekedza.

Me ......hi.

Ndakadaro ndichigara pachair yaivemo .

Pat......hi Angel ,asi wakanditsamwira?

Me......no why ?

Pat.......I thought zvandaitaura that day zvakakutsamwisa. Hauna kana kuzombonditsvaga.

Me.......no no no I am not angry.

Pat......my wedding is going to happen the day aftee tomorrow and I want you to be part of the bridal team.

Me ......how?
I didn't practice anything.

Pat......we have hired the

dancing team .
My bridemaids won't dance ,
I just need three of my friends to accompany me ndichichata.

Me .......I can't Patricia ,what will people say,?
Ko murume wako?.

Pat......I explained everything to my husband and he agreed ,

I don't care what people say about our friendship.
You're my friend Angie it won't change.

Me .......no Patty I can't ,kumuchato ndouya but as a guest.

Pat.....uchiri wakatsamwa handit?

Me ....... no it's not like ndakatsamwa, you should have told me earlier kwete kuti kwasara one day kudai.

Takambonetsana achiti akatotsvaga hembe nedzangu ,but ndakamuti Kundie ngaapinde panzvimbo pangu .

Kundie wacho haana kumborambawo
Ndiye akazopinda panzvimbo pangu .
Musi wemuchato ndakaswera hangu kumba ndakadzima phone ,
Michato yevanhu ve middle class inenge iine noise yega yega .
Vanopururudza ,vanoridza muridzo, zvinenge zvichitobhohwa.

Days passed Pat haana kuzombotaura neni ,neniwo ndaisave nebasa nazvo .
Na Kundie taitaura zveapo ne Apo not zviri serious.
Nekufamba kwetime hupenyu hwanga husisanakidze manje ,
Ndanga ndisisina shamwari chaiyo ,
Mom vanga vasisina nyaya dzinoenda Kure neni , dad ndizvowo ,uyuwo Junior anga

arovera kuchando .
Ndakafunga kutsvaga basa iriyo chete plan ingaite kuti ndivarairwe .
Ndakatanga nekwaishanda Patricia ,
Ndaifunga kuti basa rinowanika nyore but zvanga zvisina kudaro,
Process yacho yanga yakareba,
Seipapo vakatoti hatisati taakuda vanhu ,
Leave your CVS tozokufonera

for an interview.
I went kuoffice kwaPatty ndikawana arimo ,ring ichipenya muruoko .

Me....ko leave yakatopera ?

Patty....it was only for two months.

Me.......but you should be at home relaxing semunhu akaroorwa kudai.

Paty......why should I relax?

Me......munhu ane murume anoshanda? Unoshayei nhaiwe ?

Patty....... mhamha vako vanobuda makuseni vachienda kubasa,vodzoka manheru wani ?
But baba vako vane mari vanoshanda .

Me.....ok I understand ,
But mom is doing it for fun.

Patty.......and I am doing it to earn a living.

Me.......sei wakasarudza murume asingagone kukuchengeta Patty?

Patty....who told you haagone kundichengeta?

Me.......oh como'n girl, ndiwe wati you're working to earn a living wani ,dai achigona kukuchengeta uchishandira raramo here?

Patty........ok togona kupedza the whole day arguing over a small issue ,

Chandinoti kuchengetwa
nemurume mumarriage Angel,
rudo rwaanondipa,rusiri
rwekumanikidzira wanzwa ?
Chero tikashare a piece of
bread with love tinoguta dear ,
Pane kuroorwa nemunhu ane
mazi Mari ,rudo rwacho pasina
hazvishande .
Kana soul mate wako akauya
asina mari ,you have to accept
Angie ndiye wako iyeye .
Your happiness is the most

important thing.
Material things zvinouya zvichipfuura but rudo rwunogara forever .
Now leave ! I want to do my work.

Ndakati asi mashura ?,Dean akandiramba ,ma friends angu aakundiona sebenzi ,my parents are nolonger interested in me.

I decided kuswera ndisiri pamba ndodzokera manheru . Ndichisvika pa gate dhumha dhumha nemashura chaiwo chaiwo ,
Christina anga akamira pagate with a middle aged woman .

End of chapter.
[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: He changed me

completely.

Story by Felistas

Contact
0783857336

## Chapter 6

Ndakamboramba ndakagara mumota ndichida kunyatsotarisa kuti zvandaona ndizvo here ?
Anga ariiye hake Christina Kachuru ,wearing a  black long skirt and a sky blue top .
Zvanga zvakamufita ,she was

beautiful for sure,no  wonder aidiwa na Taa zvekudaro. Akambocheuka akatarisa kumota kwangu later achibva azotarisa pasi .
Yes it was Christina Kachuru there was no doubt ,my question was why is she here ? Sei asina mota yake ,sei Ari kuita kunge munhu ari kuzvininipisa kudaro?

Kuti auya kuzokumbira ruregerero?manje neni anotombotanga achema ndokuti ndimuregerere , Haanga ndituke mutown makazara vanhu ka,

The other lady waanga anaye akafamba achiuya kumota kwangu .
Iye Christina akasara akangomira ,

" So anoda kutuma munhu kuzokumbira sorry ?"
Iye haana muromo? Ngavauye apfugame."

Imwe pfungwa yakati "what makes you think auya kuzokumbira ruregerero,
Anenge anetswa nei?
She must be up to something"

I felt like ringing the car bell several times ,

Ndibvise imbwa yemunhu pagate pamai vangu . Ndakangomutsa mota ndichibva ndavhura gate neremote ndikapinda ndisina kana kutaura navo .

Ndakasviko buruka mumota ndikadzoka kugate , I was just curious .
Why is Christina here  and in that state ?
Ndakanomira pagate

ndikanodongorera nepaive nekaspace ,
Ndakangoona piece ye skirt yake kuratidza kuti anga agara pachi slub chaive kunze kwegate .

"NdiChristina here kana kuti ane mutwin ?
Cee chaiye kufamba asina mota and dressed like that ,achisviko gara pasi kudaro ? Nemari Ina dad vake ?

Moyo wangu wakaramba kuvhura gate kuti ndibude,
Pride ndoyandaive nayo yakanyanyisa .
Ndakaenda kumba ndikadya ndikageza ,
But ndairamba ndichidongorera chete kuti Pamwe azopinda .
But haana kupinda so I thought
Pamwe azodzokera or maziso

angu ndiwo anga atadza kuona.

Kunze kwasviba as I was watching the news ,ndakanzwa mhamha vachitaura na someone vachipinda mumba,
I lifted my head ndikaona Ari Christina nemukadzi uya wavanga vainaye .
Ndakanzwa kusvotwa ndikafinyama chaiko.
She stretched her hand kuda

kundimhoresa but ndakaramba ndakapeta maoko.

Mom.......hezvo nhaiwe Angie?

Me.......hie.

Akabva anogara hake pasi paive nechimate ,kamugariro kacho kaive funny ,

Anga akaita zvekutyora makumbo achinopesana .

Mom....nhaiwe Christmas unondishura ? Ko kuzopfunya chisero nhaiwe ?

Cee......pari right pano mhamha.

Mom.......handidi mwana anogara pasi ini.

Cee.......don't worry mhamha.

Mom.......saka Cee wabva nekupi iwewe? your mom was talking about you masikati vachiti uri kunze kwenyika wani?

Cee.......ok,I arrived last night but handina kuenda kumba .

Mom......ok let me call her vanofara Mai vako.
Or it's a surprise.

Cee.......no I don't want her to know ,not now mom.

Mom......why? is there any problem?

Cee.......yes there is a problem ,I hope you understand mom.

Mom...... anything for you my daughter .

What is it?

Akabva anyarara hake kuti zii ,apa ndanga ndatovhura nzeve uku Hana ichirova kuti Pamwe anoda kuti Angie arikunetsa mukomana wangu pa phone. The other lady waaive naye anga akangonyarara achibwaira maziso ndaishaya kuti auya kuzodii?

Cee......mom ndine nhumbu.

Mom vakasimuka vakabata muromo ,vakapukuta tudikita vanga vavhunduka zveshuwa. Ndakanzwa hasha kuvira mumusoro mangu ,kutouya hake kuzondivhairira kudaro , Obvious she was pregnant with Taa's child ,saka avingei Kuna mai vangu?

Mom......Cee mwanangu pregnant uri kuchikoro here? What happened to you ? Your mom will die after hearing this ,she won't take it Cee why ?

Cee.....that's why I came here mom,my mother will automatically die after hearing

this ,
I need your help ,I hope you're going to understand .

Me.......how can I help you Cee ?, I am disappointed, ko zvauri munhu kwaye wani? Ufunge hako ndaitokuyemura .

Cee......I know Mom kwanga kusiri kuda kwangu I was

forced .
The only option I have right now is to abort the baby.
And I need your support mother .

Mhamha vakabata kumeso nemaoko ese ,zviya zvekushaya kuti vodiiko?
Christina wacho haana kumira kutaura.

Cee.......Mai vandauya navo vanogona kubvisa nhumbu zviri easy mangwana chaiye ndotodzokera kuchikoro,
But it's impossible without you ,I would have done it ndiri overseas but she said it won't happen musipo.
So please mother I need your help once,
I know you're my mom's best friend but mhamha vangu

vakanzwa kuti ndine nhumbu vanonzwa sei ? You have to do this for the sake of your friendship.

Mom vakasimuka vakanogara paside paCee ,nyaya dzake dzaisabatana aitoita kunge Ave kupenga.

Mom.....waakupenga here

mwanangu ?
Ok tell me who is responsible?, I will explain everything to your mother .
She will understand woenda kumurume wako ,nzira dzekuenda kuvarume dzinosiyana siyana you have to accept it .
Tese takazoenda kuchikoro taane vana isu ,unozopedzisa hako chikoro mwanangu nhumbu haibviswe .

After all it's not your fault handiti wakamanikidzwa here mhamha vanonzwisisa nyaya yekumanikidzwa vakatombopfuura nemo ,kana usingamude anongosungwa zvopera everyone will understand wochrngeta mwana wako hakusi kuguma kwehupenyu.
But ukabvisa you will live with guilty for the rest of your life.

Cee.......I will die mom ,ndotarisana sei na Mai Cee ? She trusted me with her life ,ko dad ndoti chii?

Mhamha vakadzungudza musoro vakadonhedza misodzi .

Me......Cee usada kunetsa iwe ,how does this have to do with my mother ,
It's your personal issue, please usanditambudzirewo amai vangu nechihure chako .

Mom.....Angel!

Me....mom look ,ane Hama

dzake munhu uyu ,ngaaende ikoko.

Mom......won't you at least wait unzwe zvaari kuda kutaura ,I am sure she came here for a reason .

Ndakaridza tsamwa ndikaturikidzanisa makumbo.

Ndikatanga kutambisa gumbo zvehasha ndichimucheka neziso.

Mom.....Cee mwanangu unombozorora nhasi ,totaura mangwana    I am sure you will come to your senses .

Cee.....mom just allow me to

abort this baby ,
Then tomorrow ndotodzokera kuchikoro .
Aunt please explain to her vandibatsirewo please .

Mhamha vakabva vatarisa mukadzi anga aina Cee,vanga vatotadzawo kuzvibatanidza .

Mom......saka moto supporter kubviswa kwenhumbu?
Moziva here kuti zvinosungisa.

Lady.......I know very well ,ndotoziva nezvazvinozokonzera kumberi, handisi kuside kwako Christina ,
But pasvika nyaya yako pave right ,
Your mom will know about this very soon .

Cee.......aunty ndozviuraya.

Akabva atanga kueredza misodzi.
Mukadzi uya akabva atarisa
Kuna mhamha.

Lady......ndinodzi Grace

ndakamboshanda kumba
kwamai Christina ,
A few years ago .so
Cee akandifonera achikumbira
kuti ndimubatsirei kubvisa
nhumbu ,
I tried kumuudza kuti nhumbu
haibviswe akati kana usingade
ndotsvaga zvimwe .
So mainini vake Mai Matiro
called vachiti itai semunoda
kumubatsira kusvika nyaya
yasvika munzeve dzevanhu

vakuru ,ataura kuti nhumbu ndeyani moudza muridzi wenhumbu.
Because mukamusiya anotoibvisa somewhere.
Ndopandakamuti kuti nhumbu ibve zviri nyore usingazorware zvekupinda muhospital zvakaita Mai Matiro pavakabvisa ,
Unofanira kupihwa permission nambuya vemwana first then kana yabva unosiya mwana

kurudzi kwake ndokuti zvisakunetse. Akamboramba ramba kusvika nhasi hameno kuti azofungei?zvimwe ndiMwari vaita abvume kuuya abatsirwe . Ndosaka tauya kuno naye ,ndinovimba muchamubatsira kusvika anzwisisa .

Mom.......pamati ambuya vemwana kureva kutii?

Lady.......hamenoka mwana wenyu mukomana ku overseas ikoko.?

Ndakaona mom muromo waakuita kubvunda , Vachitadza kugara.

Mom.....Juniour here Cee?

She nodded Ari mumisodzi . Mhamha vakapukuta kumeso several time ,
Hana yangu yakarova I couldn't believe anything she said,
Anodanana na Taa zvinotoziikanwa Chero kucompany kwa Taa and the

other day aive na Dean mutown akatondirambisa. Now aakupomera my little brother nhumbu yake.

Me......she is lying mom,ane vakomana vake vanotoziikanwa even mukabvunza anyone kubasa kwa Patricia.

Mom...... will you keep quiet !!

Me......mukabvuma this cooked up story munenge muchitouraya mwana wenyu Juniour.
Munhu anoswera akavharirirwa muoffice.
She is not a saint sezvamunofunga mom ihure

iri!!!

Ndanga ndaakudedera nehasha
,
Anga azvinyanya Cee
Nyangwe kuda kundirwadzisa
kwacho ,this was too much .
Obvious anga auya
achinyepera kuda kubvisa
nhumbu kuri kutsvaga
attention from my parents .
Nguva iyoyo dad vangu

vakabva vasvika ,
Cee aingopukuta misodzi yake akagara pasofa ipapo.

Dad.......ko mukaita kunge mafiwa wani?

Mom .......ndiyeka mwana wako Junior .

Dad .......aita sei?

Mom.......kurepa hake mwana wevanhu ,now yave mimba .

Dad......saka ?

Mom.......auyaka muroora.

Dad......Cee na Ryan ndiani muhombe?

Me.......ichembere iyi ndambovaudza mhamha ava , Juniour mwana mudiki nekure .

Mom.......kwete nekure iwe ,vanenge vesame year ndizvoka Cee?

She nodded.

Dad........saka anouya kupi ? Tauraka nevabereki vake adzokere Juniour mudiki nekure ,mukadzi wake waanofanira kuroora atori ne

seven years now.

Mom.......nhaiwe isu takasiyana ne two years wani?

Dad.......I married you uine 17 years ,ndiine 22 .

Mom......kana vanhu vachidanana is there any problem ?

Me.......mhamha vane hutongi husingaite dad ,kuda kuti Juniour aroore chembere yakadaro ?

Mom....... Chembere ndiani iwewe na Cee?zvitori nani

panewe wakangogara hauna kana boyfriend ,kana ring yechitsidzo .
Uchatowana masingle father vane vana vaviri vatatu negodo rako iroro.

Ndakabatikana zvakanyanya but ndakaramba ndakashinga , Christina aitonyepera Juniour ,dad vaive kuside kwangu havo

but ndaiziva kuti inonoperera mubedroom mavo . Mangwana vanenge vaaku supporter chembere iyoyo.

Dad.......zvimwe hazviite Clara wadirei kuremedza mwana ,mukadzi anodawo mudiki shaa waunoona sekamwana , Kwete anepfungwa dzatokura kare unomutsiura sei kana ndiwewo?

Mom......dady Juniour akaita birthday muna February ra Cee ririko Kunana November uko . Ndeve same year asi Cee mudiki .
Dai Ari mudiki Juniour aizoita Simba reku repa munhu here ?

Dad.......murume murumeka nhai?

Cee.......kana mati hamukwanise kundibatsira ,ndaakuenda hangu ndonoona zvekuita kumberi ,
But please imbomirai kuudza amai vangu .
You betrayed me aunty ndoziva zvandanga ndichizviitira ,you lied to me

dai ndakabvisa hangu kumwe soo.

Mom.......pano pawauya hauchatobve Cee murume wako anouya soon totaura nyaya nevabereki vako tonzwisisana.
Wangu muzukuru haabviswe.

Dad.......achisiira Chikoro

izvozvo here?

Mom.......ko uyu waasiisa
Chikoro haasi munhu?
Don't be selfish baAngie
vabereki vemwana uyu
vakakubatsira wani pana Angie
.
Dai vasina kudaro waiziva sei
kuti ndozvaari kuita?

Dad.......but this is not fair mummy Juju mudiki.

Mom.....zvapera,
Thank you so much aunty ne plan yenyu yamakaronga na Mai Matiro ,I know her hangu she leant her lesson now vaakudzorawo vamwe .
Christina mwanangu pamba ndepano ,usateerere

zvakawanda ndomapindiro
akaita Mai vako mumba iwaya
,
Neniwo ndakatomborambwa
naamwene naatezvara
,nemazitete iwaya anenge
akurisa asina kuroorwa ,
Murume wacho anga asiri
straight airamba ramba
,ndakatomupinda zvenharo
mumba macho ,but look nhasi
ndiri pano ,
Shingai mwanangu nhumbu

haibviswe ,ndiyewo muzukuru wangu wekutanga .
I am sure Mwari ndovakuputira pfungwa kuti uuye pano ,nedzako chaidzo waisambouya kuzondiudza zvekubvisa nhumbu yemwana wangu .
Now I am going to face your mother ,kutukwa kurohwa kudii zvese ndinogamuchira .
But I assure you everything will be okay.

End of chapter

[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

He changed me completely

Story by Felistas

Contact
0783857336

## Chapter 7

Christina

"Well done"

That was Junior
paakandifonera ndiri kumba
kwevabereki vake,
Hana yangu yakaita
kakubhaguja nemufaro .
Voice rake raindirovesa Hana.

Me...... welldone chii?

Ndainyepera kutsamwa hangu.

Him.....hausikuziva zvawaita?.

Me.......ndaitei ?

Him.......kutambudza amwene vako?

Me......I haven't finished yet . This is just the beginning.

Him.......sorry honey please accept my apologies.

Me.......wakandikanganisa
future yangu,
My mom will be shocked to
death.
Ndoda kuti Mai vako vanzwe
pain ichanzwikwa namai vangu
.
Vachatochema neni chete .

Him......Cee wandinoziva haadaro ,
You're kind hearted .

Me........so you're taking advantage of my kindness?

Him.......no no no sweetheart ,I am not that kind of person who

takes advantage of someone's kindness .

Me........ndiri kunzwa kushaya zvekunyatsokuita Juniour kuti urwadziwe ,but wait and watch.

Him...... I like those smart moves you're taking ,

Very soon you will be my wife zviri pamutemo.

Me....... Uri benzi remunhu.

Him......bye I love you.

Me...... (Ndakaridza tsamwa)

Juniour ndaimuda zvekuperera but ndaive nemareasons akawanda aindidzosera kumashure .

The first reason yaive yezera rake .
Tanga takangoedzana, ndaitofeeler sekuti ndiri kudanana nemwana mudiki kwandiri .
Mazuva andakaziva makore

ake takatombonetsana zvekuda kurambana ,akazondinyengerera ndikamunzwira tsitsi .
The second reason was hushamwari hwema parents edu ,
Vaizozvitambira sei ndaakuda kuroorwa,vaibvuma here?

Pandakazouya kuZim ndikanetsana na Angel mutown

,
Ipapo ndakati  ndanyatsowana solid reason yekumurambira manje .
Ndaida kumurambira sisi vake vasina kukwana.

Day randakasangana na Angel achizoputsa mota yangu, ndaitogadzirira kudzokera kuUK ndiina Dean mwana wasekuru vamhamha vangu vainzi Sekuru Frank.

Dean aitonditsananguririrawo mabatirwo aaiitwa negirl friend yake Angel ,nekumuramba kwaanga azoita. Ndichitomuti "usadaro musikana wako Dean mupe imwe chance uchimuudza zvaunoda nezvausingade". Akatoti "manje munhu wacho haaudzike ndatosiyana naye ".

He was supposed kudzoka

nemota kumba andi dropper ku airport.
Tiri pakati pekutaura
Ndopakasvikawo mhepo yekwa Rukato akatanga kurotomokawo aitofunga kuti maybe ndini new girlfriend ya Dean.
Haana kumbomirira kutsanangurirwa akatotanga kuputsa mota ndikati iri ndoo benzi iri .

From there ndakasiya mota mumaoko ma Dean achigadzirisa isati yaonekwa na dad,ndichibva ndatonobata flight yemanheru yaienda neku SA.
Ndakasvika ku UK the following day atove manheru ndikatambirwa na Junior as usual.
Kumuda ndaimuda but ndaingonzwa kunyara

nekuenzana kwatanga takaita .
Plus mhepo yasisi yaaive nayo
ndakati izvi handizvikwanise.
Iye aitofara hake pasina kana
chaari kumboziva .
Aitoti hee babe ndanga
ndaakutorwara nekukusuwa
what what .

I was quiet all the way
achingotaura iye,
Taakusvika kwedu

ndopandakati rega ndigare ndamuudza ,
Ndanga ndaakuda murume ari mature kundidarika ,kwete Junior wekuti zvese zvandataura anoti ndizvo,kumuti ita chakati anongoita pasina mubvunzo,
Murume anoda anotyisa tyisawo waunoti baba vauya .
Manje Junior aizonyanya kunyengerera kwacho.
Ndakati regai ndimusunungure

atsvagewo musikana atleast ari Kuma form four uko,
Because pandaifunga kuti ndoda kuroorwa iye anenge asati ave ready.
Ndaifunga hangu tiri munzira Juniour achinanaidza mota zvishoma nezvishoma.

Akasviko mira pagate pasekuru vangu (Darlington ) pataigara na Kayden my little brother .

Me...... thanks.

Him.......unotenda murume wako here babie,it's my duty .

Me......you're not yet my husband.

Him.......but very soon...

Me.......I am thinking of quitting this relationship.
It's not working.

Him......Cee usade kundijairira iwewe ,nhasi unoda mangwana haudi ,what do you take me for

?

Me......shaa hanzvadzi yako haina hunhu ,handikwanise hangu kugara netype yakadaro .

Him.......Angie here?

Me......yeah she is a lunatic.

Him.......that what she is handigone kumuchinja.

Me.......kana asingachinje it's better we part ways.

Him......ichiri nyaya yaAngie here Cee?or une zvimwe hako?

Me......yaa inyaya ya Angie..

Him.......usadaro babie ,usandidaro Cee unenge uchitonditambudza babie ,urikuda kuroorwa na Angie here?
She will get married soon ,tozvigarira hedu tega.

Me...... I can't stand the fact that she is your sister your blood and ndikazoita vana vanenge vaina tete vakadaro.

Him.......ndomurasira ani nhai Cee?

Me.......hapana kwaungamurasire and

hazvichinje ngatisiyanei hedu .
Handichadi Juniour .

Ndaitaura kudaro but ndaitorwadziwa nemashoko angu iwayo , Juniour ndaimuda zvekurevesa chaizvo.
Ndakatombodonhedza tumisodzi pandakaona aramba akanyarara.
Shungu dzaindikurira ndaimuda asi relationship

yacho yaitorema,
Kuri kunzi tazoroorana ndaitarisana sei na Angie wandanga ndatuka ?
Obvious marriage yacho yaitorema.
Akamutsa mota ndikafunga kuti Ari kuda kupinda neni mukati.

Me .....drop me here Junior ,sekuru vangu varipo nhasi

hazviite mushe.

Akaramba akanyarara ndikaona uyo akonesa mota kudzokera kwatabva.

Me.......hanziiko nhai?

Ndakabvunza hangu but there was no answer.

Tati fambe fambe ndakaona atora nzira yekumba kwake .

Me ....... Junior handizvide wanzwa?
Usatambe nezvisina basa.

He didn't answer.
Takanosvika pamba pacho ndikati handiburuke ndoda kuona kuti anoita sei?

Ndaifunga kuti ne age yake hapana zvaaigona kundiita . Akaburuka akauya nekuside kwangu akavhura door.

Him.....buruka.

Me.......handisikuda .

Ndakangobatwa makumbo nepamusana apa ndikatakurwa

kunge kapepa chaiko,
Haana kundiisa pasi kusvika padoor,
Akaknocker negumbo friend yake yaaigara nayo ikavhura. Tichipinda friend yacho ichibuda door richibva rakiiwa .

Me......nhaiwe Juniour?

Haana kupindura ,akangobvisa jacket rake akakanda pasofa,
Achibva auya pandanga ndakamira ,
Hana yanga yaakurova manje.

Him......huya kuno tione .

Anga andibata ruoko .

Me.......what are you trying to do ?

Akandisimudza again akaenda neni mubedroom mavo akandikanda pabed ,ndikaziva kuti patoipa.
Ini hangu ndaitya Mwari hupombwe ndaisatomboda hangu .

Me...... Junior ukwane iwewe ,wapindwa neiko ndiwe wega watanga kurambwa here?

Haana kumbonditeerera akabvisa t shirt yake akakanda kure ,achibva abvisa jean trouser ,
Ndakamhanya ndikanomira nechekumadziro.
Akauya akandidhonza nekundikanda pabed.

Me....... Junior please try to understand .

Haana kumboteerera akangonanga kudambura skin jean rangu kubva nechepa zip apa kuradanura kunge munhu agarwa nemweya yakaipa. Akatanga kufambisa maoko ake padumbu pangu zvishoma

nezvishoma.
Ndakaona kuti I still have the chance to ask for forgiveness .

Me..... Juniour I love you ,ndandichitamba hangu pane zvandanga ndichitester please let me go .Inga takawiririrana kuti tozozviita tachata wani?

Him........handichakude Cee.

Me......so why are you doing this to me?

Him......Revenge.

Ndakamboedza kuda kushandisa tusimba tushoma

twandaive natwo but kwaitove kuda kudhonza tractor ne motorbike chaiko.
And ndaitozvikuvadzisa because munhu wacho anga asisina tsitsi.
Akaita zvaakaita ndakangopfavirira kuti apedze hake .
Mazamu aya aiitakupwanya zvinorwadza chaizvo zvisina kana tsitsi.
Aiita zvaanonzwa kuda

chaizvo ,i didn't know kuti Junior was that evil .
Apedza akasiya ndakadaro akabuda akaenda .
Ndakashingirira kumuka ndikaenda kubathroom ndichinyatsonzwa kuti nyama dziri kurwadza but ndanga ndaamunhu mukuru hangu hapana pandaizoramba ndakarara .
Ndakangozvidira dira tumvura ndikadzoka ndikarara .

Mai vangu na baba vangu vaivimba neni,
Vaitarisira muchato kubva kwandiri and dad vangu vaibva vatoti obvious Cee anotochata .
Mainini Cynthia ndovaitamba havo vachiti "imbwa nyoro idzii ,Mary akashooter mafirimu ake nekunyarara ikoko wani?"

Mhamha vaibva vati,"Cee haana kupusa saMary ka?" Apa vaizotii manje ? Vainyarirepi havo?

Kunze kwakaedza pfungwa dzichingo pishana pishana , Hope dzakabva dzaita manyemwe kundibata kwachena kudaro .

"Mukai ambhuya maakuda ku

cleanwa muno"

Ndi Junior aideedzera ndikatovhunduka ndichibva ndamuka .
Akandikandira hembe dzangu dzimwe dzaanga atora kumota .

Me......you're a monster Junior.

Him......I can be more than that
ukada kundiita munhu wako .
Do you think you can use me
and dumb me just like that?
Uri ani wakamira saani?
Hee Junior come and pick me
ndomhanya iwee,
Juniour can you please buy me
an ice cream ndiri kutsva ,
Ndomhanya futi,
Juniour uri mwana mudiki
hazvichaite kuti tidanane

,ndopfugama nemabvi
kukumbira kudiwa .
Juniour please do this for me
ndichiita zvese ,but handina
kana one day randakapihwa
kiss kana kubata zamu haro.
Hautode kana kugumhwa neni
Christina .
Saka rudo rwacho rwaive papi
?
Ini ndini ndisina ropa
,handirwadziwe handiti ?
Now you want me to kill my

only sister?
Handiti ndozvauri kuda?

Ndakaramba ndakanyarara ndikapfeka hembe dzangu hangu ,
Ndakabuda iye akateera achibva andivhurira door remota ndikatora zvinhu zvangu ,zvese zvandanga ndabva nazvo kumusha

ndichiigira gogo Jennifer na sekuru Darlington. Ndakadhonza monarch rangu ndichibva pamba paigara Juniour .

Ndave pagate ndakafonera tax ndikatakurwa kuenda kumba . Ndakazviudza kuti ndopaperera zvangu na Junior ,next time I was going to be more careful kana ndaakuita zvevakomana ava.

Ndakatambirwa zvakanaka na gogo vangu ,
Vaive murungu havo but Shona vaiiziva yese zvayo thank God havana zvavakaona pandiri.
Ndakaswera ndisina kumboratidza kuti ndakaremerwa ,ndakazonochemera muroom mangu ndaakurara .
I decided to call my best friend Taa ndikamuudzawo

zvaindiremera.

Taa.....Cee ndaiti wakangwara ini,ungarambe murume manheru muri two chete? And kamurambiro kacho manje ?

Me......ndaifunga kuti haandikunde Simba ini.

Taa.....iiih shaa usadaro ? Chero kahanzvadzi kako Kayden kanotokurova ukafa ,murume murume plus boys dzinoenda ku gym kaidzi,ndakambomuona ku.....

Me......hoo nhai? Because mabatiro acho ummm panga pakaipa .

Taa.......(laughing) wakagonekwa waizvinyanya Cee ,waitova neka puppy kako kapaya? ,kaunoti come ,now go...

Me......Taa uri kutodaro hako ndiri kurwadziwa ini , Ndicharoorwa Nani nhai anozvibvuma ndisisiri virgin?

Taa.....na Judza kaiyeye .

Me......handichamude Taa.

Taa........unomuda ,infact munodanana but ishungu chete dzichiri kubvira,
Besides mazuvaano hakuchisina mhandara ndiani wawakambonzwa akaroora

mhandara ?
Bvunza Chero sekuru vako
kuti gogo makawana vari sei ?

Me......pfutseke, zvinobvunzwa
here ?

Taa.......what I am trying to say
is hazvichashamise kuroora
mukadzi asiri virgin.
Ne age yako iyo I am surprised

kuti wanga uchiri virgin Christina.

Me......saka iwewe ukawana asiri virgin unoroora here?

Taa ......ko ndotadza nei ? Kuvhura munhu kunotorwadza Cee unotopinda busy kana kutomborwadziwa futi ,hazvichisina basa zviya chero

ane mwana ndoda ini.

Me.......ibvaapa saka chiri kukutadzisa kuroora chii nhai Taa ?
Uchafa nechirwere iwe !

Taa.......shaa zvekunzi daddy dady handisati ndaakuda that's the truth .
Ndongoda izvozvi zvana

Junior zvekungo pisa tichienda.

Me.......uri kudaro hako Taa but ndiri kurwadziwa .

Taa......ok I will come and pick you tomorrow umbofurwa nemhepo .

The following day he came

akandipawo hope yekuti zvinoita ,ndakati handina kana wandinoudza for now ,but mukomana achandinyenga ndotogara ndamuudza .

Ndakapedza a month ndichienda kuchikoro hangu , sometimes ndaitorwa na Taa hangu tonoswera tichifurwa nemhepo ondiendesa kumba hakuna anga asingamuzive kumba kwedu and munhu wese

aimufarira sagogo Jenny vaibva vati ndoda kuti uroorwe na Taa hangu ,neniwo ndaitodawo but it was impossible Taa anga asingade kana kuzvinzwa,Nyangwe brother yangu Kayden aifarira Taa zvisingaite..

One day I saw Juniour achitoenda pane kamwe ka restaurant akabatana maoko nemusikana wake .

Ndakanzwa pain yakandibaya pamoyo chaipo kunosvika pakadzika dzika.

Taa.....Juniour aita move on ,you better move on . Usarambe wakangobatirira find someone anokuda Cee.

Me......ndoita move on nani nhai?

Taa......choose pavakomana vanokuda ivavo .

Me.......vakawanda but hapana wandinoda .

Taa......saka ndotaura naye here Junior mudzokerane?

Me......ibva wasiira ipapo zva Junior ndakatosiyana nazvo . Handichadi kana kuzvinzwa.

Ndakangotaurawo hangu but moyo wairwadza .

Taa......unoita seni wandatoramba ndatoramba handidzoke kumashure .
But na Junior

mainyatsoenderana.

Taa aingoita kuti ndinzwe zvirinani always he was my best best friend ndaisada kutombomushaya hangu. Ndakazorwadziwa akabva azonzi aende  ku Hong Kong for  business na dad vake. Ndikambosara ndakasurukirwa, Ndopandakazonyengwawo ne

one of Taa's friends ainzi Suceed. Iyeye anga ari bhoo hake aive munhu anonamata . Ndakamubvuma papera two weeks ndichimbomuongorora . But this time ndanga ndati ngwarei hangu ,ndanga ndaakuvaziva vakomana ava .

End of chapter
[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: *Onsale*

He changed me completely.

Story by Felistas

Contact
0783857336

# Chapter 8

Succeed ndakati ndomuudza kuti handisisiri musikana kana aakuda kutora imwe step.
Like engagement kana kuroora , airatidza kuti ari serious hake plus angaa mature.

Days passed musi waidzoka Taa takaenda kuairport nefriend yake iya kunomumirira,
Ndaida kumu surpriser ne new boyfriend yangu.
Ndaiziva hangu kuti aizofara kuona kuti ndaita move on.
Tichisvika paairport takabva tasangana na Juniour atori nekamusikana kaya vakapfuura nepadhuze nesu kana kumboti mhoresa ,Ndakangoti  pamwe

dai ndaive na Taa aigona kumira because vaizivana . Ndakatarisa kuside ndikati "Mwari ndimi munoziva kana ari wangu achave wangu achadzoka "

Vakanomira nechekure vachitaura nyaya dzavo vachiseka .
Ndanga ndisisato teerere nyaya dza Succeed ,ndangotarisa Junior na bae wake vaidanana

havo .
And Junior anga asina kumbochinja hunhu hwake ,anga asingaite zvekubata bata munhu kana kupa tuma kiss pa public.
Anga akangomira hake akapeta maoko ,kamusikana kacho kachitaura kachiseka iye aingooneka ku smiler chete. I Yanga iri perfect couple chaiyo ,musikana airatidza kuti mudiki Kuna Junior at least

anga aita move on achiita zvine musoro .

Pakadeedzerwa flight yavo ,
They hugged for a while ,
Ndakanzwa bundu richikwira kubva pamoyo richinoti ndii pahuro ,
Kana paine munhu waunoda ndopaunoona kuti rudo rwunorwadza .
Ndanga ndaakuona kukosha kwaJuniour manje ,nekudzama

kwerudo rwangu kwaari.
Musikana akaenda Juniour achibva atonyangadika.
Godo Riya rairamba kubva pahuro pangu ,zvekuti ndakatanga kupererwa nemweya wekufema
Kusvika ndagara pasi.

"Are you okay"

Ndi Succeed anga achonjomara pamberi pangu.

Me...... yeah I am fine.

Succeed......you're not fine Christina.

Me......I am fine.

Ndakadaro ndichiedza

kuzvisimbisa kuti ndisimuke . But ndakabva ndatodonha chaiko ndikatomboona rima. Ndakaendwa neni panearby hospital ndikaitwa matests ese , Ndikawanikwa ndiine nhumbu ine 8 weeks .
Lucky doctor wacho haana kutaura Succeed arimo ,ndakakumbirisa kuti vambomire kumuudza.

Ndakanyatsoona train

yehupenyu hwangu ichimira kuti tsvii kutoshaya kana kwekuenda nako.
Chikoro ndanga ndisati ndapedza ,mukomana wacho anga asisandide.

Ndakabata kumeso ndikadzungudza musoro ,
Kuita mwana asina baba ?
Obvious Junior anga atoramba ,and aitozoramba.
Ndakavhara maziso ndikaona

mai vangu vachichema
zvinosiririsa vakagara pasofa
vakabata musoro,
dad vakaisa maoko muhomwe
vakatarisa mudenga kuri
kudzosa misodzi .
Nhai Mwari ko ndakavarairwa
Seiko pandakasangana na
Junior pacho,handiti dai
ndakadzivirira?
Chii chakandibata kuti
ndisaende kuchipatara ?
Kuda kwenyu here Mwari?

Kana kuri kuda kwenyu bva Juniour wacho ngaadzokeka ndimuudzewo mamiriro aita zvinhu.

Paisada kana Taa kana ani ndanga ndakatombopindwa nemweya wekubvisa chaiko. But mabvisiro acho ndiwo anga onetsa,
Kuenda Kuna any doctor ikoko ,ndaiswera ndabatwa na Taa

kuti ndozvandiri kuita .
Ma doctors ekuZimbabwe Dad kana Bamunini Bee vanoswera vazviziva.
Mushonga wechibhoyi ndowaigona kuita but nemarwariro akaita mainini Mary mazuva avakabvisa handipone.

Moyo wangu wakatondiudza kuti this is not right .
Chaitove chivi chakaipa Kuna

Mwari ,ko ndikazotadza kuzvara zvachose,
Ndakaona kuti ndai blamer hangu mainini vangu pavakambobvisa asi kwaitove kupererwa chaiko.
Mari yechikoro yanga yabuadharwa yese ,accomodation food zvese dad vaigadzirisa chandaishaya hapana.

I needed someone asiri Taa anondiudza kuti bvisa nhumbu kana kuti regera, achindisimbisa pa decision yandinenge ndatora .

Pandakabuda Suceed ndakangomuti i headache nothing more iyewo haana kumboita basa nezvakawanda airatidza kuve worried . Ndakabva ipapo ndikatonanga kumba ,

Kumba kwacho kwanga kusina munhu gogo Jane na Kayden vanga vabuda vaenda for shopping.

Ndaiona sekuti kuenda kuZimbabwe ndonoona mainini Mary kurinani ,she experienced a lot mu life ,maybe she can help kuti ndodini?
Pakadzoka gogo na Kayden ndanga ndatozvigezera

ndaakubika zvemanhereru. Lucky nhumbu yacho yaisasema anything ndaingovewo munhu ari normal .

Gogo Jenny......auya here Taa?

Me .......I don't know ndazobvapo ndaakumhanya.

Gogo.....why?

Me......ndiri kuda kuenda kuAfrica tommorow ,

Gogo........kunei?

Me.......pane zvandinoda kuziva ikoko.

Gogo......ok but ....

Me......but what?

Gogo......it's nothing .

Vaisamboita nharo neni

dzinoenda Kure ,even my dad trusted me zvekuti Chero ndikati ndoda kuita chipi nechipi vaisamboramba. Ndakarara ndabooker flight ye the following day .

Ndakabudirira kuenda kuZimbabwe pasina problem , I went to a hotel ndikafonera Mai Mumu munin'ina wamhamha vangu .

Ndivo vaigona kundiudza kuipa kana kunaka kwekubvisa nhumbu.
Pandakavafonera she was happy.

Mai Mumu......Hii Cee wakauya riini?

Me......ndasvika nhasi .

Mai Mumu......apa uri kupi? Unotouya kuzondiona mangwana.

Me....,. I can't mainini. ndine nyaya yangu but handisikuda kuti ana mhamha vazive kuti ndiri muno.
Please.

Mai Mumu......Dad vako hausati wavaziva Cee vanotozviziva kuti uri muno Chero usingade kuti  vazive. Ba Mufaro varikuno mazuvaano apa kababy kachiri kacheche ndofamba sei nako?

Me.....ok I don't have time tongotaura paphone ipapa. It's true dad vanogona kundiona ndisati ndagadzirisa

zvinhu.
Ndoda kudzokera the day after tomorrow.

Mai Mumu.....ok what is it?.

Me......vari kure here bamunini?

Mai Mumu......vari around but

munomu mandiri havamo.

Me ......nhumbu inobviswa sei?

I guess she was shocked ,vakatora time vasina kupindura .

Mai mumu.......why wabvunza

Cee?

Me......ndoda kubvisawo .

Mai Mumu....ita mushe iwe ,nhumbu?

Me ......yes.

Mai Mumu ......ok fine I will send someone anokuudza recipe yacho.

Me.....no no no mainini musatomboite dzungu rekuudza mhamha kana bamunini ,.
I am just joking .

Mai Mumu .....Christina wandinoziva haaite nhumbu isina muchato pamberi ,
and Taa munhu kwaye haadimbudzire.

Me.......vanhu zvaTaa makazviwanepi nhaimi?

Mai Mumu.......vanodanana

vanongooneka ,
Chero mukati tiri mafriends .

Me .......you won't understand yaTaa tomboisiya .
Mainini ndimi munhu akandisunungukira and I know you can help me kusvika ndasvika pandiri kuda.
Nhumbu ndinayo mainini and muridzi wenhumbu ndinomuda

though yakaita zvekundimanikidza kuita nhumbu yacho .

Mai Mumu......saka problem iri papi?.
Unongoroorwa nhumbu isati yaonekwa mochata ,yakurisa here nhumbu yacho?

I explained everything nekurambana kwatakaita na Juniour and she felt sorry for me .
I told her the only option yandaive nayo yaive yekubvisa nhumbu ndoenda kuchikoro , zvinhu zvodzoka kuita normal mhamha vangu hapana chinozovarwadza ,
Dad vangu havazonyare neni.

Mai Mumu...... Kubvisa nhumbu kunoita sekunoita kuti zvinhu zvive nyore but sometimes kunotoomesa zvinhu worse ,
Nhasi uno ndinodemba kuti why ndakabvisa nhumbu ,Bee kunyarara hake but zvakamurwadza anogara achitaura kuti kurepwa haisi mhosva yemwana Ari mudumbu mwana anekodzero yekuve panyika zvisinei nekuti

ndewe rape, but nerimwe side dai ndisina kubvisa tichiri kungonetsana na Max nenyaya yevana .
But iwewe situation yako iri nani mukomana wako unomuda ,
Nyangwe hapo Paine kakunetsana karipo munogadzirisana.

Me....... Ndakatorambwa

mainini , besides mukomana wacho mudiki ndodii nhai?

Mai Mumu.......
Wakambomuudza here?

Me ...... Ndiri kutoshaya pekutangira ndakapedzisira kutaura naye musi watarara tese .

Mai Mumu ...... I think enda kuvabereki vemukomana onotaura nyaya yako first .

Me....... Ndosvika sei Mai Mumu?ndichitii?

Mai Mumu......totsvaga plan

dear ,wotovaudza kuti mwana wenyu akandi raper apa ndisati ndapedza chikoro .
Unotsvaga zvekutaura toita plan.

Ndopatakazoita plan yekutsvaga munhu anoenda neni.
Ndaingoitawo but ndainyatso feeler kuti handisisiri Cee wamai Cee wavaivimba naye .

Mai va Juniour Havana kumbonetsa kunzwisisa , Tete na baba ndovaitoramba but atleast ndanga ndapinda mumba mababa vemwana wangu .
Ndakazoona mhamha (amwene)
Vaakuya vachindipa phone yavo taakutorara vachibva vambobuda,
ndopandainzi welldone na Junior .

After talking to Juniour ndakatombonzwawo zviri nani. Atleast anga achiri kundida hake.

Later amai vemurume vakazouya kuzotora phone yavo ,
Vaingotura befu padiki padiki.

Mom.......handina kumbofunga kuti Juniour angadai ?

Yaive shuviro yangu kuti uite mwana wepano Cee but kwete nenzira iyi .
Anga apindwa nemweya upi nhai ?

Ndakaramba ndakanyarara ndaitiwo chii hangu?

Mom .......Gore rino ndinotorohwa hangu namai

Cee ,
And vacharwadziwa zvisingaite Juniour anoiteiko ?
.

Vakambobata shaya vachitarisa ceiling.

Mom.......ah hameno, anouya achizvimiririra ega ,ndatomuti mangwana chaiye uuye hako

upedze nyaya dzako .

Ndakapotsa kuburitsa smile ndakatariswa naamwene , Ndanga ndaakunyatsoona value yaJuju asisipo kudai . I couldn't wait kuti asvike .

The following day takamukira kuita 6basa na aunty Grace sevaroora ,Kuma ten ten vakabva vaenda havo ,mhamha

havana kutoenda kubasa vakaswera vakadzima phone yavo.
Ndofunga vaitya kufonerwa na mhamha vangu vachibvunzwa yekusauya kubata.
Y
Tete vakaswera vakaita kufuta kunge datya kana kumboda kutaura neni havo , ndakangotiwo hameno ndaigodiiwo ndatove nenhumbu yehanzvadzi yake .

Later takatogara panze namhamha vachindibvunzawo a few questions,
Pakapinda kamota ke blue kakaparker.

Hana yangu yakarova muchiburuka kamusikana kaive na Junior kuairport musi wandaimirira Taa ,
Aitosekerera hake achiuya ,
Mhamha vakaramba vakarelaxer vanenge

vaitozivana havo .
After kumhoresana akabva agara hake pake ega.

Mom.......ko mhamha vako vasarepi?

Vaibvunza musikana uya ndakabva ndaziva kuti vane hukama .

"Saka maitivhara ku airport musi uya muchizivana henyu?"

Akadaro akanditarisa.

Mom.....ndozvandabvunza here Anashe ?

Hoo ainzi Anashe nhai ?

Ana......mhamha vaenda kunotora gogo kufarm first .

Mom......iwewe ndiwe waifanira kunotora gogo .

Ana......ko sisi Angie ?

Mom......aakutoita kunge agarwa nemweya wakaipa ,akazvivuarira muroom make kana kudya haana .

Ana......ok let me go and see her,welcome home makoti .

Akabva atoenda.

Mom......mwana wemutwin wangu akaroorwa nemunin'ina waba Angie .
Nditete venyu muroora.

Me. .....Tafara nekuvaziva .

Mom......vamwe vari kuuya havo uchavaona

,vakasununguka zvekuti hameno Angie iyeyu apindwa nemweya upi?

End of chapter

[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

# He changed me completely.

Story by Felistas

Contact
0783857336

# Chapter 8

I was defeated left right and center nemunhu aizviti Christina uyu .
Panga pasisina kana pandaizomubatira .
Ndaifunga kuti Juju paachafonerwa
Acharamba nhumbu but

akatoratidza kanenge kakufara chaizvo.
Anga akatozvipipira kuripira matadzo ake .
Vanhu vese vaiuya pamba vairatidza kufarira muroora mutsva kana kumbozviona kuti yave chembere makoti wacho.
Ana gogo ,mainini na bamunini vaiita kupembera, dad vakapedzisira vatove kuside kwevamwe vaakutomirira Juniour wacho

auye vaone kuti zvofambiswa sei ?

The following day I found out kuti vabereki va Cee hapana chavanga vachiziva .
And ana dad vaida kuita chitsotsi chekuti Cee aroorwe Oita seasina kumbotizira .
Ndakatsvaga number dzamai vake ndikadziwana ndanga ndafunga imwe plan ndaida

kuti Mai va Cee vamboeredzewo misodzi yeshungu. Ndakashandisa landline yedu pakufona.

"Mrs M Kachuru speaking hello"

Me......hello mhamha.

Mai Cee......who is this ?

Me.......ndi Angie....
,Angel Rukato.

Mai Cee......hesi mwanangu uri sei?

Me.......I am not fine ,Mom is not feeling well so she was

asking if you can come and see her.

Mai Cee......ok ndosaka vasina kuuya kubasa nezuro nhai?apa phone yakadzimwa.
Vari kunzwei?

Me.......hazvisi kunyatsonzwisisika .
Pamwe mukauya moudzwa

,vakangouna una.

Mai Cee.......ok ndouya namai Josh very soon.

Me...... I will be waiting for you .

Mai Cee......ok fine

mavaendesa kuchipatara here?

Me.......no doctor ambouya akavatarisa kuno kumba .(I lied)

Mai Cee......ok don't worry ndosvikako manje manje.

I smiled ndichiisa phone pasi .

Ana dad vaiita meeting yekuona kuti vosvika sei kwana atezvara ,
Mhamha wo vaive vakagara namainini ,tete na Gogo kudinining .
Good for nothing makoti aive na Anashe kamunin'ina kangu kaive form six
Vari kukitchen .
Junior anga aenda kunotorwa kuairport .

Ndakabuda hangu ndikanomira necheku gate ndichiita sendinomirira Juniour izvo ndaimirira muenzi wangu.

Mota yamai Cee ichingopinda , Yanga yanotorawo Junior ichibva yateera .
Ndakati Mwari muriko ndozvandaida chaizvo .
Ndaida kumunyadzisa pane

vanhu vese Christina Mai vake varipo vakatarisa.

Ndakanovatambira kumota kwavo ,
Vaitove namai Josh vacho .

Mai Cee......kana wandinyepera Angie ndoda kukurova .

Me......ndichimbonyeperei

hangu?

Mai Cee......mawandiro aita mota panofanira kunge Paine kafunction or something ,kwete hurwere .

Me.......no mhamha vari kurwara zveshuwa.

Mai Josh......munhu ana Mai vari kurwara anosekerera here ?

Me.......ndodiiko ?;ndochema here?

Mai Cee......manje ini ndorova kana wandideedzera zvisina basa Angel.

Me......ndatokudeedzerai zvine basa manje.

Ndakadaro taakupinda mumba
,
Ana mhamha vanga vakagara kudinining ,vanga vasina kuzosimuka..
Ana dad ndivo vaive kulounge
.
Tichipinda hapana akationa

vanhu vakatozotiona pakanzi namai Cee.

"Angie ndoda kukurova ,haungandisiyise basa randiinaro uchindideedzera zvisina basa"

Vakadaro vachitoseka.

Mai Josh.......nhai henyu munhu arikutoseka ndiye wauri kuti murwere ?

Ndakaona masmile achifader zvishoma nezvishoma kumaface evanhu vaive mumba ,
Vanhu vakaita kunge vanaiwa vese nguva diki diki iyoyo.
Anashe akabva abudawo achidhonza Cee nguva iyoyo

,zvinhu zvangu zvichibva zvanyatsonangana chaiko , Changa chasara kuti Junior wacho apinde mumba, Ndinyatsovhure magwaro emwanasikana Christina Kachuru Mai vake varipo newaaiiti murume.

Cee paakaona Mai vake akarohwa nehana zvekuda kutodonha chaiko ,akazobatwa

na Anashe akagariswa pachair
,
Ndiye ega aive neka zambia ndofunga Mai vacho vakabva vangoziva zvazvaireva.
Mumba makambotora dzinenge 30 mins munhu ne munhu achiedza kufunga kuti chii chaitika .

Mai Cee.......Christina ndiwe here uri kuno?or ndiri kutadza

kuona.?

Hameno kuti akadaira here kana kuti haana because akaramba akataikitsira.

Mai Cee......chii chiri kuitika pano nhai ?
I am completely lost .

Me.......tiri kupemberera muroora akatizira nezuro . Christina Kachuru akatizira mwana mudiki kwaari Ryan Junior Rukato.

Mai Cee.......ndizvo here Christina?

Cee wacho akapindura nemisodzi.

Mai Cee.......hauna muromo here Cee?

Cee.......ndizvo mhamha .

Mai Cee vakaramba vakatarisa mwana wavo zvekusambwaira kana ziso.
Vakatora dzinenge 5 minutes

vakangotarisa chete.

"It's my fault ,I forced her please forgive..
.....

Hameno kuti Junior anga apindawo nguvai aakuda kunatsa natsa.
Mai Cee vaka simudza ruoko kuratidza  kusada kunzwa,

Juniour wacho akabva angonyarara kuti zii.

Mai Cee vakatura befu vakabva vatendeuka vakanditarisa .

"Kana muri kupemberera muroora wenyu zvinei neni? Wandideedzerei kuno?"

Ndakatadza kupindura serious yacho yanga yakarohwa ipapo ndaigona kudirwa mbama svinu chaiyo.

Mai Cee...... Next time ....,ndati next time...(vaiita kubvunda nehasha) ukazviita izvi ,ndinokurova zvekuti hauzombode kana kundiona wanzwa?
Handitambe newe. handidi

kujairirwa kusvika ipapo .

Vakatendeuka vakafambisa kubuda ,Mai Josh vachiteerawo .
Ndaifunga kuti vachadhonzana nebenzi ravo kaini?

Cee...... mom I am sorry,handina kuita nekuda believe me .....

Mai Cee Havana kana kucheuka ,vakaramba vachienda chete .Cee anga aakuda kuteera akabatwa ruoko nagogo vangu , Vakaenda naye kulounge vakambogara kusvika shungu dzake dzekuchema dzapera . Tese takaenda kunogara kumasofa ikoko ndokwaive nana dad.

Vanhu vese vaingonditarisa nyadzi dzanga dzaakuita dzichindibatawo.

Dad......chii chaitika Angel?

Me......papi dad?

Dad......Mai Kachuru vauya sei

pano?

Me.......nda..nda...nda va fonera kuti mhamha vari kurwara.

Dad.......ndinokuuraya nekukurova Angel ,what's wrong with you? Waakupenga here tikuendese kumapenzi uko huh!

Gogo......chirega kudaro ba Angie zvaitika zvaitika .

Dad......hazviitwe nemunhu akakwana izvi amai.

Mom.......akarerwa zvisirizvo uyu ,hee siyai vana ,hee siyai vana ezvino kunyadziswa

nemukadzi mukuru akadai
kana kusakwana kwacho!

Me......sorry mhamha.

Mom.......wanga uchifungei
nhaiwe ? Wanga uchida kuti
zvizodii?
Ko dai pamuka Hondo waiita
sei?
Chinangwa chako changa chiri

chekuti  zvizodii nhai
Angel?uri mwana mudiki here
iwe ?

Dad ......mangwana anoda
kuendwa naye kunoongororwa
pfungwa uyu .
Because age yake nezvaanoita
hazvienderane.

Ndakanyatsoona kuti yaa

vanhu vagumbuka zveshuwa .
Ndaiti ndikatarisa Junior anga Ari mwana mudiki chaiye , Kozoti mukadzi wacho chembere yekwaani ?
Apa anga apfuura nemunana Dean ana Taa , ndiani aiziva kuti nhumbu ndeya Juniour zveshuwa.
Ko izvo zvirwere ,ndakati ndotoshingirira chete kubudisa chokwadi chembuya iyi.

Me....... Dad I am sorry but ndazviita nekuda kwaJuniour , Mukadzi uyu mukuru Kuna Juniour dad, ndafunga kuti Mai vacho vachaonawo kuti hazviite vakatora mwana wavo ,but it seems ndovakatuma mwana wavo kuno.

Mhamha vakanyatsonditarisa

kuti ndee vachiratidza kunzwa hasha .

Mom........ Junior ndewe muna February , Christina November saka ndiani mukuru .

Me........ Vanoziva difference inofanira kuvapo vatozvinzwa kuti ndiani muhombe .

Gogo.......wapindwa neiko nhai sazita wangu ,ko zvawaingove munhu kwaye wani?

Mom.......zvakangotanga mazuva aaiita kunge benzi mutown achitorwa mavedio nevanhu.

Bamunini Trevor ......I think

anga a joiner bad company or aakushandisa madrugs because Angel watinoziva haadaro .
She was sweet and calm.

Junior .......manga musingamuzive chete ,now ndopaakubuditsa matrue colours ake .
Ndiye Angie wandinoziva manje uyu .
Endai munobvunza kuchikoro

kwataidzidza vanomuziva ,kubva Kuma teacher zvese nevakadzidza Gore ratakadzidza they know her .

Me.......call me anything you want , hongu kuchikoro ndaisanzwa nanhasi handina hunhu ,but handingasiye hanzvadzi yangu ichitora mvemve renyika .
Pane anonyatsomuziva here

Christina uyu ?

Mom.......hatisikuda kupedzerwa nguva nezvisina basa,
Kumuziva kana kusamuziva zvine basa rei?

Juniour.......musiyei mhamha abvunze apedze shungu ,

Christina ndinomuziva wese Angie.
Hapana chaunondiudza nezvake .

Me.......anonzi Dean unomuziva here Junior?

Juniour........yes I know him .

Me.......chii Kuna Christina?

Junior .......usapedzere vanhu nguva Angie ,kana wakarambwa na Dean wakarambirwa hunhu hwako , Akatondiudza akati tsano jira renyu rakurisa handirigone .

Me ......ndobva adanana na Cee

ka?

Junior.......anodanana nemuzukuru wake kuti zviite sei ?
Gogo va Christina Mai vamai vake ,na sekuru va Dean baba va baba vake ihanzvadzi nehandzvadzi zvakangoita inini newe ,
Saka muzukuru wangu angadanane nemuzukuru

wako?

Ndakabwaira maziso kasingaperi .

Me......vamwe vanodanana .

Junior .......not Christina .

Me......ko na Taa waanovharirana naye muoffice .

Junior.......even mubedroom vakavharirana handina kana basa nazvo ,
Taa ndivo tsano vangu vekutanga ,hanzvadzi yaChristina anomira naye pazvinooma ndoyatinoti true friend and haambofa akachiva

Christina.
Ndiye akatoita kuti ndidiwe na Cee uyu.

Me......munhu wako anozviwanza iyeyu Pamwe Soo nhumbu haisi yako .

Junior.......Chero ikasava yangu ndomuda akadaro .

Me....... Ana Junior imboitai henyu , muchati mochema nemunhu wenyu uyu .

Vanhu vakapedzisira vaakutondiseka ,ndaakunyara kunge dzisimo,
Zvakabva zvandiwedzera ruvengo Kuna Cee.

Mai Anashe....... Taparirwa imwe kunosvikika here kwaasahwira vako Mai Angie.?

Mom....... Haa na Mercy hapabude chakanaka .

Dad.....
Tanga tafunga kutika pamuviri zvapasati pabuda ,
Cee omboenda kwatete , totokumbira date riri padyo rekuroora , vochata mwedzi uri kuteera zvinozobuda zvaizobuda hazvo tagadzirisa apa ,
Zvino hameno kuti todii vana amai ,ndimika makabereka mhepo idzi .

Mom.......hamenoka kutongotuma munyai kutsvakirai kuno todii?

Bamunini Trevor .......kunoenda Ani ane hushingi.?
Baba vanogona kunzwisisa asi pana amai apa pakaoma .

Dad.......Kachuru akanyarara but anotsamwa ,zvekutotyisaChaiko seapa mwana akaitwa zvekurepwa Soo? haa panofiwa .

Junior.......ndotongoenda inini hangu dad ,kana vachida kuti ndisungwe ndosungwa hangu hazvina mhosva ,
Ndini ndakavatadzira ,

Bamunini Trevor.....sewe hako mupari wemhosva hameno hako unonofa kuuraiwa chaiko ,nemari dzatanzwa dzanga dzabhadharwa kuchikoro ?.

Ndakabuda ndikaenda kuroom kwangu , ndikanofonera Patricia .

Pat....... hello Angie long time .

Angie....... Shaa maone , kahure kaya kari pano katizira Junior shaa.

Pat....... Taura zviri straight Angie , kahure kapi?tine kahure katinoziva tese here?

Me....... Kekuvharirana na boss wenyu muoffice Kaye .

Pat ...... Taura zvaunoziva iwe uchatidzingisa basa pano , Haadanane na Taa uyo musikana waTaa chaiye chaiye ndakazomuona vakatouya kuno kuZim vese nezuro

vaitove pano,
Inga Junior apinda , awana miss universe vake .
Kkkk achazvara chimwana chakanaka satete vacho.

Me ......Pat ukwane ,uri kuto supporter zvakadaro?

Pat......Christina munhu bhoo

manje aiti akasvika pano anga asingasarudze munhu wekutaura naye kubva kune veku security aimhoresa, Uchengete mwana bhoo iwe.

Akabva amboseka seka . Ndakatoona kuti zvadhakwa ,Pat wacho aitove kuside kwa Cee.

Me.......kuri sei kumba kwako ?

Pat.....kuri bhoo kutongoneteswa nevari mudumbu ava shaa. Uchazvionawo kana watakura mimba.

Me......inonetsei mimba?

Pat......bvunza Kundie,
Ko ndakazokuudzeiko? Kundie atove nekadumbuka ,akatozoroorwa zvekumhanya mhanya muface aakutya mhosva ,but vari kuchata next month nhumbu isati yanyatsoonekwa .

Ndakanyatsoona rima kuti tiba

kumeso ndichibva ndasiya phone pabed,
Junior mudiki kwandiri aroora ,Pat akaroorwa ,now Kundie aane nhumbu .
Apa inini handina kana boyfriend .
Ndakasimuka ndikanomira pa mirror re wadrope ,

"Ko zvandakanaka wani nhai?"

Mazamu ndaive nawo two

akanyatsomira kuti twii,kabody kangu kanga kari bhoo .
" What's wrong with me ?"

Ndakazvikanda pabed ndikabata musoro nemaoko ese .
Handina kana kubuda Anashe ndiye akauya nefood yangu achiti makoti ndiye abika nhasi ,
Pamoto panze futi nezvaanga

Ari Cee zvaisamboenderana Pamwe kwaive kushingirira murume hameno.

Ndaida kungodya zvekutapudza nzara but ndakazonyatsodya ndanakirwa.

End of chapter
[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

He changed me completely.

Story by Felistas

Contact
0783857336

# Chapter 10

Christina

Ndakange ndatotaurina na Aunty Jenny kuti vasaudze mhamha kuti handiko , Mhamha ndikataura navo pa WhatsApp manheru ndichitovaudza kuti mukomana

wangu ari kuda kuroora nekukurumidza vakati

"ose machena,
Unouya tokutsvagira tete kwaKachuru kana kwaMubako"

Zvese zvaifamba zvakanaka, hamenowo kuti tete Angie vakapindwa nemweya upi? kwaakudaidza mhamha vangu .

Ndakanyatso vanzwira  pain yacho mhamha vangu vakabaiwa panyama nhete chaipo .
Pavakaenda ndakasara hangu but moyo wangu waive kwavari, I wanted to explain vanyatsonzwisise kuti zvakaitika ndisingade.

Vanhu vakazoronga zvekunobvisa tsvakirai kuno

but kwaitove kutambisa nguva mhamha vangu vaigona kutozoitambira gore rinoteera racho .
Because Mai Cee vaive nehasha dzisingaite .

Manheru ndakati ndipei hangu ndibike ndatoona vanhu vacho vasingambotaure zvekubika.
Ndanga ndakanzwa mhamha vangu pavaiti gore randatizira

ndakabika sadza mubhodho size four .
So I thought ndizvo zvinoitwa ,ndaida kuita zvese zvinoitwa nuroora because Junior ndaimuda nemoyo wese .

Mom.......pano pane mamaids hakusi kumusha mwanangu , Patakaroorwa takangobikirwawo nemamaids .

Mai Anashe......asi ini ndakabika pandakaroorwa .

Mai Anashe na mhamha vanga vakafanana zvese ne voice , Vaizongosiyana pakuti mhamha vanga vakati tsvukei vaine ka slim body.

Gogo ......ndoshona chaiyo chaiyo mupei kapoto abike Chero mukangodya kadiki diki anenge atopedza kutamba huroora ,
Inga wakabika wani pawakauya kwaMutare Mai Angie .?
Kungoti hazvo kutown anofanira kutobika huku yechibhoyi ne sadza repamoto chairo(vanhu vese vakabva vaseka ndofunga kwavari it

was impossible)

Nguva yese ndaishaya kuti Angel akatodza ani kutsvuka nekureba bvudzi ,but ndakazoona kuti anga ari photo copy yagogo.

Mom....ah hameno ,tete vacho varipo ava sazita wemuroora na Anashe mobatsirana

nemuroora kubika .

Tete Christina......ndoda kuenda kumba kwangu ini ,ana Anashe ndomadzitete acho iwayo.

Mom.......saka imimi muri Tete vaani?

Tete.......venyu na Mai Cee Nyangwe ndiri mudiki .

Mai Ana......ehoi Tete chiendai munosiya mapa muroora huku nepoto ,ndozvinoitwa.

Takabuda tikaenda kukitchen , Ndakapihwa kapoto kadiki diki nehuku yanga yaka freezer hayo .

Me......zvanzi huku yechibhoyi nesadza repamoto wani?

Ana......usada kuonererwa iwe bika kasadza pastove apo , Moto unouziva here (vakabva vaseka)

Tete ......ehe zvanzi kasadza kechirango .
Pamoto panotoda vakakurira kumusha muroora .

Me.......ndopagona ndipei huni chete .

Ana.....bva itai henyu inini ndinenge ndakagara pachair ndichiona.

Pamoto ndaitombo pabikiswa
na mhamha pataienda
kuMarondera kwaMubako
kwakakurira dad vangu ,
Tete Martha vaisatomboda
kuitirwa zvechi salad ,
Wainzwa voti " Rudo ibofu
unoroorwa nana Gibson vekwa
Mupazvirihwo unozodii?
Kuda kunotinyadzisa
kwaamwene ,kamani bika apo"

Ende vanenge vatori serious, Ndakadzidza kubika sadza repamoto rakaibva chairo . Nehuku yacho ndainyatso cheka mapiece zvakanaka. Chimwe chavanga vasingade chinono pakubika , ndingangoti I leant a lot from my mother na Tete Martha.

With the help of ana aunty vaivepo ,ndakavesa moto wangu ndikagadza poto

yandaifunga kuti inokwana vanhu vachinyatsoguta .

Tete Ana vaindityira vachifunga kuti handigone but vakatozoshamisika vachiona ndichitomona sadza rangu ndikasiya richishinyira .

Ndakacheka huku yangu yanga isisina ku freezer , Ndikatemerwa mavegtables kugarden namaid ekuisawo

paside .
Kunze kwakazonyatsoti tsvaa ndatopedza kubika .
Vanhu vakapakurirwa vakadya vakatenda chaizvo.
Wangu murume handina kana kutombomuona hangu ,
Pakunorara mhamha vakati ndiende nesadza rake kubedroom anozouya achidya .
Ndakaperekedzwa natete naAna kunosvika padoor.

Ana......ndomubedroom memurume wenyu umu maiguru ,
Ndoziva makatsamwa kuti akakurepai i but please muregerereiwo.

Me ......handina kutsamwa ini.

Ana......iye andiudza kuti

makatsamwa.

Me .....iye asina kumbotaura neni?

Ana.....munhu ane munhu wake anoziva munhu wake .

Me......muchinyeperana.

Ana......ku airport  makatadza kutaura naye wani?
Kana nhasi wacho manga muchingo muavoider .

Me.......umm vanhu mongofunga zvisiriizvo imi.

Ana.......muregerereiwo maiguru please.

Me......ndoda kukumbirwa ruregerero natete Angie.

Ana......avo imbovasiyai vane stress dzekunyadziswa .
Sadza vanga vachida kumboramba pandati rabikwa namakoti but razodyiwa rikapera kuti tsvai.

Me.......maoko angu akaropafadzwa .

Ana......Amenn.

Ndakapinda muroom maJunior hdichiseka hangu,
It was a nice room ndakasiya food yake mumicrowave .
Ndichibva ndambonogara

pabed ndichi imaginer ndakarara hangu na Juniour . Yaive dream come true kwandiri,mwana wekwa Rukato ndaimuda and I was ready Chero ku pinda nemuminzwa for his sake .

Ndakanogeza ndikadzoka nekurara ndanga ndaneta nekutamba chiroora . Ndakazopepuka kuhope ndanzwa kugumwa padama

nemaoko anotonhora , Ndichivhura maziso ndakabva ndasanganidza maziso na Juniour.

Juju......sorry.

Ndakamboramba ndakamutarisa ndichibva ndazotarisa kuside.

Me......for what?

Junior....... Everything.

Me.....siyana neni,waimbozviitirei?

Junior.......baba namai vabvuma tsvakirai kuno,tonoroora after two weeks.

Ndakabva ndamuka ndikagara ,
Ndaifunga kuti ndakanganisa kunzwa.

Me ......watii Junior?

Junior.......ndine nzara .

Me......ok.

Ndakamuka ndikaenda pa microwave .
Akabva auya akamira kuseri kwangu akandigumha.

Me ....... Junior please .

Juniour......ndine nzara Mai Rukato.

Me......ndaakudziisa sadza wani ?

Junior.......kwete yesadza .

Me.......saka imwe nzara yaunoziva ndeip mwana mudiki akaita sewe?

Junior akaseka achidzungudza musoro akanogara pachair yaivemo.
Ndakadziisa sadza ndikamukumbira kuti anogeze maoko .

Takazoridya tese sadza Riya ndanga ndaakutonzwawo kanzara .

Junior......Hana yangu haisi kutenda kuti Mai vako vabvuma kuti ndiroore Cee.

Cee......wanga uchirevesa kuti waenda kumba kwedu here iwe?

Juju.......ndaitirwa zvakawanda na Taa.
He is a true friend .

Me......Taa ari muno?

Junior......ndiye atoita munyayi panga pasina kumira mushe .

Me.......apa handina kana kumbomufonera kana kumuudza .

Junior .......handizive kuti ndomutenda nei?

Me......ndomuti chii ndikamuona nhai ? Anotofunga kuti ndakabva ndamukanganwa .

Juniour...... No he won't say that ,
He understands you better than anyone else.

Me........I hope so.

Juniour.......you're his little

sister .

I smiled , Junior anga anditarisa achipuruzira bvudzi rangu ,
I fell asleep in his hands .
Kutozomuka makuseni kwatoedza ,
Ndakanogeza ndikadzoka ndikavhura ma curtain nemawindow .
Junior akabva amukawo

akananga kunogeza .
Ndakasara ndikagadzira pabed ndikaisa mamwe masheets ,
Ndichibva ndatsvagira Junior hembe dzekuchinja .
I was so excited to be someone's wife .
Ndaizvishuvira mhamha pavaiitira dad everything .
Juniour akazobuda mumba matove netuma changes .

Me......change your clothes ndiwache ka one nemasheets . Ndoda kunobika breakfast ana mhamha vasati vamuka.

Akaramba akamira akanditarisa .

Me......como'n Junior what's wrong ?

Juniour.......I don't deserve this Christina.

Me.....what now ?

Junior.......no Cee I don't deserve a wife like you ,you did everything in a short period of time.

Was spreader mubhedha wanditsvagira hembe ,the room is smelling good .
And now you're....

Me.......you deserve it my love
.

Juniour.......you're one in a million my sweetheart

,handisati ndamboona zvakadai
.
But you're over doing it
,zvimwe unosiira mamaids like
ku cleaner nekuwacha .

Me......hakuna mukadzi kana
musikana anotsvairirwa
mubedroom make nemumwe
munhu .
Munhukadzi wese anowachira
murume wake naiye ,whether

anoenda kubasa kana haaendi . Wanga usingazvizive nekuti wanga usati waroora chete.

Junior.......Angie haabate anything anomuka onogeza ,maid ndiye anozoita zvese wani?

Me......maybe she will do all

the work kana aroorwa .

Junior........but it seems iwewe wakatojaira nemari ina dad vako I didn't expect this from you .
Pana Angel I blame dad, mom vaimboedza kumuti do this and that ,but dad vaibva vati basa ramaid nderei ?
Angel wacho aibva achema akanzi namhamha awache.

Me.....let's drop this issue ,now change your clothes I want to wash .
Those maids vakabata hembe dzemurume wangu zvakakwana .

Akabva atarisa mudenga and smiled .

Junior......now I have a reason to worship you God .

Me.....foolish (ndakamurova musoro playfully ) Mwari vanokupa mweya wekufema ,you can talk ,you can walk ,you have a family ,you have a shelter .
There are plenty of things to thank God for.

Ndaidaro ndichisunungura morning gown rake ,munhu wacho anga asingatode zvekuchinja .
Mukati anga akapfeka kaboxer short chete .
Ndakatadza kuramba ndakamutarisa ndakabva ndanomira pawindow ndakatarisa panze .
Akauya akavhara curtain

achibva anditendeudza ndikamutarisa.

Junior.......hausikuda kunditarisa ?

Me.......no Junior I don't have time please .

Junior.......you don't have time

for me right?

Anga akochekera maoko ake kumusana wangu .

Me......Juniour  please let me go.

Junior.......I love you Christina Kachuru.

Me......I love you Ryan.

He started kissing me achipuruzira bvudzi rangu , I guess raimunakidza .
Ropa rangu rakabva radairirawo,
Kubatwa nemunhu waunoda kunoita kuti munhu unzwe seunotsva .

We made love na Juniour wangu tichisimbisa muzukuru waVaRukato .
Tichingopedza tisati tageza padoor pakabva paita knock .
Takapinda mubathroom tikango cleaner wo ,
Ndaka Sprayer perfume Juniour achichinjawo ,
ndichibva ndazovhura ma curtain ndokuzoenda kudoor .
I opened the door Tete Angie vachibva vapinda vachiita

sevachandidhumha.

Angie.......ndipoo makey e Fortuner ya mhamha.

Juniour........ko yako?

Angie........ndoda iyoyo .

Me......mamuka sei Tete ?

Vakaramba vakanyarara havo Tete vangu ,but ka inini ndanga ndatoita duty rangu rekuvamukisa.

Junior........makey ndakasiya downstairs .

"Gogoi muno "

That was aunty Ana,
she hugged me tightly .

Ana......woow this room is so beautiful .
Makoti wakanyanya .

Junior.......I am very lucky to

have a wife like Christina.

Ana.......she is one in a million, she even cooked sadza repamoto yesterday .

Junior.......ndakazvinzwa mhani kuti mabikiro aya haasi emazuva ese .

Ana...... Junior ita uende nemwana kunchando ,kuno anozviuraya nebasa .

Junior.......ndikangoroora chete ndotoenda ,ndozodzokera muchato .

Tete Angie vakabva vapindura maziso vakabuda .
Takabva tangobudawo ne

washen basket yangu.

Ana......dai matowachira muroom menyu ,vanhu havambobvume kuti muwache nemashandiro amakaita nezuro .

Me....hakuna back door here .

We went ne door raibudira kuseri kwaiwachira mamaids , Ndakawacha faster faster ndikayanika .
Ndichibva ndazoenda kwaive nevamwe ,
Juniour aiita nguva yaaimbonditarisa o smiler hake .

End of chapter

[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

He changed me completely.

Story by Felistas

Contact
0783857336

## Chapter 11

Christina.

I felt like calling my mom
ndovati thank you
nekunditendera kuroorwa.
But zvaisatenderwa hazvo
kuvafonera panguva yacho.
Ndanga ndaane two days
ndakadzima phone yangu
ndichitya kutukwa namhamha.
Ndakazongoita chivindi
ndikaibatidza masikati
ndapedza kubatsira kupa vanhu
food nekusuka maplates.

Ndakaibatidza ndakanyatsorara nedumbu pabed ,ndakati mwana wa Juju hameno hake I wanted to rest .

Makangopinda messages from Succeed.

Hanzi:
"Ko wakandinyepera kuti uri musikana why ? "

Imwe:
"But usadaro Cee ,ndakatozonzwa na Taa kuti uri mukadzi wemunhu,why uchidaro nhai ?,apa ndanga ndatoperera ufunge hako"

I mwe yakazoiswa papera one hour yanga yakanzi.

"If possible dzoka hako tironge zvimwe ,that is kana ikoko kusiri kukuitira , ndinokuda

wakaro ".

I sighed.

"Sorry I wasted your time.... ,I am happily married now."

I replied .

Panga pasina kana message

one from Taa,
Ndakatozoita weku beeper phone yangu yanga isina mari.

I waited and waited for his call but haana kana kumbofona hake ,kureva kuti akatsamwa nhai ?
Ndakadzokera kwaive nevamwe ndikanogarawo,ndanga ndaakurambidzwa kuita basa mamhamha.

Gogo.......munhu ane pamuviri anofanira kuita exercise .
It's good for the baby maiAngie.

Mom......anozonyanya kuwanza basa racho amai ,haana kumbozorora since morning.

Gogo.......kwete basa handitodiwo kuti ashande,ndoreva kumbofamba fambawo ,dai murume wacho aripo kana dai Angie ari munhu kwaye ,aimbobuda naye panze pegate kusvika pamashops padyo apa vachidzoka.

Tete Angie vakaridza tsamwa

vachibva vaisa makumbo avo pasofa uku remote iri muruoko ,vakabva vatochinja channel hameno kuti vanga vagara vachida kuchinja here kana kuti kwaive kutsamwa. Instead yekuti vatibatsire tiwirane people continued to mock tete Angie kuti vandivenge more and more. Zvaiita sekuti ndakauya kuzovaparadzanisa semhuri . Ndakangozo budawo

ndikanogara panze kuorchard kwanga kusinga svike vanhu.

I decided to beep Dean ,maybe tete vangu vaive ne stress yekurambwa na Dean,
Haana hake kumbononoka kufona.

Dean......unoda kurohwa iwe .

Me......why?

Dean.......hausi type yekutizira Cee,what happened ?

Me.......ndanga ndaane nhumbu sekuru ,there was no other way.

Dean.....you disappointed everyone muzukuru,
Munhu wese arikurwadziwa nezvawakaita.

Me.......I am sorry for that sekuru ,
Ko imimi makazodii?

Dean......panyaya yei ?

Me.......mucharoora riini?

Dean......ndaka engager wani ? Sekuru vako Dee Havana kukuudza?

Me.......maka engager nani? Ko Angie nhai ?

Dean.......usatombondifungidze zvebenzi riya rakandipedzera time yangu ,richindishandisa.

Me........problem iri papi nhai Dee ,haana kunaka here or ......

Dean......she is so beautiful ,

murume wese anotoda paye but haana hunhu manje anotoda kutonga chaiko haatozive chinonzi rudo .

Me......just give her another chance ,she learnt her lesson .

Dean.......no I can not meet her demands, pane pekuti unoti ndine mukadzi akanaka ka but

uchigara uri mumoto naye ,
Mukadzi anoda anokurespector
wo .
Kana uchindida sasekuru vako
usandidaro.

Dean......kana uchida kuti
ndirarame hupenyu hwangu
hwakasununguka please
usandisairire ikoko ,
Handikwanise hangu
ndakadhonza 3 years naye

munhu uya uya,but now ndaakutoona kuti I wasted my time ndiri mujeri rekuzvipinza ndega .
Ndichitadza kufara hangu .

Me....... I understand.

Dean.......she will never change usatombomunzwire tsitsi hako.

Me .......she will change.

Dean.......she will never change,anochinja how?

Me ........akawana true love.

Dean........true love ndoyandaimupa Cee, anotoda murume anoita zve rough

rough yaa.

Me.......kunge Taa?

We both laughed.

Dean......... exactly.

Takaseka hedu ndichibva

ndakata phone,
Ndaka beeper Taa again this time akabva afona .

Me......bhudhi.

Taa.......kamwe kamunhu kakatizira kutadza kuudza mukoma kuti ndaakuenda.

Me.......zvinoudzwa bhudhi here izvozvo ?

Taa akaramba akanyarara then I knew I had to apologise,

"sorry bhudhi ndaive ndarema ."

Taa .......Kurema unokuziva here iwe ,uchiine dzimwe three

months kuti kadumbu kazobudikira ,
Waifanira kupedza chikoro ,woroorwa ,wochata wakaviga kadumbu ako.
Ndoshaya kuti dzungu wakazoriwanepi Cee.

Me...... Junior wacho anga asisataure neni.

Taa.......zvanga zviine basa rei? Ndini ndakamuti asataure newe, it was just a punishment yezvaanga aita.

Me.......but you didn't tell me .

Taa.......tsitsi dzako dzakawandisa waitonomutanga ndiwe .
Ndaida kutokuudza pandaibva

ku Hong Kong but ummm sisi ka ?mune speed isingaite iri over.

Me........it happened Taa ndatoomukadzi wa Juniour, Thanks to you ndiri kutonoroorwa next week .

Taa.......ok congratulations .

Me.......you sound worried.

Taa.......ndakutadza Christmas. Hameno kuti uri munhu werudzii ?uchenjere kuzochema pamberi apo.

Me.......chiiko Taa?

Taa.......kakuregerera kako handikade Cee ,he raped you handiti ?
Waifanira kutombobuditsisa salt achikunyengerera uri kunzwa?

Me.......inini hangu handizvigone Taa ,
I just forgive and forget.

Taa......but think about it Cee, Akakurepa usingade ,ukasiya chikoro ,ukarwadzisa mai vako.
Musi watakabva kunobvisa tsvakirai kuno aitotya kuuya kumba ,kutya iwewe  Cee kuti ndonomutanga sei ?
Ndokumbira ruregerero how ?
But pandamubvunza makuseni atoseka hake ,

Kubva watomupa zvese negumbo usadaro Cee.

Me........handizvigone Taa ini.

Taa......unofanira kutozvigona Cee ,

Me .......ne age difference yedu

ndoita sendaakuto mujairira.

Taa .......iwe age difference ipi nhai Cee,?
My mom's age is half the age of my father, but haumbozvione kuti pane age difference .
Vanotonzwanana dad vakatadza vanoto pihwa punshment yakaenderana navo.
Hakusi kumujairira

no,anofanira kuona kuti zvandakitira Cee was wrong . Next time achakuitira zvimwe taking advantage yehu kristu hwako ihwohwo.

Ndakaseka hangu but Taa aitorevesa .
We talked and talked ,kusvika tazopinda mune dzimwe nyaya.

Taa......waamukadzi wemunhu Cee now chienda unobikire amwene nekuwachira murume.

Me......ummm wakanzwa nani zvese izvozvo.

Taa.......I know ndozvinoitwa nevaroora kwaamweneka .

Me.......handichatowache nedzaJunior ini anozojaira.

Taa.......ukarambwa hameno hako,tongoudzawo vakadzi vedu kuti Kuna tete vakadzoka vanonetsa vane hasha dzekurambwa..

Me........sa tete vangu pano Taa

ka?
Umm life will be difficult ndiinavo pano ,
Havandide zvachose ,she hates me zvekuti hana yangu haina kana kugadzikana.

Taa.......vakakuvenga zvine basa rei?
Vakakutuka unotukawo ,kurova handiti unogona hako .

He said laughing.

Me.......you know me  wani handidi zvenoise.

Taa .......vakarambwa here?

Me......ehe vakarambwa.

Taa......vane vana vangani?

Me.......vakarambwa nemukomana mhani iwe ,she is not married yet.

Taa......matanga ka kunyeya anatete?

Me.......kwauri ndinotaura zvese zvinondiremera Taa unondiziva wani?

Taa......yaa waremerwa zveshuwa toita Seiko navo tete ava?

Me.......hapana hapo kungokuudza hangu. Tingadii munhu Ari pamba

pavo.

Taa....how old is she?

Me......Twenty five ,twenty six.

Taa........havanetse tovatumira munhu anoroora ,ihasha dzekunonoka kuroorwa idzo.

Me .......but pa 26 tingati munhu anonoka here?

Taa......anenge asina but kana vanhu vese vari around you vakaroora ,kana kuroorwa unotoita hasha idzodzo ,unoona sekuti wanonokerwa.

Me.......ko chingovaroora kaiwewe ndiwe ungatozvigone.

Taa .......Inga unondiziva wani Cee ,nehunhu hwatete vako vaya hatitombo pindirane zvachose ,
Why wasting my time and energy.
Ndoda kungotumira munhu anova teacher a big lesson for

only five months,pavanodzoka ikoko vanenge vave munhu kwaye ,nechidumbu chisina baba.

Me.....Taa usadaro hako.

Taa.......kungomudzikamisa chete ,Mira uone nditumire boys rangu anoswera atyoka uyo.

Me.......Taa kana zviriizvo siya hako .

Taa.......wambondiudzirei handidi kuti utambudzwe Christmas.
Mhamha vangu handitombovaudze kuti Christmas akaroorwa ndinotukwa hangu .

Me.......nei?

Taa......vanoti akaenda sei pasina muchato,what kind of a brother are you?
Inenge itori mhosva yangu.

Me.......ndichatozouya kuzoti sorry mhamha ndakatadza . Havasati vaakunetsera muroora here?

Taa......hanzi ndichatanga kunetsa kana waapa 35 .

Takaseka hedu tese ,na Taa phone yaitoti ipere moto, Payakapera Moto ndopanda

kasimukawo kudzokera
mumba ndichiisiya pacharger.

Padoor ndakasangana na Angie
achitodawo kubuda.

Angie.......wanga waendaka
kumbonosimbisa mwana
nababa vemwana ?

Me......yaa anga aakuda daddy

vake.

Handizivewo kuti ndakapindura ndichifungei,Angel akangobata muromo zvekushamisika zviya.
Ndakapinda mumba ndikamusiya akadaro , everyone was looking for me ana Juniour vanga vatobuda kunze kwegate .

Vakatozoita zvekufonerwa vakadzoka.

Days passed ndichigara kwavamwene , weekend yekuti kwasara one week kuti ndichiroorwe ,munyai akauya achiti zvanzi Christina ngaambouye namai vake anozodzoka abvisirwa.

Ndakabva kwaRukato Ari manheru ndaida kuwana varara ndozovaona makuseni, Ndakasvikosiiwa kumba na Junior ndaitozeza kupinda mumba macho.  ,I couldn't face my mom and dad nezvandanga ndaita.
Ndakamboramba ndakamira padoor ndakabata kumeso.
Door rakazovhurwa namaid achida kubuda .
Ndopandakabva ndapinda

mumba.
Dad vanga vakagara pasofa ,mhamha vakarara vakaisa musoro pamakumbo vakarelaxer havo.
Dad vanga vasina zororo namhamha ,it's either vaizemberwa or vairarirwa pamakumbo pese pandaivaona ,kashoma kuona mhamha vakagara pavo Vega.

Me.......gogoi.

Dad......gogoi watopinda here nhai Christmas.?

Mood yadad yanga iri bhoo hayo .
Mhamha vakamuka tikamhoresa hedu pachibva pambonyararwa,
Dad ndovakazotanga kutaura

taurawo tumwe tunya ,kusvika vazoti ndaakunorara .
Mhamha vakabva vasimukawo.

Dad ......imbotaurawo nyaya nemwana wako Mai Cee.

Mom.....ndaane hope ndotaura sei naye?

Dad......saka wamudeedzerei ?

Mom........mazuva mazhinji.

Vakabva vatoenda kunorara, Ndakanopindawo muroom mangu ,manga mungori sezvamanga muri ,my clothes were neatly packed .
Regai Mai vangu

vazorwadziwe,
But for how long pandaizogara navo ndisingaroorwe?
Ndakarara hangu ndichifunga Junior wangu ,
Akabva atofonawo ipapo.

Jun......I can't stop thinking about you,

Me.......hoo.

Jun......babe uri kuchinja,hameno zvawaakungoita sorry hako ndakatadza .

Me .......ok.

Jun ......ndiri pagate penyu ,are you ok?

Me.......I am fine go home.

Ndakabva ndakata phone ,Taa anga andifurira zvisina basa . Ndakabva ndarara hangu . Kunze kwaakunoedza ndakanzwa kupuruzirwa bvunzi ndichibva ndazonzwa kakiss pahuma.
Pfungwa dzangu

dzakangofunga kuti ndiJuniour chete.

Me......"haa Junior mhani" ndakadaro ndichimupusha munhu uya .

Ndakavhura maziso ndopandakaona iyazve? ko ndiri kumba kwedu zviya . mhamha vangu ndovanga

vakatomira paside pebed yangu
.

Mom ....... what's wrong Cee?

Me...... morning mhamha ,I am sorry ndatofunga kuti ndiri kwaRukato , I thought ndi Juniour ari kundidaro.

Mom......is there any problem Juniour akabata bvudzi rako.?

Me......no I was ...

Mom....... it shows kuti Juniour wacho haumude.
Ko why uchirara usina kusunga musoro.?

Me.......bvudzi racho rinotsvedza chobvisika ,plus musoro unondirwadza ndikaisa chinhu mumusoro.

Mom......kutanga riini?
Manje unoita sei kana uchibikira vanhu kwaamwene vako?

Mibvunzo yacho yaibvunzwa

two two ,manje ndaipindura one.

Me.......zvakatanga pandaive kuUK.

Mom......saka maybe inhumbu ,iyo yaane ma months mangani?

Me......2 and half,pandakabva kuno ndopayakanobata.

Mom......unomuda here Ryan kana kuti uri kumanikidzwa nesituation?
Be honest with me my daughter ,kana usingade hako you can come back ,mwana ndochengeta hangu ,
Your happiness is my happiness.

Me.......ndinomuda zvakanyanyisa mhamha.

Mom.......saka wanga uchindipusha uchiti Junior why?

Me......maybe nhumbu yangu haifarire baba (I lied)

Mom......(she smiled ) but you disappointed me ndaida kuti uroorwe na Taa.

Me.......Taa haana kumbobvira andinyenga mhamha ,kana kutomboratidza kuti ane mafeelings neni ,takambo spender night tese kumba kwake,dai aindida kana kuti

dai aive nemafeelings ndopandaizviona .
Manje kana hake nditori sister yake.

Mom.......what about you ? Unomuda here?

Me.......dai akandinyenga ndisati ndaroorwa yaa ndaimuda hangu,he is a good

man.

Mom......I mean do you have feelings for him?

Me......no ,not at all.

Mom......ok it's fine .

Vakabva vambonyarara.

Me........but Mom ,I thought zvichakutorerai makore kundiregerera .

Mom.......no my daughter ,the same thing happened to me ndiri musikana.
Iwewe hako urinani maidanana ,Inini ndaisatomuda Chris but

zvakangoitika ,but ndakawana everlasting love in him. Everything happens for a reason my child . Ndotsamwa ndikasvikepi? Ungazofare here mumba mako ini kuno ndakatsamwa?

Me......no.

Mom......your dad helped me to

accept zvakaitika izvozvo ,it doesn't matter my daughter, wanga usina kutarirwa muchato .
Ana Mary vakapinda nemakawanda vakachata wani ,but iwewe waiyemurwa nemunhu wese watizira , Ndozvinenge zvakarongwa muhupenyu hwako izvozvo.

Me ....... thank you Mom ,your

such an amazing mom.

I hugged her .
Ndanga ndasununguka manje kutaura zvandinoda Kuna Mai vangu .

Mom......now get prepared tiende for jogging.
Muzukuru wangu agare Ari active.

Ndakasara ndikageza nekukasira ndikagadzira muroom mangu.
Mamhamha vakadzoka ndatopedza everything.

Mom......that's my girl ,I am proud of you.

Me.....I am going to miss you

mom.
Apa maakusara mega .

Mom......ukazvara ndinotora muzukuru wangu ,unozoita umwe hako .

Me......(laughing) amwene vakatomumiririrawo.

Mom.......vanotora waAngie.

Takabuda tikawana dad vakatomirira ku lounge ,we went out for jogging tiri three . Sezvataingoita kare kese

End of chapter

End of chapter

[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

He changed me completely.

Story by Felistas

Contact
0783857336

## Chapter 12

Angel

Dai kusvotwa chaiko kwaivava ndini munhu aigara achikwenya ,
Christina aindisvota zvisingaite apa tanga taakugara under same roof ..
Vabereki vangu vakatanga kuva distant zvakanyanya

vaakuita kunge vari kuwandira Kuna Junior nemukadzi wake . Mukadzi wa Junior akanobvisirwa mari ndichida ndisingade .

Ndaifunga kuti vachabva vaenda ku UK but mhamha vakaramba hanzi imbogarai, Chikoro mopedzisa mese kana makoti asununguka.

Junior aienda kubasa na Dad , makoti achiswerawo namhamha.

Iniwo ndaibuda ndotendererawo ndichienda kunzvimbo , dzekutandarira ndiine tarisiro yekuwanawo wangu anoenderana neni but hapana chakabuda .
Uyuwo Taa akanga anzi na Pat akatodzokera .
Ndaimumirira ndikasvikepi iye anga asingapindure Chero message yangu hayo.

One day ndakakokwa kumba kwa Patricia kwanga kuine ka small party .
Ndakawana Kundie atoriko nedumbu rake ratokura , ukuwo Patricia rakewo , kumba makoti aive nerakewo ndainzwa kuda kuchema chaiko.

Kundie....... Angel I thought you're my best friend.

Akadaro vanhu vaenda tangosara tiri tega.

Me........ I am no longer your best friend., Handitambe nevakadzi vevanhu .

We both laughed but ndaito feeler out of place ndaakutoshaya nechandanga ndauira .

Kundie........ But waimbove best friend yangu handiti ?

Me ...... Yes .

Kundie ........ Sei usina kuuya kumuchato ?
And why did you block me.?

Me........ Sorry dear ,the truth is, ndairwadziwa kuti ndasara ndega.

Kundie........hausati wambokura Angie nguva yako

ndoisati yakwana,
Inga you knew me wani ?
Ndaifarisa zvekufarisa zviya
but nguva payakakwana
ndakadimburwa muswe,
Newewo panokwana yako
nguva muswe unodamburwa .

Takaseka hedu

Me....... Musandidaro asikana ,

How did you get him, I mean makasangana how? , muchibva matomitisana nekubva matochata ?

Kundie ........ It's a long story dear ,
This man ihama yamaiguru va Patricia vekwaakaroorwa , Mwana wehanzvadzi yavo , so takasangana pamuchato waPatricia achibva

atopenyerwa ,
Neniwo hana yangu yakarova ndikadzikama ipapo ipapo ,
He is loaded hake but paari ndakamuda iye not mari yake ,
You know zvinoita love kana wanyatsowana pako chaipo unopfava wega , kuita hwai irikuuraiwa chaiyo .

Me......but varume vanonyatsoda chii

pamunhukadzi?

Patricia......beauty ,body structure ,someone anobva kumhuri iri nani.

Vakabva vatarisa a na Kundie.

Me.......so why ndisiri

kumbowanawo nhai?

Patricia.......zvandataura apo zvinodiwa nemunhu anoda kutamba newe ozokusiya . Wako Angie ka? haatarise zvese izvozvo Hana inotongorova otosundwa kutokupfimba iwewe ,and iwewe wacho unotozvi feeler kuti ndivo dady vekwangu ava.

Kundie......but sometimes unosangana
Newako chaiye ugomusvora ,kana kutomutuka nekumuramba ariiye wako.
Zvinoitika futi ,sewe Angie na Dean manga makafitana ,
Do you know kuti vabereki vake vari abroad ?

Me......
Abroad kuita seiko? Musangoti munhu wese Ari abroad ane mari ka ?
Baba va Dean Havana mari Kue?

Kundie .......I am not talking about moneyw ,ndoreva hangu zvekuti vamwe havadi kugara naamwene .inenge itori advantage ,you and your

husband muno muZim.

Me.......haa Dean hapana paya ,type dzana Taa ndovarume chete .

Pat......wakazombomuona here zviya.

Me........handina but
ndovarume vandinoda ,
Tall, dark, handsome and
loaded.
Wakaramba nephoto rakeka ,

Kundie......manje havawanike
vakadaro Angie .
Handiti you know kuti ndaida
Ray uya zvekuita kunge
ndichamufira ,but hazvina

kubuda sekudaro wani ?
Maybe ndaitozotambudzwa too bad.

Me.....
Pat wakaramba nephoto raTaa.

Pat....ndakakupa number dzake wakadii kukumbira ,ini ndoriwana kupiwo ?
Besides that Taa haasi type

yako.

Ndakanzwa hasha dzangu dzichisimuka ,"haasi type yangu pakudii?"
Instead yekundinyengerera they started mocking me ,vachotondiudza kuti Taa haafe akakuona kana kucheuka .

I went home ndakatsamwa ,ndikatenga one bottle of wine ,

After wine ndakatsvaga doro chairo ndikanwa,ndaimborimwa hangu kune mamwe maparty ataimboenda .
Ndakasvika kumba zvekuvavarira chaizvo .
Mom vangu vanga vari panze pegate vachitaura neimwe friend yavo ,
Pandakapinda vakabva vatopindawo mukati .
Ndakaburuka ndikananga

kuroom kwangu straight ndisina nekuvamhoresa .

Vakateera vakawana ndalocker door ,
She knocked kusvika vaneta vakaenda, dad came vakaita the same .
But ndakabva ndatokotsira hangu hwanga hwandipinda mumusoro .
Ndakamuka mhamha vakagara paside pangu vachichema ,

I checked the clock it was around 2 am . Ndakanyatsobaiwa pamoyo chaipo chaipo

Me.......mom I am sorry .

Havana kupindura vakatowedzera kuchema,ndozvandanga ndisingade izvozvo .

Me.......ndiregerereiwo mhamha.
Handichazviite futi .

Mom.......it's ok my daughter ,it's all my fault .
Maybe handina kutaura zvaunonzwa or handina kukuudzawo some of the

things zvandaifanira kukuudza
.

Me.......no Mom you tried your best ,but nemiwo handisi kunzwisisisa kuti what came over me .

Mom........no Angie no pane pandakaita mistake ,sei vana vevamwe vachiita zvakanaka

,sei vana vevamwe vachidadisa? .
Sei vana vevamwe vachiyemurwa nemunhu wese ?

Me.......neniwo I don't understand why ndisati ndanyatsowana wangu anondida ndichimudawo ,ane zvese zvandinotarisira pamurume wandinoda ?

Mom.......ukadzikama ukakumbira Kuna Mwari unowana Angie ,plus kuita murume sandizvo zvega zvatinoraramiraka .

Me.......saka ndochembera ndiri pano here mhamha?

Mom.......no mwanangu mirira nguva .

Me.......kusvika riini mhamha I will be turning 26 very soon .

Mom.......uchiri mudiki Angie don't compare yourself na

Christina kana ani,
Ok ndezvipi zviri nani kugara hako uchimirira wako pane kungozviwidza pamunhu anokushungurudza anodhakwa ,anohura ndezvipi zviri nani?

Me......pakumirira panorema mhamha ,zviri nani kutonzi akamboenda kumurume akazodzoka ,

Icho chiri kumbonditadzisa kuwana wangu chii?

Ndakanzwa kugadziriswa pahuro ndikacheuka ndikaona vari dad ,
Vanga vagara  havo pasi nguva yese ndisina kumbovaona.

Dad ......saka ndozviri kuita kuti uzvibate junk kudaro ?

Ndozvauri kumwira doro here Angie,
I can talk to my friends vane vana vakomna woenda hako.

Mom.....Nekuti zvambonyanyoita Seiko nhai Ba Angie ?
Ana tete Beauty Havana kuroorwa vatove Kuma 30 years here ?

Ko Tete Shylet?
Ko iyo hanzvadzi yenyu yazororwa manje manje apa ?
Mwari vanenge vachiona kuti vakamupa imba akadai ,anopedza dzimba kana six achipinda achibuda ,
Angie type yake haagone kushingirira imba uyu ,akaiwana atambura anoichengetedza .

Dad..... Ok no problem chandisingade kuti mwana aite zvaari kuita izvi.

Mom....... Ndichava newe mwanangu everystep , Ndakamboita distant ndichida kumboona hangu, zvino ndaona kuti ungatoita wild animal chaiyo .

Me.....Sorry mhamha.

Mom...... It's ok , I love you .

Me...... I love you more .

Mom..... Then promise me that you won't let cry again.

Me....... I promise.

Mom....... Do something for me chinoratidza kuti wachinja mwanangu .

Me...... Ok Mom.

Mom...... Chirara ndaakuenda .

Me....... Ok bye .

Ndakamuka ndikageza

ndikatanga kunzwa zviri nani ? I took my laptop ndaakumbotsvaga basa online . Ma vacancies acho aivepo anga asingaenderane neni but ndaingokandawo ma CV for a start mhamha vaonewo change pandiri .

Makuseni ndakamuka ndichida kupinda mutown kunoiswa manails , nekugadzirwa bvunzi

rangu .
Ndakamuka very early ndikananga kukitchen kunotsvaga chekuisa mudumbu .
Ndisati ndapinda ndakaona Junior akapfugama  pamberi Cee.
Ndakafunga kuti Pamwe vaakupanana maring .

Cee....... Saka ukasarara

nemukadzi unofa here?

Junior....... No Cee haisi nyaya yekurara nemukadzi nyaya iripakuti hausi kufara Cee,hauna mufaro .

Cee...... Mufaro wangu hauna basa nawo Junior .

Junior..... Cee zvakatanga riini izvi?
Pawakabva kumba kwenyu handiti .?

Cee akabva asimuka.

Cee......Ubva wasiyana kumba kwedu wanzwa ?
Mai vangu havamo munyaya

iyi ,
Kumba kwedu kuita sei kwako ?

Junior...... Sorry kani babie sorry sorry.
I didn't mean to say vabereki vako pane zvavakataura ,
Ndiri kuti maybe kuenda kwawakaita kumba kwaita kuti ufunge zvimwe , kuti pamwe waakuregreter kuroorana

kwatakaita.

Cee...... No Junior give me sometime ndimbo dzosa pfungwa dzangu panzvimbo .

Junior....... Ok Cee no problem .
But unotaurawo neni apo neapo n
,Ndinorwara ukasataura neni .

Cee uya akaramba akanyarara achibva atotanga kugudubudza mapoto .
Ndakabva ndamuvenga times two , anga avingei saka kana anga asingadi zvekutaura na Junior wacho .
Hondo yangu na Cee yaitozopera adzokera kumba kwavo.

Not edited

[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: *Onsale*6

He changed me completely.

6

Story by Felistas

Contact

0783857336

# Chapter 13

## Angel

Ndakabva paya ndaona Junior aakuita senge kuuya nechekwandaive ,ndichibva ipapo ndakananga kuno knocker pa door pamhamha . Ndichitosimudza ruoko kuti ndiknocke dad vakabva vabuda.

Me...... morning .

Dad ....... morning.

Vaitodaira vachifambisa mheno kwaimhanyirwa.

Me.......mhamha varimo here?

Dad......yaa.

Mom........ morning morning.

Mhamha Vaitobudawo vakachena chena .

Me....... morning.

Mom ......kwakanaka here kwamamukirira?

Vakandibata ruoko tikafamba ndichienda kusitting room.

Me......ndoda kumbopinda mutown hangu.

Mom......mamovements ako ngaaite mashoma Angie ,zvauri kuita zvekungoonekwa ypese pese zvinokushaisa chimiro.

Dai watsvaga basa hauzoshaye zvekuita zvinokuvaraidza .

Me......ndiri kutotsvaga mhamha .

Mom......
Good girl.

Me.......but mhamha zviri

kuitwa namakoti wenyu mozvionawo sei ?
Y

Mom ......aita sei?

Me....... Junior ari kushungurudzwa mhamha .

Mom...... I don't think there is

any problem ini ,kana arwadziwa Junior wacho anongosiyaka.

She said laughing.

Me.......muri kutoseka muamha? anosiya Seiko achityisidzirwa ?
Ndakakuudzai kuti Juju nwana mudiki mhamha.
Shuwa anga pfugamiswe pa

floor.?

Mhamha vakabva vaseka futi.

Y
Mom.......Angie mwanangu ,ndokudanana kwacho ,dad vako ndinotombovadaro neniwo vanotombondidaro ,uchazviona kana waroorwa nemunhu anonyatsokuda chaiye .

Me.......but mom.....

Junior akabva abva nekukitchen
Achiseka ,

Juju......mhamha muroora wenyu uyuka? ,aisa salt instead of sugar nekutsamwa chete .

Me.......aisa salt pai?

Junior.......hameno zvaari ku baker,
Ndakuenda kubasa ini.

Mom......ndiri kuendawo kubasa kwangu nhasi saka iwe

ukaenda anosara nani manje?

Me.......maakuenda kubasa.?

Mom.......ndanzwa nekufonerwa hanzi ukasauya kubasa ndouya ndikatora mwana wangu na yMai Cee.

Cee.......vakatombondidaro

hanzi ndiwe uri kutadzisa amwene kuuya kubasa kaiwe?

Akaseka hake Cee achipinda netray ine zvinhu zve breakfast achiisa patable.

Mom........iii ngavandisiire mwana wangu ndiwe wadii?.

Cee......mamuka sei amai .

Kakadaro kachiombera ne smile .
Mom yvakapindurawo neyavo smile ,

Cee.......mamuka sei tete .

Ndakarova serious

ndichinogara pachair yangu kuti ndidye .

Junior......kutondiramba kauku ?,uri kunzi tete nemukadzi wangu uri kufinyama ykureva kuti we're not related .

Me.......sorry handina kuzvinzwa .

Junior .......kana usina kuzvinzwa ,ko zvekuti huyai for breakfast wazvinzwa nani? The best way kutongobva hangu pano nemukadzi wangu ufurwe nemhepo Angel .

Me.......sorry Junior.

Junior.......sorry hakusiko kurespector mukadzi wangu .

Cee......daddy this is not right ,ndabika kuti mudye maakutangana nezvimwe . Tinozivana natete vangu ,I don't have a problem with anyone here ,
Don't worry about me ,now eat your food.

Saka zvekutsamwirana zvanga zvatopera kukitchen?

Juju..... ndozvauchaitawo kumukadzi wa Kayden here ? Ukamudaro anonzwa sei?

Cee.......she is very lucky kuti achandiwana ndaakuno , Ndaida kutombomu chemedza

chaizvo ,
Ndomatambiro ana tete nevaroora isn't it mom .?

Mom......correct .

Juniour akabva adzungudza musoro akatanga kudya hake.

Mom........handei uchindi

dropper kubasa Junior unozodzoka kuno namakoti handisi kuda kudriver ndega .

Juju......ndoda kutomboenda kunofurwa nemhepo nemukadzi wangu zvekuswera pamba no.

Mom.......unopfuura uchindi dropper dad vozodzoka

vachinditora .

Juju......madriver aripo hobho pano.

Me......I will drop you ....

Mom .......ok let's go .

Takabva tatongobuda namhamha ,
Patakasvika pabasa pavo I helped her kutakura mafiles avo kuenda kuoffice .
We met Mai Josh one of her friends vakatambira zvimwe.

Mai Josh.......wagona watouya na Angie nhasi, basa rakakumirira rakawandisa ,
Haungazvipe leave re two

months ka.

Mom......two months dzipi iweka ?(vakaseka ) Uri sei hako?

Vaidaro vachitopinda muoffice mavo, takabva tatongopinda tese ,manga makachena kuratidza kuti mai cleanwa everyday .

Mai Josh......ndiri bhoo wena ,mashura andakazoitirwa na Josh nhaimi?

Mom.......hanziiko na Joshua .

Mai Josh.......hameno kamusikana kaakavharira, ka underage hako ,now vabereki

vacho vaakutoti torai mwana wedu or else toita police case . Hakasi katori kamu form three chaiko.?

Mom.......nhaimi vana ava chiiko nhai?
Hakuna kana achamboita zvisvinu ,kumitisana nekutizisana kwega kwega hapana kana achamboziva kuti kunoroorwa kuchi chatwa.

Mai Josh......zvakaoma kani apa iye ari kuita kutsika madziro ,kuramba chaiko. Ane musikana wake ywekwaMutare uko .

Mom.......zvemusikana wekwaMutare hapachina taakutoda kamakoti kedu

kechidiki.

Mai Cee vakabva vapindawo vakamira kudoor.

Mom.......amukurungai .

They all laughed.

Mai Cee.......unotozvishaya nekuzara kwakaita vasikana munyika vanhu vanongoti take take nevangu vana.
Last year ndainetsana na Mai Josh nenyaya ya Mary now ndiwe Mai Angie ,Christina wangu matora .

Mom.......kuratidza kuti unogona kutrainer vasikana kuva vanhu kwavo

uchivadzidzisa kugeza .
Ndichatombokupawo Angie .

Mai Cee........ngaauye ,
One month only anenge
atwasanuka chaiko .
Hesi kana tete va Cee.

Me.......ndiri right .

Yakazoti yotaurwa hayo ya Josh uya haa ndakanzwiririra hangu ,
Vamwene vacho vai commenter nyaya yehunhu chete ,haa kwainzi aive nehunhu hunozadza mukombe makoti munyowani,
Vangu Mai vanga vasingagone newavo Christina .
Saka kana Josh akatora mwana

ane 15 years ini hangu 26 ndaizomuwanepi mukomana anoda chembere?,kureva kuti vakomana vanonge vachitoda tuvasikana tudiki chete.

Vakadzi vaya vakazobuda ,ndikatozoswera ndaakubatsira mhamha basa ravo .
Tichitaura nyaya hedu .
Ndakatoona kuti ukaswera pabasa unotovarairwa,
Kwekuwanira basa riri nani

kwacho ndokwainetsa .

Dad vakazouya vachitora mhamha ,ndichibva yndamboenda hangu nemutown ndichinowedzera tunhu twekudyira dyira mubedroom mangu .
Ndakasvika kumba ndakatoguta yndanga ndadya out .
Mom and dad vainakirwa ne

food yanga yabikwa na makoti wavo.

Basa ndakambotanga ndichitsvaga repamusoro racho ,ndikambotsvaga riri nani nani, But ndakazopedzisira ndaakutsvaga Chero .

Kubasa kwadad ndaigona kuriwana svinu but vaisatomboda kuti ndishande

ikoko ,
Vaienda na Junior always .
Patricia akazofona achiti ndakuwanira repa till muchicken inn.
Haa ipapo ndakaramba kurambisisa chaiko .
Ndakazofara ndawana repa reception pane imwe company at least zvanga zviri naniwo .

Semunhu anga asina kujaira kutaura nevanhu zvakanyanya

ndakangoshanda kwe one month basa rikatopera ,vanhu vaicomplainer kuti receptionist wacho anotsvinya ari rough , Ndozvandanga ndiriwo hangu ndaisagona kuzvichinja .

Later ndakazowana basa rehumanager pane imwe hotel , Ndakariwaniswa na dad vangu zveback door ,
Vakanditi ukaita zvekutamba ukadzingwa hameno hako.

Taive about four managers ndaitodzidziswawo hasa nevamwe vaivepo ,mumwe nemumwe aive ne department rake .
Zvaifamba bhoo hazvo ,ini hangu semunhu anga akadzidza zvaisandinetsa kuita.
Ndaimukira kubasa every morning ndichidzoka kumba manheru .
Na Christina taisawirirana zvachose ,though iye wacho

aimbozama kunyengerera . Kubasa kwaiita ndisafunge zvakakawanda Wanda .

One day takadaidzwa kuoffice kwemukuru wedu ,ipapo hana yangu yakarova ndakatongofunga kuti pamwe basa rapera . Ndichingopinda mumwe murume aivemo akabva atondinongedzera .

Him........ndiye munhu wandiri kutsvaga uyu .

Me......me???

Ndakadaro ndichizvinongedza ndakafinyama.

Him........pane zvandino kumbokubvunzai zvishoma ,ndabva ku police ndoshandira ku CID department .

Akabva anditambidza ID yake yebasa .

Me......but I don't talk to anyone ka inini ,so information yamungade ndeyei?

Him......please come with me musatya henyu .

He smiled kuti ndirege kuvhunduka.y
Ndakateera iye achifamba akaisa ymaoko muhomwe. Takabuda panze tikananga kwaaiti kumota kwake . Tichisvika akabva atendeuka akanditarisa.

Akambogadzirisa pahuro akanditarisa.

Him.....I am Joe ,you're Angel right.?

Me......yes.

Him......Sorry Angel ndini ndakudaidza ndoda

kumbokuonawo zvishoma ,kana muri mukati menyu hamubatike zvekumhanya kaumu?.
Plus magara munototyisa kusvikira nhasi ndangoitawo chivindi ,usandituke hako.

Ndakaita kakuvhunduka ndikatanga kumutarisa kubva kutsoka kusvika kumusoro ,anga ati kurei zvekuma 33 to 35 years ikoko .

Ganda rake raive pakati nepakati pemari ne nhamo .
Hembe dzacho ndidzoo dzemana topics .
Voice raive nekahutete ari wasu weku manicaland .
Anga akasimba hake asina kureba zvakare .
Ndaka imaginer ariiye murume wangu Hana yangu ikaramba zvachose.
Anga Ari complete opposite of my dream husband.

Me.......kundionerei ?

Ndakabvunza ndakatarisa pasi semunhu anga aane nguva yakareba asina kumbokumbirwa kuonekwa .

Him...... Angie unoonaka tese taa vanhu vakuru hapasisina

kumboswera tichitambisa nguva. nyaya iri apa ndeye kuti ndokuda hangu ini .

Me.......kundida mondizivira kupi ?

Him.......zvekukuziva hazvina kana basa hazvo ,
Kuuya ndakananga iwewe kunototaura zvakawanda .

Handingauye kuzongoti ndoda
Angel ka ndisingakuzive.

Zvaaitove ne rough nhai ?
Ndakati nyangwe ndagarisa
ndisina kunyengwa Chero
yndiri desperate zvakadii?
Ava regai vapfuure havo.

Me.......kana maakuda
zvekutaura neni mozouya .

Ndanga ndatotendeuka ndaakudzokera.

Him......sorry Angel sorry hako .
I am sorry unongozivawo chibasa chedu ichi ndochinondivhiringahandichat ogone kutaura zvakanaka .

Mupurisa no, handingambo danane nemupurisa ini .
Ndakamira paya achinyengerera ndichiramba ,kusvika ndazongomupawo number dzangu.
Manheru acho akabva atanga kutaura neni .
Ndopandakaona kukosha kwa Dee manje ,
Ndaiignore mamwe mamessage ake but anga atori

nani pane zibaba randanga ndawana apa .
Akandiudza nezvehupenyu hwake yhwese ,aigara ku Chitungwiza nesister yake ne two ma brothers ,
Amai vake vaive kumusha kuMhondoro .
Ndakatombo mublocker for two days ,ndikazo unblocker ndasurukirwa futi .
Ndopandaka zongobvuma ndashaya kuti ndodii?

Ndaimurambidza kusvika pabasa pangu ,
Kuonana taingoonana zve apo ne apo nenguva dziri kure .
Pasina kana hug kana chii ndaitonzwa kusemeswa naye.

Pasina two months tadanana aakutoti Mai vangu vaakuda muroora saka handei tinovaona weekend ,
Next weekend yacho toona vako.

Speed yaivepo hayo but ndozvaitoenderana neage yangu.
Ndakazvipira  kuzoshandisa mari yangu kumuchinja avewo someone muhupenyu .
Zvekuenda kuMhondoro ndakaramba ndakati Mai vako ngavauye ivo ku Chitungwiza kwacho.

Saturday morning ndakamuka

ndikabuda ndakapfeka dress rangu raisvika ynechemumabvi .
Ndakaisa make up ndikasprayer perfume . Mhamha handina kana kuvaudza ndaizovaudza ndagutsikana naye Joe uyu .

Ndaipuhwa madirections ndichienda ,ndaingoita zvekunzwa kuti kune nzvimbo inonzi Chitungwiza,y

Pandakasvika ku Chitungwiza kwacho , environment yacho yakatondiudza kuti noo Angie hakusi kwako kuno.
Muroad manga makangozara zara vanhu ,
Vamwe vanotengesa matomatoes nemango ,vamwe vachigocha tuchibage .
YNdakazosvika pamba pacho wanike yoo ,pane zvivana zvima zera nema zera zvakangozara zara ,

YNdakashingirira ndikaburuka hangu ,akauya iye Joe akapfeka ,track bottom re brown rine maline e green ne t shirt blue.
Ndakati kuri kunzi ndatorwa photo raiswa pa social media ndotarisepi nhaimi?
Zvivana zvaingomuzembera zembera achipuruzira misoro yazvo.

Joe...... welcome my beautiful queen ,

He said smilling.
Aida kundipa hug ndikaramba ndakapeta maoko ,
Vepama next door vanga vamira pama fence vachitarisa ,
Ndainzwa kuda kuchema netype yevanhu vanga vakandikomberedza ne type yenzvimbo yacho zvaisa

enderana neni zvachose .

Me........vari kupi Mai vako?

Joe.......vari mumba handei unovaona .

Me.......ngavauye pano ,haa mumba menyu handipinde.

Joe.......babie kani ndezvekungoita once zvotopfuura ,kungoouna amwene vako mozivana ,
It's not like uchazogara pano ndine imba yangu yandiri kuvaka muwaterfalls umu .

Zvemba yeku waterfalls zvakandipa Simba rekunopinda mumba .

Mumba macho ndakashaya kana pekumira chaipo ,
It was very small ,muine tuma sofa four ,karoom divider ,kitchen unit.....

Ndakaramba ndakamira kusvika Joe andibata ruoko akanogara neni pasofa .

Tuvana twuya twakati twopinda tuchizara zara

mumba ,

Joe.......mhoresai gogo munotambe panze .

Me......
Handisikuda kumhoreswa please .

Ndakadaro because twanga twaakuuya kwandiri.

Mai vacho vaingonditarisa vachizhinya vakagara pasofa reku opposite .

Joe........babie ava ndivo mhamha vedu ,mhamha uyu ndi Angie shamwari yangu .

Her......tafara ynekukuziva mwanangu .

Pakati "Tafara" pakandirovesa nehana ,aiveko hake ndichisangana ne tsvina dzevakomana kudai ?,
Dai asina hake kundi blocker zvaive nani ?
Mai ga Joe
Vaindibvunza tumibvunzo vachipindurwa nemwana wavo pfungwa dzangu dzaive kure kure .

Chikafu chakauya ndikarambira kure chaiko ,ndaitonzwa kumira moyo .

Me......ndaakuenda.

Joe........before you go handei umbonowaridzawo bed yangu babie.
Umboonawo mubedroom

memuface wako.

Me.....
Ndichi suffocater ndiri muno ,whatmore karoom kadiki kune kanaka ?

Ndainyatsonzwa kusvotwa chaiko chaiko ,
Ndakati kana ndichifa ndisina murume ngandife ,zva Patricia

zvekuti hee kana wako akauya ari murombo yingobvuma apa zvaisashanda .
Ndichibuda panze zvivana zviya zvanga zvakaungana pamota yangu .
Joe
Akasara achiteera mumashure namai vake ndofunga ykwaive kuda kuperekedza ,
Ndakapinda mumota mangu ndikaridza bhero ndikabuda ndikaenda ini .

Ndainzwa kuvaviwa muviri wese,
Ndakasvika kumba ndikambotanga ndageza ,ndichibva ndazotora phone yangu .

"Sorry babie I didn't know kuti zvinga kutsamwise "

Message from Jonah.

Ndakanyora zi message ndichimuudza nhamo yake nehupfumi hwangu ,ndichibva ndamuudza kuti haufe wakaita weclass yangu zvachose ,nyangwe ukaedza zvinengei ?

Ndakamuramba ndikamuudza kuti ukaramba uchinditeera unofira mahara ,
Ndichibva ndamublocker ,after

sending those messages ndakabva ndambotura zibefu . Ndichinyatsonzwa kufurwa nemhepo chaiyo.
Y
Ko ndanga ndapindwa nemweya upi ? Kana iko kuda kuroorwa kwacho . Ndakatozviseka ndega hangu .

End of chapter.
[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

He changed me completely.

Story by Felistas

Contact 0783857336

# Chapter 14

Angel

Joe akatondivhurirawo luck , ndanga ndaakutombonziwo "hesi" nevanhurume , Atleast anga atombodzinga munyama.

One day ndakanzi nemumwe supervisor wechirume.
"Let's go for lunch Tete Angie,ndimbo blinger wo pane

vamwe "

Me...... What happened to you people,
Kare maiita kunge musiri kundiona kana kumhoresana kwacho maiita kunge musirikuda.

Him...... Kwaitove kutya kuye ,fear chaiyo muromo wairamba

kuvhurika uyu .

Me....... Kutyei nhai?

Him....... Class yedu neyenyu yanga isingaenderane ,.

Me......ummm papi pacho?

Ndaidaro ndichida kunyamunzwa hangu.

Joe.......kwamunobva ne zvamungori zvacho moita kunge munhu we muMagazine tete Angie .

Anga anyatsoita kuti ndimere mapapiro .

Me....... Saka makazonzi nani mutaure neni ?

Him....... Takaona blaz vekaHonda fit vatopinda tikatoona kuti hamutyise kana kaone .

Ndakanzwa kunyara , pana Jonah ndanga ndazvidzikisa

kusvika pekupedzisira.

Me..... Hapana zvanga zvimboripo ndoidii mbudzi yakadaro?, pana boss wake aitomutumawo.

Him...... Manje iye aibva atozvikoresa kuti ndakatobata babie.

Ndakasekera svoto .

Me...... Maiona zvichiitawo here kana ndimiwo .?

Him........ Tàkati ndiMwari anosimudza marombe muguruva .

Achizodya nemadzimambo.

Me....... Hakuna tsumo yakadaro ,.
Kwandiri iya itsvina iya .

Akabva aseka hake , Handina kuzomboenda naye kulunch, vaitozofamba vachinyepa kuti Angel adonha.

Kubasa kwaifamba bhoo, kumba ndokwaisvota nechimukadzi chaJunior nechidumbu chake, ndaishaya kuti ndodzinga sei imbwa iyi pamba pedu .
Aiedza nepaaigona napo kundiitira zvese ndabva kubasa , but kumuvenga ndaitomuvengera nyaya yake yekundinyadzisa mutown , nekuzoda kuroorwa nebrother yangu .

Mazuva akafamba ndaienda kubasa everyday hangu pasina problem ,
Ma weekends ndainozvidyira hangu food yangu kwakanyararira.

Rimwe zuva Mwari vakandinzwawo ndiriko kumafura mhepo,
ndikasangana nejaya rainzi

Sammuel, airatidza kuti mari iripo and anobva kumhuri svinu kwete zvana Joe zvekundiendesa kutsvina ikoko .
Pabody voice ne complexion anga asiri type yandinoda ,but pa cash ne kuchena ndiye aive wangu chaiye.
Paakakumbira number handina kumbononoka kumupa ndanga ndoda zvemba manje ipapo .
Manheru acho akabva

atokanda shoko , ndikati ndada hangu .

Kubva ipapo
mufaro wangu wakawedzera chaizvo , namhamha vangu vakazvi noticer.
Vakazonditeera kubedroom mumwe musi ndaakuda kurara .

Mom....... Kwaane mukuwasha

ka?

I nodded ndichi smiler .

Mom....... I saw it through your eyes ,
Congratulations .

She said hugging me.

Me......I am happy mhamha , finally ndazowana munhu kwaye kwete kapuppy kandanga ndawana.

I told her zvekuenda kwana Joe zvese .

Mom...... Saka wakatoenda kumaintro usina kundiudza ?

Apa wega futi ko dai wakavharirwa mumba imomo waiita sei?

Me....... Ndichimbovharirwa ypai mulunch box imomo? Kamba kacho kuita kaiko ndingakafananidze neiko?

Mom....... But kana muchidanana hapana problem

Angie, Mwari vanongo ku blesser nemurombo iyeye chinodiwa mumarriage I happiness ne love chete.

Me....... Kune zvimwe zvisingabude mhamha.

Mom....... Wakambonzwa history yamai Cee na baCee.?

Me........ No mhamha handina kuinzwa hangu, but haa pane zvimwe zvisingaite .

She told me matangiro akaita Mai Cee imba , kuoma kwazvanga zvakaita nekwavanga vabva .

Me......
Ndazvinzwa mhamha but inini hangu saAngel zvehupenyu hwunonzwisa tsitsi noo.

Mom....... Handiti une mashares here ? Waizongotangawo something naye .

Me....... Zvichimboitirweiko mhamha?
Munhu anodanana ne class yake .

Mom....... Hausati wasangana nesoulmate yako Angie uchiri kutotarisa zveclass ?
Dad vako ndozvavaiita izvi but vakazongotora Clara wo hake wani ?
Munin'ina wamaid wavo futi ,

wavaipa mari, ndozvinoita rudo izvozvo.

Me....... Kuti mukomana ane mari atore musikana murombo zvinoita , not kuti inini nditorwe nemunhu wekuChitungwiza .haa no no no.

Mom....... Angie ukadaro

manje unotambudzika mumba mako, and haumbozofi wakaona chinonzi true love muhupenyu hwako. Ingotarisisira zvese parovera hana ndipapo.

Me........ Dad vangu havatambire mari yetsuro mhamha .

Mhamha vakaseka havo vakaombera maoko, vakatanga kundibvunza about mukomana wangu ndichivaudza nezvimwe zvekunyepa ndanga ndisati ndanyatsomuziva.
Vakasiya vaita munamato vakaenda havo.

Ndakasara ndichingotarisa phone yangu kuti pamwe aisa imwe message but hana .
Ndakazongotiwo "good night

",

but Haina kupindurwa . Akatozoisa message makuseni ,

"Hanzi morning sweety , ndakasiya phone pandaiita meeting nadad manheru ,you know ana dad vedu ve bussiness ava vanobva vakanganwa kuti varoora vanodawo time. "

Ndakanyemwerera .

" Don't worry honey , he is doing it for us , for our future "

I replied tichibva tamboti taurei taurei zvekuti ndakasara ndichinyatsonzwa kamwe ka happiness Soo.

Ndakagadzirira ndikaenda kubasa,
Lunch time ndakaigirwa hot meal nemunhu wangu , ndakabuditsa tumisodzi twemufaro .
Anga asina kunaka hake zvandinoda but ndaingofara kuti ndadiwawo nemunhu we class yangu .
Days passed na Sam taisangana every weekend kunzvimbo yedu iya .

One day as I was passing paroom paJunior door ranga rakavhurika ndakanzwa Cee achitaura paphone .

Ndakangonzwa achiti "Taa please usadaro Inga ndakati taakugara zvakanaka wani?

Hameno kuti Taa wacho akatiiwo.
Ndakanzwa Cee aakuti.

"But zviri normal kunatete nemuroora,
Ukatodaro unenge waakutotambudza neniwo hako, I am now part of the family dambudziko ravo nderangu."

Akambonyararara zvekare . Ndikazonzwa .

" Taa kani sei usinganzwe?"

Ndakapinda ndikanobvuta phone iya ndikaisa panzeve dzangu.
Ndikanzwa .

"Ndinenge ndichitoitira iwewe Cee I won't harm anyone...

Phone yakabva yabvutwa na Cee.
Ichibva yadonha pacarpet.

Me...... Haunyare kutohura zviri pachena kudai ?
"Taa Kani " pamba paani pauri kuyemera boyfriend ? Munhu akaroorwa haunyare?

Akamboramba akanyarara akandiyeva.

Cee........tete kana Paine munhu anonzi Samuel achazokunyengai,kana akatokunyengai or wamuri kutodanana naye ka,please siyanai nemunhu iyeye. haakudei he is acting ane

mukadzi.
Anoda kuzokurwadzisai chete tete.

Ndakasimudza ruoko ndichida kumurova mbama ndikazozvidzora.

Me....... Ukataura anything pamusoro paSam again, ndokabvisa kanhumbu ikako ukadzokera kumba kwenyu

zvakanaka.

She smiled achinhonga phone yake pasi .

Cee...... sorry henyu tete but I care for you,handikuvengei ndotoshaya chamunondiverengera takadai titori masisters .

Ndakatendeuka ndikafambisa ndichinzwa mazihasha ndikabuda panze .

"But aziva sei kuti ndaakudanana na Sam ?"

Ndakambobata kumeso nemaoko ese ndichiedza kufunga kuti ndodii? Ndodzokera Kuna Cee kwacho

here kana kuti ndofonera Sam wacho?
Ndakaona kufonera Sam iriyo best way because ana Cee ndiyo type isingade kuona kubudirira kwemumwe .

Ndakadzokera mumba ndikanomufonera .
Pekutangira ndopakandinetsa .
Ndakazongo zvishingisa.

Me.......Munhu anonzi Christina Kachuru anokuzivira kupi ?

Akamboti nyararei zvishoma .

Me.....hello.

Sam.......hoo uyo aimbove friend yangu kare asati aroorwa .

Me.......asi ndiwe Taa?

Sam.......
Handisi Taa .

Me.......but unomuzivaka ?

Ndoda kungomuonawo please
Chero photo haro.

Sam.....
Yaa ndaingomunzwawo na
Cee ,
Anga asingauye uye ku
Zimbabwe .
Iye haatombondizive .

Ndakaona kuti apa ndanyeperwa but kuti ndirambe ndichitaura zvemumwe mukomana pane mumwe zvaisabuda . Ndakabva ndangomuudza zvandanga ndaudzwa na Cee. Achibva aseka hake .
U
Sam.....
Anorwara Cee ,Ari kuti handifanire kudanana newe because ndaimbove friend yake

.
Hanzi hazvizoite kuti ndiite mukwasha wake .

Me.....zvaanotorwara nhai .

Sam.......but usanditambudzirewo friend yangu Angie please I beg you.

Me........asi makambodanana ?

Sam.......no aingove good friend .

Me.....saka sei uchinyepa kuti hausiwe Taa.

Sam........nhai babie Taa chii chako ?
Why uri  kungoramba uchitaura nezvake ndiudze hako pachiri padhuze .

Me........Sam please ,why uchikurumidza kuita shanje ?, Friend ya Cee yandinongoziva iri very close ndi Taa ega ,sorry hako kana

ndakukanganisira .

Sam.......it's ok honey it's just that I am jelous,wakanaka Angie wangu .

I started blushing .
Achiseka hake paphone ipapo,aka dedetemba hake mwana wevanhu.
Akabva ato kundinyudza

mudziva rerudo,zvekuti ndakatombokanganwa nhamo dzese .
Ndanga ndaakuda zvemba ini . Vezera rangu vanga vatove ana Mrs ,ndichingove Angel chete . Ndichibva paphone ndakatsvaga Cee ndikamushaya ,Ndakati handinga tadze kuroorwa nemunhu wandinoda for her own selfish reasons ka. Ndakamushaya mumba mese

ndofunga anga abuda .

Ndakazotaimira manheru
vanhu vese vagara mulounge .

Me......mhamha na dad I know
maakutonetsekanawo kuti why
Angie asiri kuroorwa,
She is beautiful wani ?
But time yangu yanga isati
yasvika ,wangu anga asati
auya.
ndakazowanawo mukomana

wangu anoda kuroora anonzi Samuel .
He is from a rich family ,
And anondida nemoyo wake wese .
Iniwo ndinomuda nemoyo wese .
But paita nyoka pakati pedu ,
Satan chaiye anofamba nemakumbo handizive kuti anoda kuti ndiite seiwo ?.
I know kuti muchamurambira henyu ,you're going to support

her even if she is wrong .
Ko inini ndonzwikawo nani hangu ?

Dad.....taura nyaya yako zviri straight Angel .

Me........your beloved  daughter is the snake .(ndakanongedzera Angel)

Mom........hezvo nhai Angie ?

Junior........imbomupaiwo mukana ataure mhamha .

I explained ndichiisa nezvimwe zvekunyepa .

Junior.....saka zvekuti wakambodanana na Sam zvine basa rei?

Akadaro atarisa Cee akaunyanidza mhanza.

Cee......handina kumbodanana na Sam ini ,ndakatomuzivawo a few days ago.

Junior........handidi kunyeperwa Cee unozviziva , explanation yako yatotaura zvakawanda , Uchiri kuita zvekuzivana nevanhurume uripano pamba pangu ?

Junior anga akunzwa hasha zvandaida chaizvo .
Ndaida kuti vapesane Juniour awanewo mukadzi ane age iri Nani.

Mom........Cee mwanangu you don't have to interfere mu love life yaAngel ,
Zvekuti maimbozivana nemukomana waAngie zvakatopfuura ,
Now ave mukuwasha .
Another thing zvekufonerana nana Jonh nana Peter hazvichaite kana waroorwa kudai ?

Zvinokanganisa imba.

Junior........Cee akataura na Taa paphone handina kana problem
,
But ana Sam vaakutaurwa ava Cee ka?

Ndaingoti dai adira munhu mbama mhani .

Cee...... sorry dady .

Dad........tarisai maside ese please ,munhu wamaakuita take take naye mwana wevaridzi kauyu ?

Mom.......kutongotaurawo hangu zvandaona sezviri right

,Cee mwana wangu uyu .

Junior........dad mukadaro maakutokanganisa ,Cee haaite zvaanoda anofanira kuziva muganhu nemafriends ake semukadzi wemunhu,
Number two anoramba kuti Angie aroorwe anomudii pano?
,
Chero musina kuita mwana mese na Sam wacho hapana

chinomutadzisa kuroora Angel. Uri kundinzwa here Cee?

Anga aita zvekuburitsa ziso chaizvo.

Mom....... Junior usangoite tuhasha tusina basa ,Wanzwa pane point yangu here muroora?

Cee......ndapanzwa mhamha.

Sorry tete handichazviite futi .

Me .......ndikarambwa ndiwe
Cee ,imhosva yako,
Ndatokuudza Soo.
Mamessage ako ndamaona
kuphone ya Sam.

Me......tete please .

Anga aakutoda kuchema,

Junior akabata mukadzi wake ruoko vakabuda ,ndakanzwa godo chairo ,ndaitarisira kurambana kwevanhu,but it seemed Junior wacho ainzwisisa mukadzi wake anga atozviona kuti kunyeperwa . Ndakapinda muroom mangu ndikatryer phone ya Sam haina kana kudairwa , Akazopindura makuseni achitaurawo zvimwe . Nekunyura kwandanga

ndakaita murudo handina zvandakambofungira .

Weekend Sam akati ane kwaaida kuenda so taisakwanisa kuonana,ndikangoti it's ok . Ndakaswera hangu ndiri pamba ,
Kuma past three ndopaakaisa mesaage achiti huya tisangane out of town ,

Achibva atotaura nenzvimbo yacho yatainosangana.

Ndakaenda hangu ndichinzwa kakuneta neta ,
Ndichisvika paya ndakanogara hangu mumota ,ndichibva ndamuisira message yekuti ndasvika .

"Une mota yerudzii?

Akatumira message

"Hamuizive here mota yandinofamba nayo maweekends dad?"

I replied.

"Angie kani you're wasting our

precious time ,dai tatove pane imwe level Soo"

"Level yei ?"

Ndakadaro because taingogumira pahug no kiss kana kudii hako.

"Bae"

Ndakaseka hangu ndichibva ndamuudza pandanga ndiri chaipo ,ne colour yemota ,nezvandanga ndakapfeka .

"Ok ndimirire panze pemota,"

Ndakaseka hangu ndikaramba ndakagara mumota .

"Buda kani babie, pane munhu wandiri kuda kuti akuone."

Sam was acting strange that day ,Hana yangu yaive nekakusagadzikana.aisambodaro mamwe mazuva ese. Ndakaramba ndakagara hangu ,ndikazonzwa ku knocker pawindow .
I opened the door ndichitoseka hangu ,
Mufaro wakapera ndaona

Paine vakadzi vanenge four ,two mazi giant ne vamwe maslim.

"Burukai mainini tinzwe ,ndimi munoita basa rekutora varume vevanhuka.?

Hana yangu yakarova ndikanzwa kakupera Simba,

"Kuda kutojaira zvisina basa" babie babie" kumurume wemhunhu?"

Ndakambofunga kuti ihama dza Sam dziri kutamba hadzo ,but ndakatozoona ndaakudhonzwa zvisina tsitsi ndikabuda mumota , Ndikagadzikwa pasi chaipo vachibva vandiunganira . Nzvimbo yacho yanga

yakanyararwa .
Pasina kana vanhu vaipfuura pfuura.
Ndakaona kuti zvekuvaratidza kuti ndiri mwana waani zvaishanda ipapo .
Ndaizovaratidza hangu later .

"Tiudzei mainini muri kuzvifambisa sei na Sam ?"

Vanga vazvinzwa na Christina hakuna mumwe , Ndakapindurawo ndichinzwisa tsitsi ndikatsananagurawo kuti hapana chandaiziva .
Lucky vakakurumidza kunzwisisa vakazongosiya vandibaya baya musoro.

"Next time tanga watarisa age yemunhu wauri kudanana naye ,tinokudzura zvibvudzi

izvozvo.
Deleter number dzake izvezvi.
Phone yake ndini ndinayo iyi. "

Neiwayo vakabva vaenda ,
I had never been humiliated like that in my life,but because of Christina ndanga ndapinda nemakawanda .
Kudzikisirwa kusvika pekupedzisira chaipo.
Ndakasimuka ndikazvizunza

zunza ndainzwa kuda kuchema nehasha .
Kunze kwanga kwaakutosviba ndakapinda nemutown hangu pasina chandaida imomo,
Ndiri pakati pekudriver ndakaona call from Sam,
Ndakadaira hangu zvakapora pora.

Sam."honey I am sorry"

Me."saka waida kutamba nepfungwa dzanguka?

Sam."sorry kani sweety"

Me."une mukadzi here Sam"

Ndakamirira mhinduro hana yangu ichirova .

Sam,"ndinaye Angie but ndoda iwewe ,

Me."unondidii?

Sam."unosanono gara kumba kwangu kuChitungwiza babie ndichigadzirisa zvinhu"
Y

Ndakanzwa kunge kune munhu wechirume  akaseka ari paside pake,ndikaziva kuti i team Jonah iyi kwaingove kuda kundiwachisa panga pasina kna rudo.

Me.....imbwa yemunhu unoona kunge ndiri type yekuChitungwiza inini?

Sam." Saka uri type yekupi nhaiwee?
Jonah wawaitotsvinyira atori nezvinhu zvake zvekuzvishndira ega ,kwete iwewe dad vangu, dad vangu shanda zvako.
Wakambonyatsozvitarisa here ?
Unoita kunze kambuya hako kapedza ma Christmas ,hauna kana shape ,
Kungo tsvuka kunge ma paw

paw akaora chete...

Ndakatukwa zvekuti ndakarwadziwa kusvika pakaperera ,ndakamboda kutukawo but munhu wacho aitoratidza kuti ane hasha dzisingaite.
Ndakazongo cutter phone ndikamu blocker.
Y
Ndakasvika Kumba past nine

but vanhu vanga vachingorimo mulounge.

Mom.......nhai Angie mwanangu ? I time dzekuuyawo pamba here idzi ,nyangwe kukanzi wakura kwacho.?

Ndakaeredza misodzi . Ndakatarisa Cee.

Me......zvaitaka zvawaida ndarambwaka.

Mom.......kureva kuti panga pasina rudo mwanangu , Wako haakurambe nekuda kwemumwe munhu .

Me.......mhamha anga ari

wangu but Cee ari selfish anoda kugara na Junior apa achidananazve na Sam . Atoisa mamessage Kuna Sam achitaura zvekuti ndirambwe mhamha.

Mom....kana achidanana navo vari two i luck rake ,iwewe tsvaga mumwe asiri waCee kunze uko.

Cee akangosimuka akananga kubedroom kwavo.

Me........mhamha munhu uyu ngaaende kumba kwavo, Junior ndiye wamuchauraisa .

Mom.......phone ya Cee yaenda na Junior kubasa nhasi ,makoti

haana kana phone paari ipapo and anoswera ari busy haana nguva yekunyora mamessage. ,
Kana uchirevesa kuti number yaCee yaisa message
Bva Juniour wacho ndiye aisa mamessage iwayo .
Ndisiirewo mwana wangu uyu Angie wanzwa? .
Tichakonana pano nekuda kwa Cee iyeye .

Vanga vatokwidza izwi Mai vangu.

Mom.......kunamata haudi ,kuenda kuchurch chaiko hauchadi ,
Uchachembera uchingoita godo nemuroora ,kutomutadzisa kugara zvakanaka pano.
Ndichabva pano na Cee na Junior ,

Ndini ndiri kutovarambidza kuenda pavo vega Cee mwana mudiki ane nhumbu yekutanga inogona kumunetsa anotoda munhu mukuru ,
Otherwise dai vakatoenda kare kare kunogara kwavo vega . Ndichakusiya uchigara pamba pababa vako ndoenda nevana vangu ,munhu wepi asingafunge kudzikama?

Vakapopota amai vangu zvekupopota zviya .

Hupenyu hwangu kwahwanga hwave kwanga kusisa dzoreki manje ,ndanga ndatove wild animal chaiyo chandaingofunga chete i revenge..

End of chapter.
[08/07, 22:26] +27 65 996

8531: Onsale

He changed me completely.

Story by Felistas

Contact
0783857336

## Chapter 15

Christina

Pandakabuda mulounge maive natete Angie na mhamha misodzi yangu yaiyerera ,
All this is happening because

of Taa ,yes tete Angie vakandivenga ,but Taa arikutowedzera moto wacho . Ndakatora phone yaJunior ndika beepeer Taa wacho achibva afona.

"What kind of a brother are you ?I am now regretting kukuudza maproblems angu. Chisiyana neni hako Taa hatizivane ,hatina kumbobvira

tazvivana"

Ndakadaro misodzi ichingoerera,

Taa wacho akamboramba akanyarara achiteerera kasound kekuchema kwangu.

"It's ok ,but iwewe usandiudzewo nyaya dzako ,ukatondiudza ndotoita

something chete "

"Saka ndoudza ani zvinondinetsa?'

"I don't know "

"Taa nyaya dzinondinetsa ndiwe wega

wandakasununguka kuudza ,handigone kurega kukuudza chese chandibata because I believe you're the right person "

"What do expect me to do after telling me kuti tete vako vane hutsinye?."

"Ndoda  undiudze kuti shinga

Cee zvichanaka "

"Manje inini handidaro ,kana uchida munhu anokudaro usandiudze,you better tell your husband "

"Taa usadaro"

"Handidi kunyaudzwa

nechinhu chimwe chete Cee ,ndikakuti shinga ,mangwana unouya futi uchireporter kuti ,Taa zvazonyanya uchichema sezvairi kuita izvo, now ndoda kukubvisira dambudziko racho zvachose."

"Unoda kuita sei? "

"Ndoziva zvandichaita "

"Kubvisa zvachose kuuraya munhuka Taa.?"

"Handiuraye munhu ini , Ndoda kungomubvisa pauri chete for a short time ,paanodzoka anenge ave bhoo"

"Unenge wamuita sei ?"

"Anoshota shamhu uya uya anoda shamhu ine munyu "

"Taa ka,"

"Ari kushaya anomudzikamisa?"

"Saka unoda kumudzikamisa?"

"Ndotuma munhu "

"Ani? ,wakatuma Sam zvinhu zvikaita worse wani ?"

"Wandiri kutuma izvezvi haatombotambise nguva manje.Sam anotya mudhara

Rukato,
Ari kuuya izvezvi
anomunopa AIDS ,sick
nenhumbu odzikama kaone"

"Uri Satan wemunhu!

Akaseka hake zvinyoro nyoro.

"Ndotamba hangu Cee

,handidaro unondiziva wani? Handina kana basa naye tete vako ,Sam akatongonzwa ndichitaura nezvako ,pataitaura zvekuti ukaroora uine sister inenge Angie mukadzi wako anoonda ,
Ndopaakati ndoda kumbonomudzikamisa Angie wacho.
But uchenjere kukanganisa mwana wevaridzi nekuchema ikoko ,

Mashoko haaiswe muhana Cee ,ukafungisisa unopedzisira waakuchema unoita stress ne bp.
Ignore her unongozviudza kuti ndine benzi ratete.

Ndakamboseka.

"Chero vasiri kukurova ,just ignore kungoti tete ndozvavari

"

"Ok I will try "

"Ndagona ka?"

"Yaa thanks bro"

"Ndikunzwe futi uchiti tete tete ,handichade kunyaudzwa waamukadzi mukuru iwe. Dzidza kuzvimiririra ."

I smiled ndichitomuona Taa mumaziso mangu ,

"Kana zvanyanya ndofona ah "

"Ndichaku blocker, very soon ndinenge ndaane mukadzi"

" Ani iyeye "

" Waunoziva iyeye ,takatoita maintro pakauya mhamha na dad kuno,ndikaenda naye Kuna

Tete Sandy ,ana bamukuru vese vaakutomuziva, kwasara kunoroora "

" Vanondinoziva vakawanda ,taura chaiye chaiye "

" Rachel"

" It's serious Taa "

Ndakascreamer nemufaro ,Rachel aive munhu Ari bhoo manje .

"Rachel ane mavotes nhai ? Tanya(sister yake) akafara zvisingaite "

" Uya ndiye anotokugona Taa,ndafara hey undipe

number dzake handisisina"

" Unoda kumutii?"

" Ndomuudza zvekuita ,kuti asasiiwe"

" Nhumbu?'

"Correct "

"Inga unondiziva wani ,ndozvara kana ndaakuda "

Takaseka tese ndichibva ndaisa phone yaJuniour payanga iri, Iye anga aenda kufarm kwa Dad vake kuMarondera

hameno zvaida kunogadziriswa
.

Ndakarara hangu ndakatarisa mudenga ndichishaya kuti ndosvikepi ne type yatete vakadai ?
Ndichitoda kumubatsira otondipandukira .
Lucky Junior anga andinzwisisawo , dai Ari mumwe ndaitorambwaka ?

Ndiri mukati mendangariro Junior akabva afona.

Me...... Hello.

Jun...... Asi wanga wakotsira ?

Me...... Ayewa.

Jun.......unokotsira sei piritsi

rehope risipo ?

Me.....Inga unozviziva wani. Kana usipo handirare.

Jun.....ndouya naro piritsi rako .

Me.....ripi iroro?

Jun.......iri risingapere.

Me......kwana iwe.

Jun......hauna mufaro babie wangu.

Me......ndofara sei usipo?

Jun......I wish I was there with you , I heard mhamha vachiti wachemedzwa na Angie nhasi?

Me...... Handina kumbochemedzwa ini.

Jun..... Saka mhamha vanonyepa here?

Me....... Ayewa havanyepe vangoona mabviro andaita mulounge , vakafunga kuti ndazochema.

Jun...... Wabva uchida kuchema ka?

Me....... No.

Jun....... Zvaakupera babie tamboshingirira zvaramba ,watambudzwa for a long time, Angie anopedzisira akuuraya . Taakunogara somewhere kusvika wasungirwa .

Me...... Unoenda wega maybe ndiwe uri kutambudzika pano.

Jun....... Nharo dzako idzodzodzo .

Me....... Kubva pamba hakugadzirise zvinhu dady , Angie I sister yako nditete vangu , nditete kuvana vangu . Kubva pamba kunoita kuti tisazowiririrane zvachose , Vanotozoti makoti akatiza nebrother yangu .

Akamuka achikuona everyday pamba mumwe musi achandiregerera .

Junior....... Hausi kunzwisisa zvandiri kutaura Cee, I am saying anogona kutozoita kuti nhumbu ibve.

Me........ Hakuna zvakadaro ,

ipapo ndaramba .
Angie anotonyatsoziva kuti mwana ari mudumbu mangu ihama yake chaiyo chaiyo , Nhumbu haabvise hazviite .

Jun....... Christina nharo dzako unodzichera paiko iwe?

Me...... Kune zvimwe

zvisingaite dady , ndakaroorwa kuti ndi mantaine rudo rwenyu , nekubatana sefamily not kuparadza .

Jun...... But babie you're in pain ndozviona hangu ,
Paya the whole family including me tanga tatokupandukira because of her lies, kungoti ndakakurumidza kudzosa pfungwa ko dai

ndakakurova?

Me........ Zvinowanikwa mumarriage , imba inosimbiswa nekurwa.

Jun...... Unozo zvimiririra here izvi?

We both laughed , tikazomboti taurei taurei  ndichibva ndazorara hangu .
Makuseni amwene vakandimukirira kuma past five chaiko ,
Hanzi muka ugadzirire pane kwatinoda kuenda .
Ndakangomuka ndakanyarara ko ndaibvunzei hangu , face yavo yaitoratidza kuti Havana mufaro .
Later vakadzoka vachiona kuti

ndapedza here ?
Ndanga ndatopedzawo hangu .

Mom....... Take a few clothes with you, handizive kuti todzoka riini.?

Me...... Ehoi mhamha.

Mom.......ndakakumirira

kulounge.

Me......ehoi.

Chekubvunza ndanga ndisina , aitove nesimba rekubvunza ndiye mwana wacho Juniour.
I packed ma dress angu , plus a few things zvekushandisawo pakugeza nezvimwewo .
Pandakaenda ku lounge

ndakawana Angie misodzi ichierera ,achiedza kukumbira ruregerero Kuna mhamha vake .

Mom .......inini handisi kuzotadziswa kuenda kwandiri kuenda nekuti wachema Angie ,
Ndotadza kufamba kuti uri mwana mudiki here?

Angie.......but muri kutiza ininika mhamha ,nezuro makanyatsoti Moda kubva nemuroora wenyu ,mondisiya pamba pababa vangu ,mhamha please handina chandichataura hangu pano.

Mom.......ndiri kumbonofurwa nemhepo Angie ndinodzoka.

Angie.......ko iniwo mondisiirei Cee murikuenda naye wani?

Mom .......Cee hazvitoite kuti ndimusiye ,akazvitakura and anything can happen. Ndotofamba naye kwese kwese .

Angie.......mhamha musatsamwe kusvika ipapo , Ndofara sei zimba rese iri ? Kana musipo dad vanodya kwana Mai Anashe.
Apa Junior haapo.

Mom.......saka uri kutii Angel? ndorega kufambira zvandiri kuda ?

Angie......kana muri kunodzoka

handei tese .

Mom.......no problem rongedza tiende .

Takazobva pamba paye tiri three natete na mhamha. Mumota manga musina nyaya ,Mai nemwana vanga vakagara kumberi ,ndakagara hangu kumashure .

Mom.......Mai vangu havasati vambokuona makoti ,apa ndaakutomboenda newe kwaGutu hameno kana uri comfortable ,sorry ndazokuudzira muroad.

Angie......ah mhamha kumusha? ,ayehwa ah ndiburutsei henyu ndifonere tax ndidzokere.

Mom......ndabvunza muroora wangu uyu kwete iwewe.

Me.......ndiri kutofara mhamha ndombonodya ivhu repachuru .

Mom.......amai vangu ndiva Chihera ,mukatadza kuwirirana ropa wotosimba moyo

vanotaura zvavanoda.
Zvimwe zvekuti unotochema asi hapana zvandingaite ndivo mbuya va Junior vanofanira kuti vakuone.
Asi ummm pane basa hombe chairo ndeve kuto ignore, Ndoona sekuti Angie ndiko kwaakarerekera .

Angie.......ndiburutsei mhamha pachiri padhuze handidi

zvekumusha ini .

Mom......dzikama iwe mukadzi mukuru, ucharoorwa neasina kumusha here ?  ,kunoruma here kumusha kwacho?
Zvako Cee mwanangu kune magetsi ,borehole water , a very big house ,hakuna kumbosiyana nekwedu kwatabva.

Me.......ndakakuona hangu paphone paJuniour.

Mom......Havana kuuya patakavaudza kuti kwaane muroora ,vaive nedzavowo mumusoro achihera . Handiti ana sisi vangu wakavaona veseka?

Me......ndakavaona vese .

Mom......good .

Angie akatozoona kuti zvekusara hapana apa , Takasvika kumusha Kuma to five ,taifamba tichizorora muroad ndichiratidzwa nzvimbo.

Takatambirwa nasekuru vaivepo ,
He was very happy to see us ,
Angie ndiye aingofinyama finyama .
Sekuru vaye vakapinda nesu mumba vachitaura nyaya namhamha .

Mom.......ko mbuya varipi?

Sekuru.......hameno vapinda na mbuya Mugaiwa mukati imomu ,hanzi ndikuratidze coshtom yandakatengerwa ne mwana.

Mom.......havadzikame nanhasi mbuya vaTariro.

Sekuru...... zviri kutowedzera

,ndoona sekuti pfungwa dzavo dzinotomborasika,
izvezvi vakada kuti musikana wacha hembe dzese itsva idzodzo uise pawaya panze apo ,kuda kuonekwa,
Dai makatoisa durawall rematombo kwete fence iyi .

Takaseka tese .

Mom.......zvambuya vaTariro

zvinoda akashinga moyo , Variko here vekwa Mandishora ?

Sekuru........variko avo vanga vatori pano masikati anhasi ,vachitora mbeu yembambaira mugarden umo.

They continued to talk and talk ,

Ana mbuya vaya vakazobudikira later .

"Yuwii yuwii yuwii mukati nhasi handichafi?zvariri shura Ndi Angera here uyu?"

Vaitono mumbundira Angie wacho akabva afinyama zvekusatoda.

Gogo .......chifambai mbuya va Mhozi ndichamboita zvevaenzi vangu .
Mouya momhoresa vaeni mangwana.

Vakabva vagara padhuze na Angie .

Mom......makadiiko muchembere?

Instead yekudaira kumhoreswa vakabva vanditarisa .

Gogo........ndakazviona mhani kuti murume waKira akasvinukisa ,haana kusvinirwa, hezvika wakavigirwa kamwe kamurungu.
Zera newako June .

Ndaiziva kuti haashaye mwana wemusango ,kubva aita sa Angera chaiye ,unemoyo wako wega iwe ini handigashire zvakadai.

Mom......mhai Kani ndamboti ndataura here?

Sekuru.....mbuya vaTariro tichakonana pano.

Gogo.......bva chitaurai tinzwe.

Mom.......ndichataurei ? Mwana waRyan wemusango uyu ,handiti matotaura kare.

Gogo.......ndazvireva wani ?imi sekuru va Angera ndimi munoda kungoti chino chino

sekuti munoziva zvese .

Mhamha vakabva vatobatidza phone yavo vakatanga kubaya baya ,
Mbuya vaya Havana kumira kutaura vaingopopota vachitukirira .

Mom.......ndoda kumuudza Ryan zvese zvamuri kutaura

munoziva kuti anotsamwa ,ndanga ndichito recoder paphone.

Gogo......hezvo nhaiwe Mai Angera ?

Mom......ehe handiti mati haana kusvinirwa ?

Mbuya vaya vanga
vaakungobwaira bwaira .

Sekuru.......chiregai kudaro
kani magumbo wangu ,
Amai venyu munovaziva
wani?

Mom........ Kutotamba hangu
namai vangu ,
Uyu ndiye muroora wangu

wandakaigirwa na Junior . Makaramba kuuya kuzoona muroora .

Mbuya vaya vakaratidza kuvhunduka vanga vasina kana kuzvitarisira .

Sekuru.......ayewa wagonaka magumbo wauya naye ,musha

wakura ,
Monotitenderawo kumuzukuru .Dai ariiye atouya nayeka.

Gogo........ Zvino unomugona here iyeyu wenzara dzekureba nebvunzi rinosvika kumusana.?

Mom....... Zvine basa rei nhai mhai?
Ko anoda kugezeswa here?

Gogo....... Anozobika here nekuwacha ?wakaramba hako kuti June atore chizukuru chekwa Mandishora uya mukadzi uya.
Anoshanda kwete zvekutamba ukamuona achitimbira muriwo nekudiridza garden Soo.

Sekuru...... Anotoroorwawo

kunotimbwa nekudiridza magarden , ko kwa Kira anotimba pai muroora mutsva uyu?

Mom....... Nhai henyu, ndosaka Mwari vasina kukupai mwana mukomana , ainzwa nekunzi "tora mwana wekwanhingi" , aka gara gara onzizve ,"ayewa ngaaende tora wekwa nhingi ," Mwana haatsvagirwe mukadzi

amai anotora waanoda .

Gogo ....... Asika kuzosiya achitora venzara refu ava,nebvudzi refu zvinoitawo here ?

Mom....... Nzara madzionepiko nhai mhai ?
Christina haana kana nzara refu ,

Ari padhuze nemi ndiye atori nadzo uyo,
Zvino kana mati vane nzara refu havaroorwe bva wenyu muzukuru muchabikira doro.

Sekuru vakaseka havo ,gogo vanga vatarisa Angie kuti ndee chaiko.

Mom......Cee mwanangu ava

ndivo amai na baba vabereka
ini ,
Ndokwatakakurira kunoku
uchanyatsokuona mangwana
kwachena.

Me......tafara kukuzivai
,makadii sekuru .?

Sekuru......ndinofara
muzukuru,wakaitaka

wakabuditsa jaya rangu mugota .
Wakagona kwazvo muzukuru wangu.

Me......makadii henyu gogo.

Gogo......zvinonzi ambuya zvekuti gogo wazviwanepi ? Vana vemazuvaano?

Mom....... Akaswera achikutii ambuya munoda here imi , musi uno wamaitukira mwana waCatherine kuti akutii ambuya apa.

Gogo....... Anogoswerera kunditi ambuya kuti ndochava chega here?
Ndangoti pakumhoresa apa anongoti ambuya , ozoti gogo

hakezve.

Mom ....... Tsiurai wenyu muzukuru Ari paphone uyo , nekumhoresa kwacho haana kukumhoresai .

Gogo...... Musiye musalala wangu uyu , anei hake asvika pamusha wambuya vake ,? Magetsi ngwee , mvura

inongobuda pese pese,
Chekudya isarura ude .
Vaseenzi ifararira anogotuma
Chero waada.
Anoitirwa zvese uyu imari
yababa vake iyi.

Sekuru vakadzungudza musoro
vakatarisa ambuya.

Mom...... Bva vaseenzi vacho ngavauye vamumhoresere ambuya na sekuru.

Mbuya va Juniour vanga vasina kundigamuchira nemoyo wese ,
Vaida hanzi muzukuru waMandishora anotimba mugarden.
But I knew how to deal nana

gogo vakadaro,
Ndakatonyatsoona kuti vanoda zvipi nezvipi ,
The following day rakazovira taakutopindirana .
Vanhu vese vakazouya vaingonzi mukadzi waJune munhu kani.
Zuva rechitatu takazosimuka kubva kupurazi Kuma past ten
,
Gogo vakarwadziwa vakanditi "uzouya na June muzukuru

ugopedza svondo tichikuona"
Kana neni ndakabva kumusha ndisati ndaakuda ,
Ivhu reko rainyatsondinakira kudarika rekutenga .

Tadarika paChivhu tati fambei mhamha vakabva vati Kuna Angie aidriver , "ukone kuright "

Angie...... Panei ?

Mom....... Hazvinei newe .

Angie....... Kana kuri kwamai
Hoko kwete mhamha.

Mom....... Ndoda kupfuura
ndichivaona chete .
Havasati vaona mukadzi

waJunior.

Angie ....... Vanobva vatotanga kuridza hakata dzavo.

Mom........ Ukwane Angie hakata unodziziva iwe?

Angie....... kuridza ndimi mhani , ndanga ndakanganisa .

Mom...... Dzinoruma here ?

Angie.... Ah mhamha vanobhohwa avo.

Mom....... Une demon here iwe ?

Angie....... Ndoburuka hangu ndofonera driver wadad.

Mom...... Tatosvika Kona tione.

Vakakona havo tete Angie but vanga vaita kufuta nehasha.

End of chapter.
[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

He changed me completely.

Story by Felistas

Contact

0783857336

Chapter  16

Angel

Mai Hoko ndaivatyira kuti vanogona kungotaura zvimwe zvinhu zvisingaite pana mhamha .
I tried my best kuti ndisaendeko ,
But mhamha vangu vaitove chandagwinyira nechimukadzi chaJunior chavakazenge vawana icho vaitoita kumera zenze chaiko.
Ndainzwa kusvotwa tichisvika

pamba pamai Hoko paye, ndaingoti dai zvikanzi havapo vakafamba.

Manje pandakamisa mota ndivo vakatotitambira and vairatidza kuti ichembere yakazvisimbira vaitove kure nekufa.

Takapinda navo mukitchen ,tikagara parukukwe paitorwadza hapo kugara plus

mukitchen munoiswa Moto munenge muine kasmell kehutsi.
Vakamhoresana namhamha nekamuroora kavo kaida kuitwa very good .
Ini ndaitove mumood yangu ndega ndakaramba ndichibaya baya phone yangu
Kunge ndisipo .
Ndakanyatsovanzwa vachiti" wakadiiko Angie muzukuru?" ndikaramba ndakarova serious

kunge ndisina kuzvinzwa. Ndakazongoona phone yabvutwa ndikaziva kuti mhamha vatsamwa.

Mom......mhamha ndoita Seiko nemwana uyu? ,anga asina kumbodai mufunge ,Inga maimuziva wani Angie? . Chiiko chinomudaro ? Achachinjawo here nhai mhamha?

Vaiita sevaakuda kuchema amai vangu.

Mbuya Hoko......achachinja hake nekukura .

Mom......achada kukura kuendepi mukadzi mukuru akadai ? Ndoita sendisina

kumbomurairawo nhai amai?

Mai Hoko.......uchatozoshamisika achinja, inguva chete inopfuura .

Mom.......imbomurairaiwo muriimi pamwe zvandinotaura haazvinzwe .

Mbuya Hoko vakangoseka zvinenge zvekumanikidza vachibvva varamba vakanditarisa kuti ndee chaiko
.
Ndikaziva kuti zvavo zvauya.

Mbuya Hoko.......unamate muzukuru Angie ,ungangopihwa pamuviri ukasiiwa zvingazokurwadza .

Me......ndakunzwa hutsi ini  .

Ndaitoedzesera kusimuka kuti ndibude.

Mom......gara pasi Angel .

Vakandibata ruoko vachindidhonzera pasi .

Mai Hoko......musiyei henyu aende ndatopedza naye .

Ndakasiiwa ndikabuda ndakati kana vakasara vachitaura zvimwe hameno havo . Mhamha vakandibvunza ndovarambira ,plus hapana mhosva yandaive nayo ,kunze kwekuvenga Christina .

Mhamha vakazobuda nambuya vaye vakaenda kumagarden ,vakatozodzoka kunze kwadoka vakabata huku yechibhoyi .
Ndanga ndanzwa nekusvotwa apa phone yangu ndivo vaive nayo .
Vakazouya havo later vachinanaira ,Christina akabata huku ,ndakangoti dai aitirwa madhokororo pahembe ipapo.

Mai Hoko.....mofamba zvakanaka veduwee tatenda matiratidza muroora wedu uyu ,
Muchengete muroora zvakanaka Tete Angie .

Takazobva pamba pamai Hoko Kuma past seven .
Christina ndiye anga aakudriver nechidumbu chake ichocho .

Takasvika kumba mhamha vakangonyarara ,chinhu chandaisingade kutsamwisa amai vangu ,

Me...... sorry mhamha.

Mom......it's ok .

Me......neniwo handitonzwisise

zvinoitika pandiri .

Mom......oh phone yako iyi ,anonzi Dean ambofona.

Me.....Dean!

Ndaka screamer ndakavarairwa. Mhamha vakangoramba vakanditarisa .

Ndakaburuka mumota ndikaenda muroom mangu .

Ndakatarisa ndikaona zveshuwa received call yaivepo anga atombotaura namhamha zve 25 seconds , Nechandaifarira ndaitochishayawo . Ndakabva ndangomuisira message yekuti "hie "

Pasina nguva akabva afona .

Me.......ndeip ,

Dean......uri sei dear?

Kamweya kaya kekutarisira vanhu pasi nekuda kunamatwa kakabva kandibata.

Me.......wazonditsvaga nhasi zvaita sei?

Dean.......uchiri nekahunhu kako ikako nhai Angie? Manje unowana sei shamwari nhai muzukuru,vanhu vane Mari seyako vashoma shoma muno munyika and vatoriwo nevanhu vavo ..

Me.......ndazoita muzukuru wako pakudii ?

Dean.......pana Cee ka handiti akatorwa ne brother yako? Mese matove vazukuru vangu .

Akabva aseka.

Me.......ukwane iwe .

Dean.......ndadii?

Me.......ungaite muzukuru anenge inini type yako iyoyo?

Dean.......tingatopedze Mari tichitaura zvisina basa, ndozvauri hauchinje muzukuru .

Ndanga ndatofona kuti zvapave neukama kudai let's forget about the past ,zvatakatadzirana zvese tokanganwa tobatana pahukama hwedu , Ugouyawo kumuchato wangu Angie .

Ndakanzwa kudedera neshungu.

Me......handiuye Dean.

Dean.......why?

Me.......I am jealous .

Dean........I felt the same pawainditukira hurombo hwandisina .

But ndakapora wani and I moved on ....

Ndakakata phone ndikaikanda Kure ,
Ndichibva ndarara hangu .
Ndakazviudza kuti handichaite zvevakomana again,wese achauya achindiedza ndotuka zvekuti haadzoke futi .
Zvaitaurwa na Mai Hoko zvaiwanzoitika.

Kubasa ndakasvikowana boss vachivava kuti ndakarovha for two days ndisina kutaura , Vakabva vatoti ndivateere kuoffice kwavo .
I followed him ndichitofunga kuti basa ndoriwana kupi rimwe ririnani ndivarairwe hangu?
Ndakapinda vachibva vavhara door, ndakazvikanda pachair ndisina kunzi gara .
My boss was a middle aged

man vaive Kuma around 40 something .
Vanga vakasimba vaine dumbu remari , he was handsome and light in complexion .
He was married with two kids vasikana vese .

Sir.......but Angie why uchidaro iwewe?

Ndakatovhunduka nehusoft hwavakaita ,ndaitarisira kusviko udzwa kunzi basa rako rapera .

Me.......ndairwara sir.

Sir........but unotauraka nhai Angel ?

Me.......handina kumbozvifunga.

Sir.......wairwara nei ?

Me.......muviri wese .

Sir.......vasikana vanorwara muviri wese here ?

He said vachibva vaseka .

Me......we are also human beings.

Sir.......you're human beings henyuka but hamufanane nevakambozvara .

Ndakanyarara ndatoona kuti kakuseka seka kababa ava hakana kumira mushe .

Sir.......tinenge tichitotarisira kuti Pamwe tingaite lucky mukatizvarirawo vana vakomana.

Me......inini kuzvarira imimi?

Sir.......zvinotadziswa nei?

Me.......wangu murume anozozvarirwawo naani? Plus handisi child bearing machine kaini?

Ndanga ndatosunga chiso zvekutotsamwa chaizvo.

Sir.......sorry Angie I was just joking ,
You're beautiful hako dai ndiine munin'ina .

Me......may I go sir.

Sir......yes you may go ,uite serious nebasa toziva hedu kuti muri vana veshoroma but kana muri kuno kwedu tisu

tinotonga motoita zvatinoda pano.

Me......ehoi.

Ndakadaro ndaakutovhura door kuti ndibude ,I went straight to my office ndikatanga kuvhura vhura mafiles ,basa ranga rakati wandei haro .

But zvebasa remuoffice ndaisazeza hangu , Raindibhohwa ndere kumba rekuwacha nekusuka iri ipapo ndaisabata.
Thank God ndanga ndakazvarirwa mumari ,I knew I was going to die ndirimo mumari imomo .hapana pandaizombo wacha hembe kana kubika.
Kuvira kwezuva ndanga ndatopedza basa rangu

ndikaenda kumba .

Nekufamba kwemazuva varume vaiita kunge vavhurirwa kunzi endai Kuna Angie munopfimba,
But ndanga ndadzokera pahunhu hwangu hwekare ndaituka ,
Zvisinei kuti munhu ane Mari here kana kuti haana.
Umwe mukomana ainzi Eric akapedzisira atoenda nekuna

dad vangu he was rich zvaitoziikanwa but ndakamuramba zvakadaro . Mhamha vangu vakatomboda kundinyengerera vaona aramba achingouya plus vaipinda naye church but ndakarambisisa , Hana yangu yaisatomboda zvese izvozvo .

Boss vangu vakatozo ndinyenga chaizvo chaizvo kwete zvekuseka zviya .

Ndakambovatuka vakaramba vachinetsa chete ,ndaona kuti vanenharo
ndakatsvaga number dzemukadzi wavo ndikamutumira audio yandaiva recorder vachitaura tusina basa
.
Kubva ipapo vakabva vandivenga zvachose ,
Vakazongonditsvagira kamhosva basa richibva rapera
.

Handina kumborwadziwa ndanga ndisisatodewo zvekushanda ipapo ,
After some weeks ndisingaende kubasa ,ndanga ndaakushungurudza Cee zviri serious chaizvo .
Mhamha vakazviona vakati amboende kunze kwenyika for two weeks na Junior paanodzoka obva asungirwa.

Ndakazotanga kushanda hangu muboutique yamhamha yaive mutown .
Ndaingoswera ndakagara ndichiona kuti zvinhu zvese zviri kufamba zvakanaka here ?
Mu shop umu maiwanika hembe dzinodhura ,so maisapindwa naana tsuro vemubook .
I was hoping kusanganawo na Mr Right mangu imomo

,ndanga ndave more to than ready for marriage.
Saka ndaitogara hangu panoonekera ndichizvi marketer ndega,maiwanzopinda ma couples ndozvaibhohwa.

One day I was surprised kuona muchipinda mumwe mukomana murefu mutema ,
I watched him as he walked around achibata bata zvinhu

checking maprices ,
Ndakamboda kuseka ndikazongogumira pakudzungudza musoro .

Paakasvika padhuze neni ndopandakaona worksuit yake yakanyorwa kunzi R and C logistics .
Kureva kuti aishanda kumatrucks kwaDad vangu .
Ndakanzwa kagodo pandakafunga kuti mukadzi

waJuniour ainzi Cee futi kureva kuti aisada kudzima zita recompany .
"Saka chimukadzi chiya chichatodya ziya rababa vangu ka.?"

Ndaifunga ndichitsva negodo mumoyo.

"Makadii madam?"

Ndakatarisa mukomana uya ndikaona Amira pamberi pangu achisekerera ,
Mazino ake anga akachena kuita white white ,
Work suite yake yairatidza kuti I new one zvese ne safety shoe yacho .

"Ndati ndimbopinde mushop ma boss vangu ,umm maprice

acho ka?
Ndotoshanda two years ka kuti nditenge bhutsu yekuside one?

Ndaida kufinyama but ndakapedzisira ndaseka hangu the way he was exaggerating things.
Aona ndaseka akabva atowedzera kutaura.

"Ndanga ndatika ndimbo promotawo madam boss manje iih ndini ndiri kutoda promotion"

Ndakaseka again ,
He was very handsome zvekuti ndakaramba ndakamuyeva . Paaitaira aiyatsobudisa runako rwake rwese ,aive mutema hake but skin yake yainyatsonzwa mvura ,isina

kana bundu .
Ndebvu dzaka nyatsochekererwa zvakanaka . Kwete vamwe vekuti anenge Ari mutema obva ati mazipundu kumeso ,ndebvu dzongonanga kwadzafunga zvinenge zvichitosemesa.

"Ndinonzi George Mukula, ndiri driver wematrucks enyu madam ."

Akadaro achida kundimhoresa ,ndichibva ndapeta maoko.

"Nice to meet George , what brings you here?

"Ndangoonawo pakanzi R and C ndikati Pamwe ndingawanewo one or two

things"

" So what happened? "

" Buying a pair of shoes here is like paying lobola for you madam"

Ndaive munhu asingaseki seki zvenhando but apa

ndaingoseka , I don't know why ?
I wanted to ignore him but I couldn't ,
Nguva dzekupedza basa dzakasvika ndichingotaura na George uya .

"Ndoda kuita shamwari yako hangu ini"

Me.....ukwane wanzwa !ziva pekufarisa uchigumira.

"Angie"

The way yaakadaidza zita rangu nayo yakaita ndirohwe nehana .
Ndikatadza kudaira .

"Please be my friend "

Ipapo ndopandakazofunga kuti zviya ndini Angel mwana wekwaRukato , uyu George mushandiwo zvakewo anototambiriswa nababa vangu.

"Get out !

Akaisa maoko ake muhomwe ye worksuit achibva afuratira akaenda .
I felt bad paakaenda , he was the only man who managed to bring a little smile in my life .

End of chapter
[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: .He changed me completely.

Story by Felistas.

Contact
0783857336.

## Chapter 17

George airatidza kuva murombo zvakanyanya ,munhu angatadza kutenga a pair of shoes shuwa? , he was not worthy  kuva friend yangu but ndiye ega munhu anga akwanisa kuunza smile pachiso changu
after a very long time .

Pa dinning table ndaiita nguva yandaimbo smiler ndega Soo.

Mhamha vaingonditarisa kusvika dad vasimuka vaenda kunorara .
Junior aive send kunoona mukadzi wake kumasungiro kwaaive.

Mom......Angie.

Vakandidaidza ndaakuda kunorara hangu.

Me......mom.

Mom......wakanyatsotadzirwei na Cee chisingaregerereke ?

Me........hapana I don't like her chete .

Mom.......wakatanga riini kusamufarira?

Me......the first time I saw her .

Mom.......kungonzwa kusamufarira ?

Me.......yes .

Mom.......I think inyaya yenhumbu yaakatakura iri kuita usamufarire ,nhumbu inozviita .

Me......Nyangwe akazvara Cee handinei naye mhamha. Handina kutanga kumuziva aine nhumbuka?

Mom.......uchamufarira hako ndozviziva , handiti iwewe uri musikana Angie.?

Me......yes.

Mom......uchaita muroora wevamwe vanhu handiti unozviziva?

Me.....handiite zvana amwene nana tete kana ndaroorwa. Ndoita zvemurume wangu wandinenge ndavinga.

Mhamha vangu vakamboramba vakanditarisa.

Mom......kana waenda ibva waenda zvachose Angel ,handidi kana kukunzwa uchiti mhamha zvazodai ugare ikoko .
Handina mwana anodzoka kumurume.

Me.......ndamboendepi?
handina kana mukomana
wacho ini ,
Ndinemi kusvikira nariini.

Mom......gogo
vakandiverengera six fingers
kureva six months ,vakati
mwaka uyu usati wapfuura
unenge waenda ,kutizira
chaiko.

Asi ukazvinamatira unotorwa nemuchato nenguva yaMwari . Zvino iwe wacho haunamati .

Me........kubva patakabva kwamai Hoko paane four months ,there is no way pandichawana mukomana tikawiririrana ndikaroorwa in two months time.

Mom........nesuwo taitombovaudza Mai Hoko kuti zvamuri kutaura it's impossible but zvichizoitika ,
Vaya vanoona nhumbu Chero yabata nhasi ka?
Vakapihwa chipo chacho naMwari chekuona zvakavanzika.

Me........kana vari munhu waMwari havambosiye ndichitorwa nemunhu anondinetsa ,anonditambisa ,and for your sake vanotonamatira muchato wangu kuti imi mufare ,kutizira kwangu kunyadziswa kwenyu.

Mom......vakatosiya kuti zvidaro kuti utwasanuke Angel

,uite munhu kwaye ,
Vakanamatira muchato wako unotowedzera kuita benzi nekwaucharoorwa.
Ndiri seni hangu I don't care Chero ukatizira kana kumitiswa handisisina basa nazvo Angie.

Me.......ndiri kuda kumboedza kutsvaga pandaka nyatsotadza chaipo ndiri kupashaya

mhamha .
Handizive sei vanhu vese vachindishuvira zvakaipa.

Mom........ndinotodawo zvakanaka pauri Angel but nehunhu hwako uhwuka? haunoigare imba  mwanangu. Ini hangu ndakaroorwa ndichingoita zvese zvese ,kugeza ndaisatomboda ,ndaisamboziva musiyano

wetsvina  ne pakachena .
Ndaingoti Chero zvazvaita
,Mai vangu vaitombopopota
asi vakanditadzawo .Zvaive
zvemweya yetsvina ,mweya
isingade chaknaka.
Ndakazobatsirwa namai Hoko
ivavo kusvika nhasi uno ndave
munhu anoyemurika .
Manje vati pauri hapana kana
mweya wakaipa kana sare
,kuzviitisa uku kwaunoita
Angie.

Try to be good ,humble yourself ,
Usatarisire vamwe vanhu pasi .
Cee uya uya baba vake is a hard worker vane Mari inopeta yababa vako rutatu, mbiri yavo yaenda nenyika .
But Cee haumbomuone achikanyaira zvaunoita .

Me......ndoziva zvandinoita

mhamha ,imimi point yenyu ndeye kuti nditambe nevanhu vasina mari ,ndingosekerere zvese zvese ka?

Mom.......you won't understand my daughter ,
But I know you will understand Mai Hoko promised me that .

Vakabva vasimuka vakaenda kunorara .
Ndakaenda kuroom kwangu ndikanotanga ndageza ,ndikanotarisa pamirror .
Ndanga ndakazvinakira hangu ndisina kana vara kumeso.
Kutarisira vanhu pasi kwakaita kuti ndizvichengete kusvika 26 years ndisina kana akaona muviri wangu ,
Iyewo anenge ari ani? akamira saani? ,achimboita nezvei ?kuti

azobata muviri wangu .
Ana Dean vaingogumira mukundigumhawo nemistake . Kunzwa kuda kubatwawo kana kiss ndaitoshuvirawo but type dzevanhu vacho dzaitondisemesa dzindi turner off ,ndanga ndisati ndasangana nechaiye chaiye .

Mai Hoko nekuside vaiita kunge musatanist ,
Vaizondishuvira zvakaipa why

?
Hakuna Mwari akadaro kunyepa .
Ndakangoti nechemumoyo mashoko ese amai Hoko ngaadzokere kwavari,vazukuru vavo ndivo vachamitiswa .

The following day ndichisvika kubasa ndakabva ndatotanga kufunga kuti dai George ambopfuura nepano ,aitongovaraidza kuona

nemaziso ,
Especially paai smiler achibudisa mazino e white .
Ndakaswera ndakamutarisa the whole day kana kuuya hake .
Ndakademba chandanga ndamudzingira hangu.
Week rakazopera ndaakutorwara nekuda kumuona .
Friday ndakakurumidza kubva kubasa ndikaenda nekucompany kwema trucks a

dad .

Ndakambo parker pagate ndichitarisa matrucks aipinda nekubuda but handina kumbomuona , Ndakazopinda mukati ndikananga pa reception straight .
Pa reception pacho paive nemukomana wechidiki , akatoratidza kushamisikawo nekundiona .

Him...... Afternoon ma'am ,.

Akadaro asingamboratidze kunditya sezvaiita vamwe.

Me...... afternoon ,pane munhu wandiri kutsvaga pano .

Him....... Anonzi Ani ma'am.?

Me....... George ,

Him....... George who? Mukula here?

Me..... Exactly

Him....... Akabuda ne truck on Monday.
Ariku DRC he is  offloading as we speak .

Me......akabudai nguvai?

Him...... Around 5 am.

Kureva kuti pandakamudzinga Kuma around 3 pm akabva atobudaka?

Me...... Anodzoka when?

Him.......  Saturday next week.

I sighed .

Me...... Can I have his cell phone number please .

Him...... Ok let me check .

Akatanga kuvhura vhura mabook ake ,

Him....... Handisi kudziwana let me go and ask his friends .

Me.......no no siya hako , I am leaving ,
Don't tell anyone kuti ndambouya pano ndichitsvaga George ,
Nyangwe iye don't tell him ok?

He nodded ndichibva ndabuda ndichifambisa .

Ndichibuda pagate ndakambo parker paside .

"Chiiko neni nhai kuswera ndichitsvaga truck driver wadad vangu?
Yes he is handsome , very handsome but class yake haisiriyo yangu mhani .
Kuti anemushonga here? "

Ndakabva ipapo ndikaenda

kumba hangu, I started kuita countdown madays kuti Geo adzoke ndanga ndaakutoita sendaakupenga .
Friday handina kurara ndichifunga kuti mangwana George anenge ave muno muZimbabwe .

Saturday morning pakasvika message yekuti Christina aane mwana mukoma ,
Ndakasvotwa ini kureva kuti

hapana kwaachaenda mukadzi waJuniour ka.
Mhamha na dad vakaenda kunomuona ini ndikananga kubasa.
Ndakaswera ndakatarisa kudoor sezvinonzi tanga tataurirana naGeorge kuti anouya .
Zuva rakasvika pakuvira tikavhara shop na six ndaizomuona riini nhai ?
Pamwe anoto loader futi

Monday odzokera.
,Sunday kwanga
kusingavhurwe kushop
kwamhamha futi .

Ndichingoisa gumbo mumota
ndakabva ndanzwa voice rake .
Ndakabuda nekubva
ndatovhara door.

"Matovhara here aunty ?"

Ndakacheuka ndikaona achibvunza Mitchy musikana aishanda mushop.
Hameno kuti anga achiri kuitei vamwe vese vanga vasoenda kare.

Mitchy .......tinosivhara na 5:30 nhasi tati nonokei ?

Geo......nekwandabva here ndichimhanya kuzotenga bhutsu iya ?,aunty musadaro .

Ndakanzwa godo achinyengerera kamusikana Kaye ..
Iyewo Mitchy achiseka srka nekunyaririra zvekukwezva zviya .

Me....... Chienda kumba Mitchy .

Ndakaerekana ndangodaidzira . Mitchy akabva atanga kufamba slow slow , George achibva aisa maoko muhomwe ye worksuit aakumuteera achiita seasina kundiona .

Me.....nhaiwe George?

Akanyepera kuvhunduka achibva acheuka,

Geo.......ma'am .

Me.......haumhoresi vanhu.?

Ndakadaro ndakapeta maoko ndazembera pamota yangu ,

Geo......sorry ma'am ,how are you ?

Mitchel akangofamba zvishoma achibva amira .
Ko George paive nezvababa ka vasinganyadzise kunongedza pavanhu .

Me........ma'am vanomhoreswa uri ikoko here nhai ?

Akamboramba akamira ndichibva ndaramba ndakamutarisa,
Akafamba akauya akamira paside neni ,

"Hesi babie"

Ndakavhunduka ndikamutarisa achibva aramba akanditarisawo
.

Me......uri kuziva munhu wauri kutaura naye here nhaiwe ?
Do you know kuti basa rako rinogona kutorara rapera ?

Geo .......mandidaidza ndichiteera kababie ako, Sorry hameno zvandiri kufungawo hangu.

Me .....saka uri kutomuda Mitchy iyeye.?

Godo ranga raakuzondituma

zvimwe.

Geo......handina choice, ndiye we class yangu .
I wish my father was rich as yours .

Me......waida kudii?

Geo .......ndaida iwewe Angie.

Munhu anga aine chivindi iyeye.
Apa kuzotaura akanditarisa kumeso .
Semunhu aizviti anotyiwa uye ndanga ndisina kuzvitarisira ndakabva ndapererwa kutadza kana ku mover .
Worksuit yake yanga yakanyatsoguma skin yangu

yemumaoko sezvo ndanga ndakapfeka ka sleeveless. Lucky street yacho iyoyo yaisafamba vanhu vakawanda ,but vashoma vaipfuura vacho vaitotarisa vachiti tamaona malove birds .

Ndakasuduruka zvishoma ndikavhura door remota ndikapinda ,
Iye akangoramba akamira akanditarisa .

Kuti ndimusiye zvaisaita Mitchy anga akatomira .

Me....... Pinda , I will drop you on my way .

Akaseka nhema.

Geo...... No ma'am I will be fine , tiri vakomana kaisu

ndombofamba ndichidaiso daiso .

Aitocheka kwanga kuina Mitchy neziso .

Me...... Ndati pinda mumota ndinokusiya kwauri kuenda George !.

Ndakataura zvineka command mukati .
Akaseka hake asingamboratidze kunditya , akatenderera akapinda nerimwe side .

Me....... Kumba kwako ndekupi?

Geo....... Ku Marondera ,

Me....... Saka ndokwauri kuenda ?

Geo...... No , apa ndichiri pabasa ndasiya truck rangu risati rasvika pa offloading bay , rinogona kupinda mangwana makuseni .for now
Ndiri kumbogara mutruck imomo .

Me.......how?

Geo.......mushe. mutori nekabed ,ndine gas tank rangu netumapoto imomo,
Kana paita off ndopandinoenda kuMarondera .

Me.......ko maparents ako

anogara kupi?

Geo........Zambia .

Me......hausi muZimbabwean? .

Geo.......handisi .

Me........vanoita nezvei vabereki vako ?

Geo........hapana vanongorimawo kumapurazi .

Me.......but unonyatsoziva Shona wani?

Geo.......baba vangu vaishanda kufarm kwaDamba kuMarondera vakazotanga kushandira Rukato paakatenga farm iroro, ndokwatakakurira . Vakazoenda kuZambia three years ago vachindisiyawo pabasa. Ndotonyatsokuziva A- z Angie kungoti tiri varombo dai ndakakunenga kare uri form three.

Me...... Unoda here kuti ndichinje hupenyu hwako George?

Geo ........how?

Ndanga ndakutorasika njere nhai?

Me......never mind.

Ndakavhara maziso ndikatura befu ,
"What's going on ? Am I falling in love with this guy ? Oh no I can't ,vanhu vanozoti chii?
Ndakavhura maziso ndikaona akanditarisa , he smiled  .

Geo....... What do you mean kana uchiti you want to change my life Angie ?

Anga azondihwina manje George uya.
Kutondiita munhu wake nhai.?

Me....... Zvapfuura George .

Akaseka hake achitarisa kuside
.

George....... Ndaakuenda Angie ndokuona nguvai mangwana ? Tinyatsotaura, ndiri kumashure kwenguva.

Me......time yei?

Geo.......yekubasa. ndogona kuwana truck rangu raakufanira kupinda .

Me........ Ok hande ndonokusiya kumberi ukoo . Unondifonera mangwana acho kana uchida kundiona .

Geo.......kaphone kangu mazuvaano Kari kuramba

kucharger , ndouya ndogara panapa makuseni kusvika wauya .

I smiled and he smiled back. Smile yake ndoyaindikuvadza hangu .
Ndakamusiya pamakombi aienda kumaindustry ndichibva ndaenda kumba .

End of chapter.
[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

He changed me completely.

Story by Felistas

Contact
0783857336

## Chapter 19

Call from George yazosvika zuva raakunodoka ndisisina tariro hangu ,

Ndakatodaira ndakaneta neta se new number ndaingoti Pamwe maclients amhamha anenge atadza kuvabata kuoffice kwavo , vofona kubotique .
Pandakanzwa Ari George ndakascreamer nemufaro .

Me....... Wadziwana kupi number idzi nhai George?

Geo....... Ndaba bussines card raambhuya muoffice maatezvara makuseni kubasa.

Me....... Uri tsotsi George .

Geo..... Usandidaro ,ndaisawo effort wani?
Nezuro ndakabva ndisina

number dzako.

Me...... sorry I was just joking, how is yyour journey?

Geo.......this trip iri kurwadza babie, ndiri kungokufunga ,hameno ndikadzoka zvakanaka ndisina kuita accident.

Me......don't talk like that ndinewe honey wangu.

Geo........I know babie ,you're always yin my heart .
But dai zvaibvumidzwa ndaikuba ndomboenda newe kuDRC.

Me....zvinorambidzwa Nani?

Geo ........mudhara haatombode munhu anofamba nemukadzi ,maiwee anovava.

Me.......anopenga iye akambosiyana nemukadzi wake kupi?

Geo.......baba havanzarwo kani Mrs Mukula .

Kuzondidaro ndakanyatsonzwa manyuku nyuku .

Me.......ndotovadaro because vari kundiuraira murume

wangu musana ,
Do you know kuti nditorine mashares kucompany yematrucks iyoyo.

Geo........I know .

Me.......saka ungade kushandira mukadzi wako here?

Percentage yandinowana inopfuura pay yako times 10.

Geo.......ndosiya manje manje kana ndakutora ,I am sure ndinenge ndawana rimwe .

Me.......yaa ndokubatsira kutsvaga zvimwe zvekuita.

Geo.......i don't need your help .

Me........saka ndoita mukadzi wako pakudii Kana usingade kubatsirwa.?

Geo........unoita mukadzi wa George ,wemumba wekupa George rudo .

Kwete wekuudzira baba zvekuita.

Me....... I don't know anything about love uchatondidzidzisawo.

Geo........love , romance ,kana kuti love making?

Akabva aseka hake mwana wevaridzi.
Ndainzwa kuda kuridza mhere nenguva yandaitambisa nana Sam nana Joe.
Aivepiko George ?

Geo.......wati unoda kudzidziswa misikanzwa here?

Me....ndambodaro here?

Geo.......saka chausingagone chii?

Me......ok zvapera .

Akaseka again, this time akaita kuti matumbu angu afambe fambe ,
I liked his voice .

Geo........saka ymwana wedu wekutanga anenge achinzi ani?

Me......Taa.

Akambonyarara zvishoma achibva azoseka nhema.

Geo......what?

Me......Tafara .

Geo......Tafara ?ini hangu handirifarire shaa ,mazita anodawo anoenderana netime yatiri.

Me.......Tafara rinotokwana pese pese kusvika kuguma kwenyika ,hari fade.

Geo......no babie, zita rekuti Tafara hariite rakandishatira . Ko kana ari musikana? ..

Me.......Tanaka kana

Tanyaradzwa .

Ndakangotaura zvandakafunga panguva iyoyo ,
Ndaingoda panoti Taa chete.

Geo......uri kuzviwana kupiko zvauri kutaura izvi?

Me.......mupfungwa dzangu.

Geo.......hoo?I prefer rekuti Angel kana ari musikana obvious tichatozvara ngirozi Wakanaka babie you're an Angel .

Me.......you're more than that,

But zita rekuti Taa richatokwana kwana muvana vedu sorry hako kana usingaride,I am in love with that name honey .

Geo........ serious here babie ? Or pane zvauri kundivigira ?, Unogona kupa mwana zita ra ex wakoka?

Me.......ndongofarira zita chete nothing more trust me.

Geo.......hameno toona kana nguva yedu yakwana. Ndaakuenda ku DRC totaura kana ndadzoka,usazoende kubasa uchinditsvaga unondiuraisa namudhara wako.

Me.......ndiani akakuudza kuti ndaikutsvaga.?

Geo.......mudhara wako akangwara Angie ,akatozviziva kuti wakambonditsvaga ndakapinda busy achibvunza kuti madhiri eyi aunoita na Angie.
Usanditsvage babie please ndinouya .

Me.......sorry handichakutsvage futi.
Come back soon George I can't survive without you.

Geo........chirega kuchema sweety ,ndinotadza kufamba zvakanaka .
I will always miss you.

Me......I love you.

Geo.......byee,
 time dzekufamba dzakwana.

Ndiye akabva akata phone iya ,
Ndakanzwa shungu
dzakanyanyisa ndichibva
ndabata kumeso kwangu
misodzi ikatanga kuerera .

Ndaiona kunge  ndatosiiwa zvachose .
Ndakatarisa time dzanga dzatokwana dzekuvhara shop .
Ndakabuda hangu negirls raishandira mhamha ,
Ndikapinda mumota mangu ndikananga kumba.

Ndakasvika kuina Junior akagara hake pasofa .

Me.......makorokoto baba va boy.

Ndakadaro ndichitopfuura hangu,
He kept quiet achiita seasina kundinzwa.
Ndakabva ndamira.

Me...... Junior ndati makorokoto.

Junior......makorokoto eyi mwana wacho haasi wangu.

Ndakanzwa kamufaro kekuda kutomborova kadance. Ndakabva ndanogara pasofa.

Me......tell me .?handiti ndakakuudza ?

Junior.......Angie unotoroya chete iwewe . Hautombode kuona ndichifara kana kaone ,zvekuti haasi mwana wangu ndozvaita kuti ufare kudaro?

Me.......ah saka ndewako?

Junior.......ndewangu abva anyatsofanana neni kuitira imimi ma haters huya uone .

Ndakaswedera padhuze ndikadongorera palaptop , Panga Paine ka handsome baby boy .
Pfungwa dzangu dzakabva dzatoenda kure kure ndaakutoonawo kanguwo kababy na George .

Iye George ndaifunga kuzomunyengerera achinje zita ,zita rake raindisvota zvisingaite .

Jun......waakuto planner kukaurayaka?

Me......Mukadzi wako handimude Junior but mwana

wako ndomuda zvisingite ipapo handizosvike.y

Jun.......mwana wangu unomuda ko inini .

Me.......I love you more than anything in this world.

Jun.......so why don't you

accept kuti ndinoda Christina.

Me.......pandakamuzivira pacho nezvaaiita ?
It will take time kuti ndimugamuchire.

Jun.......until then hauna hanzvadzi Angie.
Pana Cee hukama newe ndakadimbura.

Akaita kunge achafa
nenhumbu makumbo
achizvimba bp ichikwira .
I know you're the reason .

Me.......akaita bp?

Jun.......akazobatsirwa na
bamunini vake zvaomesesa
tatoona kuti munhu anofa .

Ndopakazopinda bamunini vacho doctor mwana wa Pastor Matiro uya .
Akamira mira achinamata zvekuti dai nhasi tisina Cee zvese nemwana .
Munhu kusvika pakusunungutswa na baba ,imagine zvinenge zvaoma zvakadii?
Madoctors ese anga atadza nyangwe nema specialist.
It's all because of you Angie

and you claim kuti unondida ?

Me .......you won't understand Ryan.
Saka anonzi ani mwana wacho?

Akangosimuka akafamba achienda .
Ndakati dai Cee akafa hake achisiya mwana ari mupenyu ,

Junior aizopora  owana mumwe .
Mhamha na dad vakazosvika kumba later ,vakapinda ndakatorara hangu pasofa ndakamirira super,
Vakasvika vachiratidza kusuruvara.

Me......
Maswera sei?

Mom........hesi Angie kwanga kuri sei kubasa?

Me.......kwanga kuri right.

Dad vakanogara pasofa vachibva vatura befu ,vakabata musoro nemaoko ese.

Mom.......dad siirai zvese mumaoko aMwari don't stress

yourself.

Dad .......mupfanha uya haana kutombomira mushe Mai Angie anogona kutondidonhedzera pasi sekutamba .

Mom.......ingosiyai zve Mine yacho kani daddy ,you have a lot of businesses wani?

Muchadei vana vese vakapedza chikoro?

Dad .......Mari haigutwe Mai Angie.
Ndoitira vana vari kuberekwa ivava.

Mom......Juniour akati haatomboide Mine yacho, Ko mukaparadzisa all the hard

work nhai?

Dad.......haaparadze, handiti ati ano respecter Christina muroora wedu ,
Dai zvisizvo taidokerwa tisisina chinhu.
Haa vana vemazuvaano Soo?

Mom.......maida kuvhara mudhara Hodzeko Mine yake

muchiti mwana wacho haauye here?

Dad.......anga atsamwa wena , Thanks to Juniour akatitsvagira shield yemuroora.
Haa anorespector Christina zveshuwa.

Mom......iye Christina wacho ari kutoratidza kuti kumba

haachade kudzoke .
Hanzi ndoda kudzokera kuchikoro ,
Hee mwana akakura ndosiira mhamha ndipedzise chikoro .

Dad .......ndiyeyu mwana wako Angie wamakajaidza uyu .
Haatombozive kuti pano ndepa Christina na Junior,

Ndichakubvisa pano ukanogara kumba kwako .
Mari yako unayo ,mota unayo chinokunetsa chii?

Mom......musiyei hanzi namai Hoko anoenda very soon ,pasara one month ne half.

Dad .......zvekuti mwana

wangu azotorwe nemarara ndozvandisingade manje . Dai iyeyu wa Mr Hodzeko achida ndaimupa hangu ngirozi yangu iyi hasha dzake dziserere,haasati aroora kauya.

Vakabva vamboseka havo.

Mom.....hanzi anga auya kuzoroora ipapa ,ndopaari

kusangana nemashura ,Mine yababa vake yatorwa 75 percent shares na Rukato , Une chivindi Ryan.

Vakabva vaseka futi .

Dad .......dai pasina kuti Junior akaroora Christina ndairohwa paya.
Ngaachitora hake Angie uyu

tisimbise hukama.

Mom.......anomudii mupengo iwoyu ?

Me.......asi dad chimbomunzwai kuti anobvuma here? Kungomunzwa henyu.

Mom........kwana iwe ,ungaita muroora wekwaHodzeko nehubenzi hwako ihwohwo . Nehasha dzine mwana uya ungasadzurwa dzurwa bvudzi rese iro?

Me.......mhamhaa kana ndaroorwa ndinochinja .

Ndakataura ndakarereka musoro .

Mom.......munhu haachinje aroorwa Angie .

Me......Inga maiti makachinja maroorwa wani?

Dad na mhamha vakatarisana vachibva vaseka havo . Nyaya dzakatozotsva kusvika

nguva yekudya yakwana ,.
Junior akauyawo achiratidza kusuwa .
Ndaisada kuti hanzvadzi yangu idaro .
At the same time ndaisada chimukadzi chake chaaive nacho.
Takadya tikapedza ndikasimuka  kuti ndinorare .

Mom .......Angie takura maplates aya unosuke tione.

Me......iih mhamha ndaneta nekubasa ini.

Mom......ndati imbosuka maplates nhasi.

Dad.......Mai Angie tine vanhu vatiri kupa mari kuti vasuke maplates ,aita Seiko mwana

uyu?

Mom........ba Angie ka mwana iyeyu....

Ndakafambisa ndikanopinda muroom mangu ndikakiya door nemukati ,mhamha vanga vatokwidza izwi.
Kusuka ndokwandaisatomboda.

Ndakazofunga kuti ndasiya phone yangu pa sofa pamwe George anogona kufona , Ndakavhura door zvinyoro nyoro ndikabuda ndichinyahwaira .

Ndakanzwa dad na mhamha vachitaura kuKitchen , Ndakadongorera ndikaona mhamha vachisuka dad vakagara pachair.

Maid aive busy wo kupukuta pukuta zvinhu .

Ndakatora phone yangu ndikadzokera kuroom kwangu, Mhamha vaijaidza vanhu, ma maids aisvika four pamba pedu ndoonekwa ndichisuka kana kuwaridza bed ?

Ndichingovhara maziso ndakabva ndatotanga kuona George ne smile yake ,

Ndainzwa kuda kuchema two weeks dzakawandisa veduwee.

Ndakatanga kuita count down zvekare ,zuva raibuda richinyura ndichingoshingirira kumirira ,
KuDRC kwacho kwakaita
Seiko kwanga kusinga foneke .
?
Ndaingogara ndichizvibvunza ndega.

Christina akaramba kuuya hanzi ndouya kana mwana aane 3 months ,
Ndakati hameno hake.
Junior ndiye aitoonda hake nekufunga Cee,
Dzimwe nguva aienda achinomuona orara kwaambhuya ikoko .
Ana mhamha vaipota vachienda kunomuona .

Two weeks dzakakwana ,kana

kumboona call from Geo ,kana kumbouya hake kubasa .

Aiwanzo offloader weekend odzokera Monday kuDRC. Monday payakasvika ndakachema kusvika musoro waakutema kureva here kuti George adzokera ?

Ndakafonera kubasa kwadad straight ndaida kutombobvunza kuti aripi?

Munyama wacho phone yakabva yadairwa nadad vangu .

Me.......maswera sei dad.

Dad......how did you know kuti ndiri kunoku?

Me.......ndakushayai kumwe kwese.

Dad........ko cell phone number yangu hauna here?

Me.......i thought muri mumeeting .

Dady........Angie ka ? Handidi

kuona uchitamba ne vapfanha vasina chikoro ava wanzwa? Ndakanzwa kuti wakambouya panapa ndisipo handidi kunyadziswa wanzwa?

Me .......yes dad.

Dad....... good girl ,ndichakutsvagira basa

kwaHodzeko very soon ndokwekutambira ikoko kwete kuno Kuma trucks .

Me.......ok dad .

Vakakata phone ,
Taa vanga vasingamuzive mushe dad vangu.
Pamwe anga anoroora aimiririei hake .
Ndaizongoita zvaGeorge iyeye

aindirovesa hana.

Days passed tikabata rimwe week ,
Raakutonopera it was Thursday morning ndopandanzi na Mitchell ,Angie uri kudiwa paphone.

Ndakaenda paya ndichifunga kuti ndimhamha vaida kundiudza kuti imwe order yasvika .

Me......hello.

"Babie wangu"

Ndakaeredza misodzi ndakamira kudaro,apa hana ichiita kuti tibvu tibvu.

Me...... George usandidaro please.

Geo.......sorry sweetie .

Me.......ndokuonera papi?

George......Truck rafira kwaMurehwa shaa ,ndiri kubva kuBeira nepa Nyamapanda

apa.

Me.......saka hanzii?

Geo.......Mamanagers acho ari kunonoka kuunza fuel yacho shaa maone .

Me.......ndaakutouya ikoko izvezvi,kure zvakadii?

Geo.......kure shaa ndichangobva kwaMutoko.

Me......ndouya izvezvi George.

Geo......ok Mira nditumire friend yangu akutore ikoko , Ukauya nemota yako ndopinda busy namudhara wako.

Me......anosvika nguvai munhu wacho ,I can't wait to see you.

George.......anosvikain less than 30 mins atori mutown.

Ndakasiya phone pasi ndikamhanya kunochinja ,ndikatarisa kumeso kwangu

pamirror everything was fine. Ndakatora phone yangu ne wallet ndikabuda .
Pasina time pakasvika kaHonda fit kaya.
Ndakapinda ndichisekerera ,ndakati dai taikwanisa kubhururuka tasvika ndipinde mumaoko a George.
Ndainyatsonzwa kuda tight hug chaiyo.

Takafamba zvekuti ndanga ndaakutosvotwa,
Kwanga kwatove kumamisha chaiko,ndakabva ndafunga kubhohwa kwazvaiita tichienda kwaGutu kumusha kwaMhamha.
But zvakanzi kure kwegava ndokusina mutsvubvu.

Ndakariona truck rewhite rakaparker paside peroad

ndikatadza kugara mushe .
KaHonda fit kakazosara komira ndaakutorwisana nedoor kuti ndibude .
Ndakamhanya ndikanovhura door ndikakwira mutruck for the first time ,
George anga akatorara hake pakabed ,akapfeka short kumusoro kusina chinhu.
Ndakasticker ndichitarisa hairy yaibva mumakumbo ,.
Ichino budikira pachest .

Ndebvu dzanga dzakanyatsogadzirwa zvakanaka ,. Ndakamutarisa zvaindirambira kuti George nditruck driver ini .
Hana yangu yainyatsorambisisa.

He slowly opened his eyes achibva anditarisa . Ndakaramba ndakamutarisa ndichinzwa ropa rangu

kumhanya muviri uchiita kakudedera .
Akavhura maoko ake ndikanozviwidza paari achibva andipa tight hug yakaita kuti ndinzwe sendinotsva.
Kunzwa kuda kuramba ndakadaro kusvika kuguma kwenyika.

End of chapter.

[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

He changed me completely.

Story by Felistas

Contact

0783857336

Chapter 20

After a some time ndakambundirwa na George ndakatanga kunzwa kuda zvinopfuura ipapo ,hameno nyama dzangu zvadzanga

dzaakuitawo I wanted him to squeeze my breasts aiita kakuvavira ,I wanted him to touch pese pese .
Ndainyatsonzwa kuti ndirimo mudziva rerudo,
Ndakati mumoyo mangu uyu munhu handimusiye,
Nyangwe akava truck driver ,Nyangwe asina mota kana chikoro chakarehwa nadad vangu .
I was deeply in love with him .

Ndakawedzera kumumbundira zviri tight.

Geo...... Babie zvakwana?

Me.......noo ndisiye ndipedze shungu ,ndanga ndakusuwa.

Geo.......I know wanga wandisuwa but uri

kundikuvadzisa shaa.

Me.....
Pai ?

Geo....... Hona zvauri kuita .

Mafemero aanga aakuita akandiudza kuti zvandinoda zvese ndinozviwana nhasi. He started moving his hands

kumusana kwangu .
Ndichibva ndaitawo tuma movements ndikanzwa agomera  ndikati yes.
Akatryer kuda kundisudurudza ndichibva ndaramba.

Geo...... Babie Kani.

Me....... No just hold me a little longer .

Ndakadaro ndichiita kudhonza izwi.

Geo.......ndourayiwa namudhara wako.

Me.......ndomuudza kuti kill me

first .

Akatozoita zvesimba kundibvisa pamusoro pake achibva andirarisa paside . Akamuka akada kutora t shirt yake ndichibva ndamubata ruoko .
Tichibva tambotarisana mumaziso.
I started moving my hand pa chest pake ,

Yaa yanga iripo chest ndofunga aienda kugym chete , He was my dream husband , substitute for Taa. Ndakanyatsoona kuti munhu apererwa uyu hapasisina pekutiza napo . Akazongondidhonza ndakavarairwa and started kissing me nekutambisa mabreasts , Everything was new to me zvakaita kuti ndinzwe kutsva .

Ndakabvisa top yangu ndega ndaiona seiiri kukanganisa . Akadzikisa ruoko achibva atanga kupuruzira muzvidya umu .
Gumbo ndakavhura ndega ndisina kumbonzi chivhura . Ndakati kumba handichadzokeri ini  . Ndakademba cuhandainonokera hangu kuzvitanga yndichitadza kuzipirwa hangu .

Ndainyatsonzwa kumhanya kweropa kubva muzvigumwe pasi petsoka ,kusvika kunoomesa gotsi .

After anyatsoona kuti ndaibva handichazive zvekuita ndopaakazo edzesera kupinda . Ndakamuona hangu aida kungoita zviri easy zviya achifunga kuti pakafambwa kare .
Paakaona atadza ndakaona

ashama muromo.

Geo......Angie.

Me.....huh

Geo......ah hausati wambo.....

I couldn't let him finish.

Me......I was waiting for you my love.

He started kissing me again zvine power ,
Achibva azongopinda nesimba rake rese ,
Umm ndakainzwa pain ichinosvika pakadzika dzika

pemoyo.
Kunzwa sendabaiwa injection chaiyo .
Ndaida kuridza mhere but ndakavharwa muromo nekiss , achibva azotanga kuita zvishoma nezvishoma.
Zvichinosanga pain nekunakidza but kapain ndokaive kakanyanya .
Akazopedza akandipukuta pukuta ndokundihatsira kupfeka hembe dzangu,

akapfeka t- shirt yake ,
YNdokubva abuda panze .

Ndakashingirira kumuka ndikadongorera ,kunze kwanga kwatosviba ndakaona achitaura nemunhu weka Honda's fit uya hameno chii chaakapihwa ,vachibva vambotenderera ne truck .
Akazodzoka later achibva agara paseat radriver .

Ini ndanga ndatorara kunge murwere chaiye .

Geo......Angie.

Me......dady.

Geo.....it's now past six, I think you should go home nefriend yangu iyo ndozoteera ne truck

kana fuel yauya .

Me......ndosvikoti ndiri kubva kupi nhaiwee?

Geo.......Angie don't talk like it's your first time kuenda kumba husikuka ?
Munhu anombosvika kumba kuma pasty nine?

Me.......ndiani akakuudza izvozvo?
Ndakambosvika past nine ndiinewe here ini?

Geo...... nevermind .

Me......I am in pain,I can't walk properly mhamha vanotozviona kuti pane

zvandaitwa.

Geo......zvine basa rei ?
Ndiwe watanga kuitwa izvozvo here?

Anga atochinja face George uya zvekunyengererana pasisina .

Me.....what do you mean kana uchiti zvine basa rei?

Geo.......wakura Angie ,I am surprised kuti wanga uchiri mhandara nanhasi ?
You should go home waamunhu mukuru iwe ,hauchasweri uchibvunzwa kuti wazodii?

Me.......handisi kuenda kumba George ,
Kana wakatuma kurara neni wondi dumper go and tell your boss kuti Angie ati zvakwana .

I said misodzi yaakuerera .

Geo......kutumwa naniko iwe? Ndikada kukutiza unondiwana

kupi ? You don't even know my name .
Wakamboona ID yangu here?
Besides ndiwe wakumbira sex shaa ,
Inini ndanga ndisingatombode zvese izvozvo.

Me.......did I force or you're the one who forced yourself on me.?

Geo......but hapana chinombo shamisa apa ,hausi mwana mudiki kaiwe ,
Dai uine 13 years ndopandaiti ndadzvanyirira mwana ,dai soo waane mwana ane seven years
.

Ndakatanga kufunga kuti saka munhu uya atopedza neni here kana kuti achiri kundida ?
Akabvaatora phone yake

akatanga kubaya baya hake kuratidza kuti haasisina basa neni.
Ndakabva ndatanga kuchema zviri serious manje .
Akasimuka George akauya akaisa musoro wangu pamakumbo pake achibva atanga kupuruzira bvudzi rangu .

Geo.......the thing is, I have a

bad feeling baba vako vanondiuraya Angie . Vakakushaya kweone night vanokutsvaga kusvika vakuwana , Ndikaonekwa ndirini ndinewe ndinouraiwa ,remember ndingoriwo mushandiwo hake. Ndosaka ndiri kutaura zvese izvi ,I thought ucharamwa womboenda kumba for now ndichimbogadzirisa zvinhu. Zvinhu hazvina kumira mushe

for example pekugara chaipo handina pakanyatsonaka.

Me.......havakuuraye ndiripo .

Geo......unoita sei?

Me...... I don't know George ,ndofa newe I love you wholeheartedly Chero

tikanogara muimba yehuswa ndiinewe it's ok.

Geo......ok I understand ,chiudza mhamha vako kuti ndaenda kumurume wangu musanditsvage .
Unoita iri voice note .

Ndakabva ndamuka ndikagara

,
Mhamha vanga vatori online ,
Ndakaisa voice note
ndikavaudza kuti kana mari
yaita achauya kuzoroora .after
sending the vn
I smiled ndakatarisa George ,
He started kissing me again
,ndikanzwa nyama dzangu
dzichidaira zvakare ,
Kutya kurwadziswa ndiko
kwaizongondidzosa kumashure
chete ,

Ndakabva ndamupushira kure achibva aseka hake
Nguva iyoyo phone yangu yakaringer Mommy calling ...

Me......hello.

Mom.......wati chii Angie.?

Ndakashaya kuti ndozvitaura

sei?

Me......dzokororai voice note mhamha .

Mom.......dzoka kumba Angie mwanangu nguva yako ichakwana ,don't force things.

Me........munoda kuti ndiitewo

sei nhai mhamha ? Christina akatizira wani mukamutambira ?
Ndikadzoka ikoko Christina anogara achichema neni. Ndaenda kumunhu wandinoda ,I found happiness in him let me be mom.

Mom.......noo Angie mwanangu..

Me.....makaita zvekutizira wani mhamha?  pane akambokutii dzoka kumba?

She started crying zvekutobudisa sound .. ndichibva ndakata phone .
I felt bad but panga pasina zvekuita ,ndanga ndaakudawo imba nemunhu wandinoda .
Taingonogarawo kuimba yake

yeku Marondera iyoyo Chero tichidanana .

Geo........wachemedza mhamha vedu Angie.

Me........ndozvazvinoita vachapora havo as time goes on .

He kissed me paforehead . Takambogara tichimirira kuti munhu aiuya ne fuel asvike ,paakasvika pacho ndakatombohwanda zvakasimba .
Ndaingonzwa vachitaura vari panze hana yangu ichibika manhanga ,
Geo akazodzoka mumota akatadza kuona pandaive.

Geo......Angie where are you?

Ndakabuda paseri peblanket nemornach pandanga ndakagonya.

Geo......uri kuhwandei nhai ?

Akabva amboseka hake.

Me.......ah ko ndikaonekwa nevanhu vekubasa kwadaddy.

Geo.......auya haana basa uyo , Ndatoti andipe mota yaauya nayo tiende kuMarondera . Come let's go.

Akandibata ruoko ndikasimuka,
Mota yanga yauya nemunhu wacho yanga yakanaka

zvisingaite.
Yaitokwikwidza kune malatest mazuva iwayo .
Truck rakadirwa fuel ndobva raenda ,ka Honda fit kachibva kateera .

Gare gare George akabva amutsawo yedu mota tikatevera mumashure,
Aifamba hake slow slow achiteerera music.
Inini ndini ndaive

ndisingagone nemufaro ,
Finally ndanga ndave mukadzi wemunhu wandinoda .

Akazotanga kuwedzera speed tave muroad inobva pacross ichienda Marondera .
Takasvika kuMarondera kuma to eight.
We went pachicken inn tikatenga zvekudya tichibva tadzokera mumota .

Takabva mutown ndikazoona tave kwanga kwakaita sekuchitungwiza .
Dzimba dzanga dzakabatana batana ,husiku ihwohwo vanhu vaitofamba vachiiita noise .
Vamwe vaitengesa matomatoes nemacabbage .
Vamwewo vaive mutuma tuckshop vachitengesa .
Ndiri mukati mekuongorora ndakazongoona mota yamira pamberi peimwe imba ,panga

paine fence yaitoda kudonha nekagate kadiki kasingakwane kupinda nemota.

Geo... ....buruka babie tasvika.

Me....... serious here?

Geo.......ndokwandinoti kumba kunoku.

Me......apa pane fence yakadonha?

Geo......ndipapo chaipo .

Me.....ko unodii kugadzirisa fence nhai?

Geo.......handiwane time yacho.

Me.......ndichatotsvaga vanhu vanogadzira duralwall handidi zvepamba panoonekwa nevanhu ini ,ne noise iri kuno?

Akaramba akanyarara hake George,
Ndakaburuka ndikakamhinira ndichimuteera .
Mumba macho mataienda

maitoratidza
kuti mutori nevanhu
maitonzwika noise .
Nechekuside kwaive ne tumba
tudiki 3 rooms dzaive
nemadoor anobuda kunze ese .

Me.......idanga rehuku here iri?

Geo.......Angie please ko
ukambonyararawo .

Me.......ok tozoona mangwana but zvimwe ndoda kuzozvichinja panapa.

Mumatanga ehuku macho maitonzwika kutaura vanhu mutori nemalights ndofunga vaito feeder huku dzacho . Takasviko Mira padoor George aka knocker.

Ndaishaya kuti ko anogo knocker pamba pake why?

Door rakauya rikavhurwa nekamusikana kangangove zvekuma 18 years .

"Pindai"

Akadaro achibva atodzokera mumba.
Ndanga ndatove confused kushaya kuti chii chiri kuitika.

Takapinda ndakochekera ruoko rwangu pane rwaGeorge.
Aida kubvisa but ndakaramba ndakabatirira .
Imba yacho yanga yakada kungoita seyekwana Joe kuChitungwiza ,karoom kacho kaive nemasofa kaitove padiki pane bathroom rangu.
Maive nevakadzi three mumwe wechidiki nevamwe two vechikuru .
Tichipinda vakadzi vamwe two

vakabva vabuda ,tikagara pavanga vakagara .
Manga masara one mukadzi wechikuru.

Her......"titambire mazouya nhasi"

Geo.......tauya makadii mhamha?

Her......"ndiripo hangu mwanangu wakadiiko?"

Geo ...ndiri Nani hangu mhamha ava ndivo adzimai vangu .

Her......Tafara kukuziva muroora.

Geo......babie ava ndivo mhamha vepanapa . Vanonzi Mai Mutoro.

Me......what  do mean? Ndimai vako here kana kuti?

Geo......yaa ndimhamha ,ndivo

muridzi wemba ino ndino lodger one room mukati umo.

I looked at him in disbelief. How can someone stay in one room ?
Aitoda hake kutamba nepfungwa dzangu.

Me.......ko kwako kumba tichaenda riini?

Geo.......Inga ndakakuudza wani kuti ndinobva kuZambia babie .
Tichaenda but for now tombogara pano.

Me.......ndibve mumansion ndouya ndichigara mudanga rehuku rakadai .?
Unondionera paiko iwe ?

Don't take advantage yekuti ndinokuda wanzwa ?
Tsvaga zvekuita hako ,handingambogare mumukoto makadai.
And handisi kuzorara pano.

Geo.......shaa inini ndakakuudza kuti ndiri murombo ,ukandida nezvandiri
I can't change my life in a minute .

Handina handiwane mari inokwana zvauri kutaura and unozviziva.

Me......ndosaka ndanga ndati ndishandise mari yangu ,ukati hee handidi mari yemukadzi kunge unezvisvinu ,
Tsuro yemubook hayo handigare muone room ini, mwana wa Ryan Rukato chaiye kuswera ndichi

suffocater kuti ndadii?

Geo......ndosaka that day ndaida kuteera Mitchell though ndaida iwewe ,
Dai ari Mitchy ainzwisisa situation yangu because ndewe class yangu.

Me.......handigare pakadai Geo handidi kukunyepera ,nekuda

kwe love chete aiwa haa no.

Geo akaramba akanyarara akaisa musoro pakati pemakumbo.

Me......ndiperekedze kumba kwedu izvezvi.

Geo........hapana kwandiri

kuenda ndoda kuzorora hangu ini,kwandakabva kure .
Kumba kwenyu unokuziva .

Ndakati dai ndaigona kurova ndambomurova chete ,ndakazongoguma pakuridza zitsamwa.

Me.......ndoda kufonera dad vangu ,he won't spare you .

Geo.......it's ok vafonere vauye ,I am tired of living vakatondipedzisa vanenge vagona.

Ndakaridza tsamwa again ine mutsindo,
George akakumbira makey emumba make achibva apihwa akapinda nemuka passage akaenda.

Phone yangu ndanga ndisina kureva kuti yanga yasara mutruck zvese ne wallet nhai?

Me.......ndipei phone yenyu izvezvi ndifonere dad vangu .

Ndakadaro ndakatarisa mai vaya.
Musikana uya wekutitambira akabva aseka kuridza chikwee

chaiko.
Mai vaya vakaramba vakangondiyeva .

Me......ndipei phone nditaure nadad vangu please.
Vakauya pano hamuzogone kuzvimiririra imi.

Ndaiita kunzwa mazihasha.
Musikana uya akabva asunga

chiso.

"Tikwanirei amai imi, hatina phone dze donor isu pano manzwa"

Mai Mut.......ndinokurova muromo iwoyo Lesley dzikama.

Les.....aiwaka havauye vachiitira hasha dzavo panapa ,pano panoti isu vanoitira hasha dzavo kunze kwegate . Hatitongwe nemunhu pamba peduka .

Ndakasimuka ndichida kutsvaga chekunhonga ndimuteme .

Les.......eeeh zviedze hako ,zvizame, manje inini ndokuputitsa, handikujaidze pengera kwawakaroiwa .

Mai vaya vakasimuka zvine hasha ,Lesy uya akasimuka akabuda achimhanya vaida kutomurova chaiko. Vakabva vagara pasi ,ndichibva ndagarawo.

Mai Mut.......(looking at me) nhai mwanangu zvambonyanyoita Seiko.?

Me......zvenyu imi inini kumba kwedu kune everything ,dad vangu vane mine vane company yematrucks ,vane mashops nema factory to mention a few ,kwese ikoko ndinema shares ,

Iyeyu George anotoshanda kumba kwedu ,anoziva kuti I can't stay in this environment , Ndakamuudza kuti ndokupa mari wotangawo something akaramba ,ndikafunga kuti pamwe ane life irinani. Kwaakundiunza kumusha kunoku kumakomboni.

Mai mut.....makatanga

kudanana riini?

Me......two weeks ago?

Mai mut.......ndobva matotizisana nhasi?

Me.......ini hangu ndanga ndisina problem netime yatadanana because

ndinomuda nemoyo wese .
But Izvi hazviite izvi ah.

Mai mut.......ndazvinzwa mwanangu,asika
Rudo harutarise zvese izvozvo
,
Pfuma inouya muri pamwechete nekushingirira .
Pachivanhu chedu mukuwasha haangagarire kudya pfuma yaatezvara .

Unofanira kutomusimbisa moshanda zvenyu.

Me......munhu asina kana yestart hayo ? Anopfuma riini nhai?

Mai mut........pamwe Ari kusungirira  haungazive kana musati magara mese . Achatozokuratidza kuti ndine

mari yakadai ndoda kutangawo zvakadai .

Amai vaya vakataura neni zvishoma nezvishoma vachindionesawo kukosha kwerudo ,nekugonawo ku sacrificer for love,
Vakataura
kusvika ndanyatso dzikama .
Vakazondiperekedza kunosvika padoor pa George pacho .

Ndichipinda ndakatodhumira pa TV stand yanga iri padoor chaipo,bed yanga iri kuside ,wardrope kumakumbo kwebed,
Ka fridge ka upright pakona,
Koita kapushing tray kanga kaine two plates stove ine oven .
Kozotiwo katwo door kitchen unit .
Mumba macho manga musina kana space hayo.

Bed yanga yakakurisa ndiyo yaidya space yakakura mumba imomo.
Everything looked nice and new .
Manga musina kana space yekuti unogara pasi,paingove nekamukoto between bedroom ne Kitchen ,
Kitchen ne lounge ndozvanga zvakangobatana
zvese ne sitting room pakona ipapo.

Hameno bathroom ne laundry zvaizobuda papi?

Ndakanyatsofunga kumba kwedu kwandanga ndabva makuriro eroom yangu chete ,yaitoita kunge imba yamai Mutoro yese .

"What brought me here ,who is driving me crazy? ,is it love , George or kuita kwamai Hoko? Ndakanzwa misodzi yeshungu

ichibuda inopisa chaiyo . Ndakagara pasi pafloor chaipo ndikatanga kuchema zvekutobuditsa sound chaizvo. George akaburuka pabed paanga akarara akandisumudza akandigarisa pabed.

Geo....... Everything will be okay ,don't worry honey .

Akadira mvura akandiperekedza ndikanogeza mutoilet, maisanhuwa hamo but mutoilet mutoilet ka.
He carried me kunopinda mumba , Leslie aiita achidongorera ari muroom yanga iri opposite yedu, ndaimuona hangu akavhura door zvishoma.
Kudya ndakaramba kana iye George wacho haana kumbodya .

Hope hadzirambe kubata nekuti wazobuda mumansion dzakangondibata zvakadaro .

End of chapter

[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

# He changed me completely

Story by Felistas

Contact
0783857336

## Chapter 21

Ndakamutswa nenoise Kuma past four am ,vakambogara mulocation vanoiziva matax anga aakutodeedzera town town ko ndaizvizivirepi hangu kwedu kwanga kuri quiet . George anga asimo mumba apa ini

Ndanga ndakapreswa newiwi . Ndakahuruka pabed ndikamhanya kutoilet kwandanga tambogeza last

night,
Wanike Lesley atorimowo achi cleaner.

Me.....excuse me .

Les.......kupi manje?

Me........I just want to use the

toilet ndobuda wozopedzisa hako zvauri kuita .

Les......ambhuya kwanai motomirira ndipedze ,wamunoda kubatisa maweti enyu ndiani?

Me.....
Saka ndozviitira here nhaiwe?

Les....... whatever!

Ndakaedza kumupushira kuside wanike itori simbi zvayo ,anga asingatsukunyuke.

Me......iwe mhani ibva ndoda kuita weti kani?

Les.....Mira ndipedze ku cleaner .

Me.......saka ndoitira pasi hameno hako.

Les......zviedze ,endai munoitira mumba menyu umooo.

"Chiiko uko nhaiwee Lesley "

Vakadeedzera vari mupassage.

Les......ah mhamha zvinobhohwa ndichi cleaner munhu ouya achisiya tsvina dzake imomo here?

Mai Mut.......kwana iwe ,saka

ozviitira here ?

Akazosuduruka mai vake vauya .
Apa ini pant ranga ratotota zvishoma ndanga ndatora nguva yakareba ndakaichengeta .

Ndakapinda and did my business ndikangosiyawo zvakadaro flashing system

yacho yanga yakatofa hayo. Ndichingonopinda muroom mangu Les pfacha padoor ,

"Huya hako u flashe d****i rako "

Me.......ndoflasha nepai nhaiwe ?zvimatoilet zvenyu zvakafa izvozvo?

Les......kana waona kuti
zvakafa waitirei imomo?

Uyu anga akatosiyana na
Christina nekure ,
Cee aingonyarara Chero
ndikamuitira hutsinye.

Les......budai zvenyu muuye

amai muflashe ndoda kutogeza Soo.

Mai mut.......Les mhani!nda flasha ibva padoor pevanhu apo.

Les ... ...
Munomujaidza mhamha mulodger akadai haaite ah kana .

Ndakavhara door rangu
ndikasiya achipopotedzana
namai vake.
Ndakabvisa pant rangu
ndikakanda pamusoro pe
wardrope ranga raakundi
irritater ,
Ndichibva ndagara pabed
ndakaita kuvhura makumbo
kuti papinde mhepo paive
nekapain.

Ndainzwa kakurwadziwa pakati pemakumbo .

Ndaitadza kugadzikana mukamba kadiki kakadaro, ndakaenda kunovhura widow raive paside pewardrope ndikaona panze pakazara tuvana twaitamba panze , Mandaiti mumatanga ehuku manhwru paya, ndakaona vamwe mai vakapfugama

padoor vachipedzisa kuzora cobra ,
Mumwe musikana akatopinda akabata maplates muneimwe room , kureva kuti dzaitove dzimba dzevamwe vanhu.

Ndakabva ndafunga kufarm kwadad vangu ndomagariro aiita vanhu vemuma komboni .
Ndakadzokera pabed ndichiedza kumirira George, ndakangoti Pamwe hameno

padhuze paari .
Hope dzandibata ndikazomuka nzara yaakuruma mudumbu ,
Time dzanga dzave kuma to one pa watch yekumadziro.

Ndakavhura vhura zvinhu ndikawana ,chicken inn irimo muka oven kaya ,
Mu fridge manga muine madrinks , ma yourgut , mukaka nemafruits .
Ndakazongodya nyama ne

drink kuti ndisaziye nenzara . Ndichibva ndarara zvekare ndaida kuti George auye ne wallet yangu ne phone ndiende hangu kumba kwamai vangu , Zvekuroorwa zvacho zvanga zvandikona . Ndakatozoona four dzachaya pasina auya ndichibva ndabuda mumba muya .

Lesley anga akagara musitting room nekamwe kamusikana

vakatarisa paphone vachiseka ,paakandiona akabva aita kakufinyama .
Ndakabva ndafinyamawo ndichibuda panze pandanga ndanzwa Mai Mutoro vachitaura .
Ndakaenda pavanga vari ndikamira .

Mai Mut......hamuna kujairaka noise yekuno mainini?

She said smilling.

Me......imarii kubva kuno kuenda kuHarare ?

Mai Mut....... ndomboziva here ? Imariiko kuenda kuHarare mai Nolly ?,ndimi munomboenda kuHarare.

Vakabvunza mukadzi aiwacha
.

Mai Nolly.......haasi ma $2 here
?,asi ukawana bhazi ma $1.50.

Me......ndipeiwoka mozopihwa
na George kana auya .

Mai Mut.......zvichiita here

mwanangu? ,wadii kumirira adzoke motaurirana ? Anotozopa inini mhosva manje .

Me........aah hameno ndaakuda kuenda kumba ini.

Mai Mut.......kunze kwadoka mwanangu ,unozongomukira mangwana .

Tarisa hembe yako ine tuma blood stain kumashure .

Ndakatarisa ndikaona turopa turiko zveshuwa pahembe .

Me.......hazvina basa ,hapana wamunozivawo here anoda stove kana ,TV izvezvi ndimupe necheap price .

Mai Nolly vaya ndakaona vachisekenyeka vakatarisa pasi.

Mai Mut.......chiiko mwanangu ,zvanyanyoita Seiko.?

Me.......chindipai phone ndifonere mai vangu ,I just

want to get out of this place right now.

Musoro wangu wangu waakutenderera zvisingaite , Chandaingoda chete kuenda kumba Kuna amai vangu .

Mai Mut.......ok huya ndikupe phone yacho .

I followed her ndikanogara pasofa pavo ,Les anga achiri ne friend yake vachitaura vachiseka havo.
Life yaitovafambira vanga vakajaira kahupenyu kacho.

Instead yekuuya nephone Mai Mutoro vakauya netea ,apa inini wacho tea ndagara ndinoidisisa.
Ndakatambira ndikanwa iri plain kudaro,

Vakandivaraidza vachitaura neni dzimwe nyaya kusvika kunze kwasviba ,
Vakabika sadza vakandinyengerera kudya ndikangodyawo zvishoma .
Moyo wangu waive kumba kwedu kwandaisarudza food yekudya .

Ndakarara zve George kana kumbodzoka hake ,
Ndaiti ndikabatwa nehope

ndopepuka ndichiteerera kuti Pamwe ndichanzwa knock asi hapana kana ndakazobatwa nehope kunze kwatochena kutozomuka Kuma eight chaiko.

I opened mu wardrope manga musina hembe kana one kunze kwe worksuit yekumatrucks kwaDad .
Nema towel ekugezesa akawanda kusanganisira

ekumonera .
Mune rimwe door manga muine mafuta ekuzora ,matooth brush manew one ne tooth paste .
Ndakadzungudza musoro ndikavhara .
Ndakatora bucket sipo netowel ndikaenda kutoilet kuya .
Toilet yacho yaive nechemukati memba panga pasina need yekubuda panze ,mutoilet macho hapana

paibuda mvura shower yacho yanga yakatofa hayo . Neche padoor kunze kwetoilet ndopaive nezi dish raive nemvura yakazara ndakabva ndangocherawo imomo full bucket imwe ichirasikira pasi .

Ndakapinda ndikangogezawo zvimwe zviya zviya ngungobvisawo sweat ,ndiri pakati pekugeza ndakanzwa heavy knock padoor retoilet .

Me......ndiri kugeza .

Les......mvura yaani nhai?

Ndakaramba ndakanyarara.

Les.......shuwa ndomuka Kuma four kuchereredza mvura

yekuti mugeze nhai mai imi?

Hupenyu hwacho hwanga hwakaoma kudarika dombo . Ndakamonera towel rangu ndikabuda ndikawana akamira padoor akabata muchiuno .

Les......saka maakutoenda? mvura yamageza inokorobwa nani manje?

Mai Mut.....
Nhai Lesy mwanangu wanetswa neiko iwe?

Vaitouya vanga vainzwa noise yacho.

Les......mhamha ndomuka

kumafour kuchereredza mvura munhu ongouya achigeza ,achisiya arasa imwe futi .
Apa mvura yatoenda Pamwe mangwana haiuye ,toilet inoda kuflashwa the whole day.

Mai Mut.......haatozvizive zvese izvozvo Les mwanangu akakurira muchirungu ,mvura inoswera iriko kwavo.

Imbovapa time vambotanga vajaira life yekuno ,unongomutorawo semuenzi wedu pano.

Les......Ko kungo pukutawo mavagezera ?

Mai Mut....... Ndosaka ndati chimbovapa time vajaire , kwavakabva kwanga kuine

vasikana vebasa.

Les........asi next week ndivo vane duty , I am sure vanenge vajaira.

Me...... Ndichigara pano kusvika next week kuti zvadii? Ndiri kutoenda kumba kwedu

nhasi chaiye handigare mutsvina makadaisoo ini .

Ndakabva ndafamba hangu ndichienda kuroom ya George . Ndakasiya Mai nemwana vachinetsana ,
Dress rangu raisatomboita kana kupfeka raiti dikita nemablood stains aya ,pant raingove pamusoro pewardrope netuweti

twaro .
Kwedu ndaiwachirwa zvese zvese nemamaids .
Ndakagara pabed misodzi ikatanga kubuda zvekare ,apa George wacho anga asipo ,kana kumbotumira message hake kuti ndiri kwakati kana kuti zvazodai .

Ndiri pakati pekupukuta misodzi ndopandakanzwa knock padoor .

Ndakamonera towel rangu zvakanaka ndikaenda kudoor , Wanike pana Lesley akabata satchel newone re addidas ranga riine pink ne black . Ranga rakanaka satchel rake .

Les.......mati muri kuenda nguvai zviya?

Me......zvine basa rei newe

zvekuenda kwangu?

Les......ndoda kuziva kuitira kuti nditsvage plan yekugarira George beya .

Me.......beya ndochii?

Les.......kugara ndakamuteya ,achiona zvemukati ,

Uchingoenda ndotopindawo and handibude .

Me.......uchipinda pai manje?

Les......mumba imomo kutoita mukadzi waGeorge ,hakuna asingade gentrumen rakadaro. Saka the earlier you go ndowanawo time yekukurumidza kuita nhumbu. Woto chooser kugara mutsvina

kana kusiya handsome dude ndezvipi zviri Nani?

Ndakapeta maoko angu ndikanyatsomutarisa .

Les......oh satchel ratumirwa na George iri ,dai makaenda nezuro satchel irori ritori rangu soo.

Pandakangonzwa kuti na George ndakabva ndatoita rekubvuta satchel riya , Ndakapinda mumba ndika vhara door ndichibva ndakanda satchel riya pabed .
I wanted him not kutumirwa satchel .
Ndakarivhura ndikatanga kubudisa zvinhu one by one , Manga muine hembe dzakanaka ne pack rema pant ,

I counted them anga ari 12 .
Neka jacket Kari nice nice .
My phone was there ne wallet yangu .
Ndakakurumidza kuvhura wallet ndichida kuona kuti zvinhu zvangu zvakakwana here ?
Maive nekabepa kakanyorwa ndakakabuditsa ndikaisa paside ,
Mari yangu yaivemo sezvayanga iri ,

ID yangu yaivemo zvekare . Ndakaisa wallet Kure ndikabatidza phone , phone ichisano baka ndakavhura kabepa kaya .

My sweetheart

I am a sorry ndakabuda ndisina kukuudza , I was afraid unogona kuramba kusara ,

Ndiri kubasa babie ,I am trying to raise enough money kuti ugare zvakanaka like zvawaingoita kumba kwenyu .
I thought ndinowana waenda ,kugara kwawaita it shows kuti unondida zvakanyanya.
I love you so much , ndinouya tomorrow evening , but for a short time basa rakawanda ndakabata ma contracts akati wandei.
I hope you're not suffocating.

Zvakawanda totaura ndauya .

Take care

I smiled ndikapeta katsamba kaya,
Ndichibva ndadzosera muwallet .

"I love you too"

I said ndakatarisa mudenga , ndikatanga kutsvaga hembe inoita kupfeka .
Dzanga dzakati kurei zvishoma anga asingatombozive size yainyatsondigara chaiyo . Ndakapfeka hangu zvese ne pant ne braa new one .

Ndakazotora phone yangu ndikawana mazara mamessages ,

akawanda angori a dad vachiti "dzoka kumba ,where are you ?"
Mhamhawo vachiti "hakuna chakanaka kuno nadad vako , But kana kuchigarika stay there my daughter ndoimba yacho ."
Anashe wo anga akangoti "congrats  sisi ,ndoda kuonawo bamukuru vangu asap."
Ndakaidzima ndikaikanda Kure .

Ndanga ndatove mukadzi waGeorge zvavo zvekuti dzoka kumba zvanga zvisisabude.

Ndakasimuka ndikambovhura vhura ma kitchen unit ne fridge ,manga makarongeka zvekubika zvaivemo zvaienderana neni but zvekubika ndanga ndisina kumbojaira hangu . Ndakazongotora maconflakes

nemukaka mufridge ,
Ndichibva ndazvigarira pa bed hangu .

Tsamba ya George yakaita kuti pfungwa yekudzokera kumba itize.
atleast anga achimboisawo effort yekuti ndirarame better life.
Pandakapedza kudya ndakabva ndazvambarara hangu pabed ,

kumirira two days kwanga kwakaoma hako , apa munhu achiti ndouya zvenguva diki , Ndaitogaya plan yekumurambidza kudzokera , haanga ndisiyeka isu tichangobva kuroorana .
Tanga tisina kana kumbowana nguva yekuzivana
Kuti who is George , iyewo achiziva zvandinoda nezvandisingade .
Kurara kunosvika pakuno

bhohwa ,
Ndakazobuda mumba zuva raakutodoka ,ndikambotanga nekuenda kutoilet .
Ndakasiya ndadirawo mvura nebucket zvimwe zvacho zvaizonyadzisa.
Plus Lesley aitaurisa zvisingaite ,ndaitombofurwawo nemhepo kana asipo .

Ndakanzwa Mai Mutoro

vachiimba masong egospel vari mukakitchen kavo ,
I went there ndichida kunobvunza kuti ndiani atumwa na George nezvinhu ?
Ndakanomira padoor ivo vanga vasina kumbondiona.

Me......ndiani atumwa nezvinhu na George ?.

Vakatoita zvekuvhunduka .

Les.......yuhwii zvinonzi maswera sei vanhu.

Anga akagara pasi pafloor chaipo achimenya mapotatoes , Ndakatozomuona ataura mumba macho maive nekarima.

Mai Mut......garai pachair apo mwanangu,light remuno rakatsva tiri kutoshandisa remu dinning umo  tichatotenga rimwe.

Mainzi mudining macho ndakatoshayawo kuti ndemupi ini.

Les.....yuhwi dzatopfekwa

hembe dziya ,apa dzisina kuwachwa ?,asi hamuzive kuti hembe dzemubhero dzinowachwa first ?

Ndakangonzwa kuti kwaa anga arohwa nechimugoti , Akazosara kumhanya akanomira kudoor atorohwa futi pamusana.

Les.......mhamha Kani .

Aitodaro achiseka.

Mai Mut.......Mai Mukula
Havana zera newe ,havasi
shamwari yako wanzwa?

Les.....kutamba hangu navo

mhamha ,vanondinakidza muslay queen anonodanana nemukomana wemu location?

Mai Mut.......zvine basa rei ? Iwewe unaye here wemulocation wacho?

Les.......wangu anofamba nebenz mhamha latest .

Mai Mut.......pfutseke dzoka umenye mapotatoes ayo .

Ndakabva ndatomafungawo mapotaoes ndaitoda ari mafresh chips ,but zvekumbomenya nekudii dii ndanga ndisati ndambozviita hangu .

Mai Mut......zvinhu zvauya nemumwe mukoma ati ishamwari yava Mukula .

Me......hoo? Auya nguvai ko adii kundiona?

Mai Mut........anga achitoita zvekumhanya mhanya ,angosvitsa mai Nenyasha

pagate apo akati hanzi ipapi Mai Mutoro ndezve mukadzi waGeorge Mukula .

Me.......nguvai ?

Mai Mut.......inguvai zviya Les ?

Les......Kuma around past nine

ikoko ,
Pamangobva kunogeza paya ndopauyawo mai Nenyasha pano.

Me......ok.

Ndakabva ndabuda hangu ,kuti ndidzokere mumba mangu .

Mai Mut....... Nhasi tine prayer pano kana makasununguka Mai Mukula.

Me....... Prayer ??

Mai Mut....... Ehe tinoita minamato yemudzimba kuno.

Me..... Hoo.

Ndakabva ndatoenda hangu muroom maGeorge ndikananga mumablankets straight .
Kumirira George kwaitorwadza ,mutsamba anga akati ndinouya mangwana manheru kureva kuti ndairara ndomuka ndoswera ozouya ndarara futi .

# End of chapter

[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

He changed me completely

Story by Felistas

Contact

0783857336

Chapter 22

Vakazoti vauya vanhu
vechurch vaya ,
nzeve dzakarira nenoise
musoro ukatanga kutema .
Vanhu vacho vainamata

zvisina kana order ,
R
Vaiti rwunoimba vamwe vachinamata , rwunoombera maoko ,
Rwunosvetuka svetuka pasi pachiita sepachatsemuka.
Ndaiita kunzwa kusvotwa kuaingaite kungoti pamba pasiri pako munhu hapana zvaungaite .
I tried kunobatidza T V but yaitobudisa mashowers hayo

hapana zvisvinu zvaibuda . Ndakambobatidza phone ndikada kuplayer music yephone yangu  zvakabva zvatoita worse  Anashe anga aakufonawo tichitadza kunyatsonzwanana .

Me....... Unozofona later ndiri pane noise.

Ndakamudaro aramba achingofona.

Ana....... Muri muchurch here?

Me...... Ayewa  kani.

Ana....... saka Ipai bamukuru vangu phone nditaure navo

please.

Me....... Ndiri muchurch mhani iwee.

Ana........ matii?

Me.......Ndiri muchurch Anashe.

Ndakabva ndakata phone Ana wacho anga asingatondinzwe zvakanaka,
Bamukuru vaaitaura nezvavo vaitozouya mangwana acho manheru .

Ndichingosiya phone pasi ndakabva ndanzwa knock padoor .
Ndakasiya zvakadaro Les

aisvota ,pamwe aida kutoti huyai kuprayer .
Ndakabva ndatonyatsorara hangu ndakatarisa kuside,
Munhu uya akaknoker again ndikaramba ndakarara ndakati achabva hake kana aneta .
Kuvhurwa kwedoor handina kumbokunzwa vanhu vaya vanga vatangazve kuimba .
ndakazongonzwa movement yemunhu nesmell ye perfume inodhura yakandirovesa

nehana mupfungwa mangu makangofunga kuti dad vangu vateera.

Pandakasimudza musoro wanike ndiGeorge hake , Anga atove busy kuisa zvaanga auya nazvo mufrigde zvimwe achibva aisa mukitchen unit. Ndakamuka ndikagara pabed ndakarembedza makumbo ndakamuyeva .moyo wangu uchibhaguja mumufaro.

George.......ko hamumhorese vanhu?

He said achipedzisa kuvhara frigde ,
Achibva atora poto pamusoro pekitchen unit akaisa mvura yaive mubucket achibva aisa pastove..
Ndaitofunga haana kuzviona

kuti ndamuka kaini.

Me.......mhoroi?

Geo....... ko sei uchiignore knock nhai Angie ?

Me.......ndafunga kuti ndi Les.

Geo......uka ignore Les who will help you kana ndisipo?

Ndakaramba ndakanyarara hangu.

Geo......ndivo vanhu vauchatombogara navo kusvika ndawana mari yekukutsvagira pekugara

pakanaka.
Usiye habbit yako yekutsvinya
.

Instead yekundiudza kuti ndakusuwa,i love you busy kunditongesa.

Me......wauya kuzondiona here kana kuzondiudza zvekuita.

Geo......ndatouya kuzokuudza zvekuita because musoro wako hauite mushe.

Me.......ndaita sei?

Geo......ndakakuudza kuti ndiri kuuya tommorow evening but hauna kana kumbogeza hako

asi tsamba wakaverenga.

Me......hii tsamba yauya nhasi ,
Uchiti unouya tomorrow
evening.
Ndageza wani ?

Geo......yauya nhasi?

Me......ehe Kuma around 9 am.

Geo.......anopenga here mupfanha Eno ?
Munhu wandakapa zvinhu nezuro makuseni?
Saka nezuro hauna kuchinja hembe?

I nodded.

Geo......ko pant.?

Ipapo ndakabva ndapusa manje.

Geo...... Don't Tell me kuti uchiri wakapfeka pant riya Angie?

Me......ndaribvisa handiti

watumira mamwe.

Geo......riri kupi?

Me.......pamusoro pewardrope .

Geo.....tora tione kuti rakachena here ? Ndakanzwa kuti haugone kuwacha kana

pant rako.

Ndakanzwa kunyara chaiko ,kuwacha ndaigona but ndaisada hangu .
Zvino apa ndakanga ndabatwa red handed.

Me......ndiani akadaro ? Wakambotaura zvekuti ndaisvika kumba Kuma nine

,unenge uchizviwana kupi?

Geo.......anonyepa here munhu iyeye?

Me......anonyepa .

Geo......tora tione pant racho.

Me......handina hangu kuriwacha ,zvisiri zvekuti handigone......

Akaseka zvekuti ndakawedzera kunyara .

Geo......unongotaura kuti handigone kuwacha Angie ndokudzidzisa kusvika waakugona kuwacha even ma

worksuit nema jean.

Me.......maworksuit nemajean? izvo handiite ndingatotsvage munhu ,
Ipapo handimbodi kukunyepera .

Geo.......kutsvaga munhu anondiwachira inini here kana kuti?

Me......yes anowachira iwewe.

Geo......why?

Me.......handidi zvekuwacha handizvigone ,handina kukura ndichizviita and handife ndakazviita.

Geo....... reason yacho ndeye kuti haudi?

Me.......zvinoitwa nevanhu vasina mari yekubhadhara mamaids ,vasina mari yekutenga ma machines .

Geo........ok saka mhamha vedu havawache?

Me......vanowacha nekuda kwavo.

Geo......iwewe haudi ?

Me.......handigone.

Geo.......ndokudzidzisa .

Me.......handikwanise George ....,ok handidi zvekuwacha.

Geo.....ok don't worry ndowacha ndega hangu,saka uchatsvaga riini munhu anowacha pant riri pamusoro pewardrope?

Me......ndowacha mangwana makuseni.

Geo ...... tommorow morning? Muno wambomurara sei?

Me.......nei?

Geo......ndichipinda muno ndatotanga kunzwa ka smell kepant iroro ,
Ndosaka paya ndati hauna kugeza .

Me......dai ndisina kutaura kuti mune pant risina kuwachwa waitaura zvekunhuwa.?

Geo.......Inga ndichisvika

ndatokuudza kuti hauna kugeza wani ?
Ndikatovhura window .
This is a small room iwewe Angie semunhu akabva kumansion waifanira kutotadza kugara muno nepant iroro.
Handei unowacha shaa , remember ndomukitchen ndomu dinning tobika sei ?
Todya sei?

Ndakasimuka ndikakwira pabucket ndikatora pant rangu ,.
Rainhuwa zveshuwa zvanga kubva musi wandakabva kumba ndikaenda kutruck ndorandaingove naro ,ndikarara naro ndikazobvisa makuseni .

Takabuda tikaenda kutoilet , light ranga riri on tichingoti

bude mu passage paive nechikona chekuenda pa toilet , Wanike Lesley ari kuita kunhafiwa mazamu iwayo nemumwe mukomana , Anga akapfeka trouser reformal ndofunga ndiwo mabrothers anga auya kuchurch .
Vakavhunduka zvisingaite ,mukomana wacho achibva atongobuda achimhanya nedoor rekuseri ,

Sisi Les vachigadzirisawo top yavo .

Les...... Ma .. ma.. maswera sei mukoma .?

Aiita kudedera akatarisa George.

Geo...... Ndeip .

Akadaro George achitopinda mutoilet muya achibva avhara door.

Ndakaramba ndakamutarisa hangu achibva apindurudza maziso.

Me.......dakunovauda mai vako.

Les.......ndokuitirai duty two weeks mai Mukula musavaudze.

Me......handiite duty pano ini.plus I don't think kuti two weeks dzinokwana ndiri pano, Ndosiya ndaudza mai vako hunhu hwako.

Les....... Musavaudze please
Mai Mukula ok
handichakutukei .

Ndakaseka hangu ndichiteera
George mutoilet ,
Ndakawana ari busy kuvhara
zip yetrouser yake .
Kuti nditi aiita weti
zvakaramba ,muchamber
manga muine clean water .

Me......wanga uchiitei ?

Geo.......shaa zvinobvunzwa munhu here izvozvo?

Akataura achiita kakuseka nhema.
Ndakaedza kuda kuti ndivhure zip yacho ndione, achibva

andibata ruoko zvakasimba .

Me......uri kuvigei?

Geo.......iwe uri kutsvagei?

Me...... I don't have time for you silly questions.

Ndakadaro ndichibvisa ruoko

rwangu mune rwake.

Geo ......asi une time yei nhai?mutoilet muno mutori smart kudarika mumba mako .

Me ....mumba mangu mupi?

Geo.......kutadza kucleaner one room?

Me......do you still remember kwawakanditora ?
Kana kuti watokanganwa kwandakabva.

Geo......zvapera Angie sorry

hako ,chiwacha pant ugeze uuye ,ndaakunobika.

Ndakabatwa nenyadzi dzisingaite zera rangu nezvandaiita zvacho zvaisamboenderana.
After bathing ndakaenda mumba ndikawana atopedza kubika .
Ndakangodya zvimwe zviya zviya ndichibva ndasiya

ndainyara .

Me.....ndiri kufunga kuti titsvage imba hombe yeku lodger yakati kurei .

I said ndapedza kudya ,iye anga asati apedza hake .

Geo.......izvezvi handikwanise

kubhadhara .

Me....ndobhadhara inini.

Geo....handiuyeko handigare imba inobhadharwa nemukadzi.

Me......saka itaka plan yacho

iwewe.

Geo.....handikwanise.

Me......but uri kusprayer perfume iri expensive wani?

Geo......perfume iri expensive iyoyo unotojaira hako ndinoida

zvisingaite ndotoishandira.

Me.......zvauri kutaura hazvi make sense George,perfume iyi haitomboenderane nemari yaunotambira ,you're hiding something from me .
Kana uchikwanisa kutenga perfume iyoyo , it means unoafforder zvese zvandinoda but haudi hako ka.

I don't know your mission but to tell the truth ndinokuda nemoyo wese .whoever you're and whatever you're up to Usazondirwadzise hako in the process  please.
Ita zvese zvawakatumwa but do not break my heart ,
I left everything basa rangu,mota ,dzimba to mention a few ,
I left all that for you.

Ndanga ndaakutochema ini.

Geo......Angie why don't you trust me?

Me.....
I don't understand you George ......,who is George ?

Geo.......George Mukula is a truck driver at R and C logistics ,
Born and raised at Damba - Rukato farm in Marondera .
Currently married to Angel his boss's only daughter.

Me.......handisi kuzvibvuma George .
Can I have your ID,.

Akatora satchel rake akaburitsa wallet achibva andipa ID. Zveshuwa paive na George Mukula akazvarirwa kuMarondera .

Me......baba vako vanonzi Ani?

George.......Justin Mukula .

Me......ndibvunze dad vangu?

He shook his head .

Geo.......it's not necessary ndikangounganidza mari yangu ndinoenda newe kuZambia unonovaona and ask everything you want.

Me.....Handiti wakakurira pa farm ?
I am sure vanhu vepa farm vanokuziva vese maworkers akawanda aripo izvezvi akakurira ipapo,toenda tese ndono maker sure .

Geo........I wish I had time for that my love ,plus ndikaenda

kufarm dad vako will know kuti ndini ndinewe ndisati ndaakukwanisa kuvapa Mari yavo..

Anga aakutotambisa bvudzi rangu akanditarisa ,
Perfume yake yaidhura zvisingaite ,
Ndaimboinzwa Kuna dad nekuna Juniour but kwete pese pese ,vaitoi sprayer for special

occasions .
I wanted to ask more questions but ndakakurumidza kuvharwa nekiss ,
Ndichikiswa pese ndakabva ndatoita weak ,
Akaita zvaakaita ndikanakirwa zvekukanganwa zita rangu .

Me......I love you George .

Geo......thanks for loving me

honey ,I don't know how am I going to repay this favour.

He kissed me pamuromo chaipo.
Haana kumbonyanyogara achibva atoti ndaakuenda .

Me....... George please usandidaro two hours idzodzi waakutoenda ?

Geo.......ndodiiko Angie ? Ndiri kushandira iwewe

Me......I know but apa wanyanya dai wamborara one night chete.

Geo......babie ndikapedza zvandiri kuita ndinogona

kuwana mari yekuti tivhure shop yedu.
Totanga kurarama life yedu iri nani ,I will stay with you forever .

Munoziva kana wakanyura murudo you believe everything you hear from your him.
He went on and on achindi promiser a brighter future and a lot of things.

I believed him ndikamusiya achibuda achienda .It was late at night ndaimutyira murume wangu.
Ndakaenda musitting room ndikanovhura curtain ndikadongorera .

Akaita zvekujamba nepa fence yakadonha gate ranga rakiiwa, Ndaitoshaya nechavaikiira gate Mai Mutoro mbavha dzaigona

kungopinda nepese pese.
I watched him achifamba achiteedza road achicheuka cheuka ,
Ndakazongoona mota ye white yakauya ikamira pamberi pake ,
Achibva apinda nekutorova pasi.
handina hangu kunyatsoongorora because anga ave nechekure ,
I sighed , some thing was fishy

pana George uyu I had to find out .

Pandakacheuka ndakapotsa ndadhumhira pamunhu , Ndakavhunduka ndaida kuscreamer but akabva akurumidza kutaura .

Les....... Mazotiiko Mai Mukula please  ndatadza

kurara mhamha vangu vanondiponda chaiko.

Me....... Unouya uchiita basa mumba mangu ndokuti ndikuregerere.

Les....... Ok bhoo.

Ndakabva ndafamba

ndichienda muroom mangu,
Ndakazvikanda pabed ndichidzokorora kufunga zvese zvandanga ndaitwa na George ,
I couldn't stop smiling kusvika ndabatwa nehope .
Makuseni Les akamukira kuknocker padoor ,
Akapinda akawaridza bed ini ndichinogeza,
Pandakadzoka anga apukuta pukuta mumba maane fresh air .

Ndakamhanyira kutarisa wallet ndikawana zvese zvirimo zvakakwana .
Later akazouya later nemaplates achibva kunosuka panze.

Me....... Thanks .

Les.......ndoshanda for how many days ?.

Me...... Unoda kushanda kusvika riini?

Les...... Handizive imimi.

Me....... Ungade marii pamwedzi?

Les...... Muri kuda maid muone room imomo?
Mai Mukula hamusi serious imi .
Muchasiiwa nemurume hameno henyu ,
Nezuro ndakanzwa muchitukirwa pant .
Apa ndanhonga used condom kumakumbo kwebed yenyu.

Me.....used condom?

Wariisepi?

Les......ndachirasa kubin uko.

Me.....wadii kundiudza usati warasa .
Ranga riinei mukati?

Les......ndoreva chekunze chacho chiya .

Me......ok.

Les..... Mucharambwa Mai Mukula varume havadi munhu ane husimbe soo.
And havadi kupindirwa mumabedroom nevamwe vanhu.

Me.......handizvizive hako Les kumba kwedu ndaitoitirwawo .

Les.......hazvinetsi izvo mukangozvipira chete munotojaira .

End of chapter
[08/07, 22:26] +27 65 996

8531: Onsale

He changed me completely.

Story by Felistas

Contact

0783857336

## Chapter 23

Age difference between me and Lesley yakandipa shungu dzekuda kudzidzawo zvimwe zvinhu.Anga akatongwara

kundidarika she knew how to do all the chores.
Apa ini kubika chaiko ndaitove pazero,
Ndaisamboziva kuti ndotanga kuisa mvura here kana kuti rice mupoto.
She was willing to help hake ,neniwo ndakabva ndabvuma kubatsirika .
Akandinyorera list yebasa re everyday .

Kuwaridza bed , kuvhura window, kunogeza , kusuka maplates , ku cleaner mumba , kubika, kuwacha ndozvimwe zvezvinhu zvaivepo palist . Mafirst days ndaigona kugumira pakuwaridza bed kuvhura window nekugeza , maplates ndaizotsvaga munhu wekupawo Mari osuka . Zvimwe chete nekuwacha.

But as time went by ndanga

ndaakuita ndichijaira .
George aiuya zvematwo hours after 3 days odzokera , achingoti basa basa raka pressa,
He didn't even comment kuti ndachinja ,kugeza aiti ndogezera kubasa ndakapedzisira ndisisamuisire mvura yekugeza paaiuya ,
Dzimwe nguva aisatombodya food yacho yandinenge ndabika aiti ndadya kubasa .

Kana kuuya nefood yakabikwa todya izvozvo.
Ndaidanana nemhepo chaiyo ,asi ndaingoshingirira kuti nerimwe zuva zvichanaka chete sekuvimbisa kwake.
Zve Pp rake riya ndakangozezawo kumubvunza ndikasiya zvakadaro.Ndakatoona kuti ndingazvipe stress yezvinhu zvisina kana basa.
I noticed kuti kana tiri

pamutambo aisafarira kubatwa muviri wake ,uyezve anga asingabvise hembe . Ndaingofira mumoyo kutya kusiiwa zvachose apa nemadiro andaimuita .

Akazouya mumwe musi ari manheru akangoita two minutes ,akasiya andivhara vhara achibva aenda . Ndakaverenga 3 days munhu

haana kana kudzoka ,number dzaanga andipa ndanga ndaneta nekudziedza dzaingoenda straight kuvoice mail mazuva ese ,kumubvunza aingoti phone yacho inonetsa battery .
Ndakasvitsa 3 weeks asina kana kudzoka hupenyu hwemulocation ndanga ndajaira hangu basa rese ndaakutoitawo nekutaura nyaya nevamwe zvakanaka

but kurarama mumwe wako asipo kunongorwadza . Lesley namhamha ndivo vaingondisimbisa kuti anouya . Kudzokera kumba kwedu zvaisabatsira chinhu ndaitozosuwa worse ndichiziva kuti handichamuone zvachose.

Me.......makatanga kugara naye riini pano?...

Ndakazobvunzawo rimwe zuva.

Mai Mut.......akauya riini zviya nhai Les ?

Les......ngatiudze munhu chokwadi mhamha.

Mai Mut......mukomana uyu haana nguva yakareba achigara pano.

Les........haana kutombobvira agara pano , musi wamakauya mese ndopaakazo booked a ma hours aripano,asi akambotanga auya masikati nemunhu akamutsvagira imba.

Me.......akauya masikati pano ? Ko zvaaiti ndiri kubva kuBeira wani?

Mai Mut.......handifunge kuti ano driver marori ini ,Ganda rake ndere mari riya atori nebasa rake svunu.

Me......ko zvinhu.?

Property?

Les......zvinhu zvanga zvaane one week zvasiiwa mumba imomu.

Me.......saka haana kumbogara pano ka?

Les......kutaura chokwadi chaicho haana kumbogara pano ,but munhu akauya achitsvaga imba akati kana George auya nemukadzi mongoita sekuti makabvira kare muchigara na George .
Motomuti mukoma kunge makamujaira ,
Itsotsi munhu uya.

Me......kureva kuti everything

was planned ka.
Dai akasanditiza hake .

Mai Mut......haambokutize hazviite .

Me......why madaro mhamha?

Mai Mut.......akatokuroora

achikuda .

Me......Pamwe ane hurongwa hwakewo ,Pamwe pane munhu akamutuma kuti andirwadzise .

Mai yMut.......ndopanoshanda prayer ipapo,
Anogona  akauya kwauri nechimwe chinangwa but ukanamata Mwari

vanomushandura akatoita dzimwe pfungwa akatozokuda kupfuura zvaunomuita .

Me......shuwa here mhamha?
I hope anodzoka hake ,now paane 3 weeks no communication haasati ambozviita ko akasadzoka? .

Mom ....anouya ,chimbomirira zvishoma.

Me.....ndombomira this week akasauya ndoenda hangu Kuna gogo kufarm.

Mom........one month ishoma mupe time pamwe pane zvaari kugadzirisa .

Pandakadzokera mumba ndakatowana phone yangu ichringer ndakajamba kunge ndichadonha .
Wanike ndi Patricia Ari kufona hake .

Me......hello.

Pat....long time shaa

ukasatsvagwa hautsvage vamwe ?

Me.......kungovarairwa uri sei ?

Pat......asi bamunini vakakurambidza kutaura nevanhu?

Me......ayewa.

Pat......saka sei usingafone ,ndaimbogara ndichiedza phone yako ichiramba, Varisei bamunini?

Me....vari bhoo.

Pat......kubva waitay vekuviga asi unotya kutorerwa ?

Me......kutorerwa nani hangu ,vanogara vari busy izvezvi havapo vakabuda nebasa .

Pat.......wakagara bhoo shaa wangu murume akamiswa basa ,aakutoita zvekupfuya mabroilers pamba .

Me......hoo, but zvitori nani unogara uchimuona ,anoenda out ne basa
anobhohwa kungogara ndiri ndega always .

Pat......ndi Angie wandiri kutaura naye here uyu?

Me.....ehe hausikunzwa voice rangu?

Pat.......ndarinzwa but zvauri kutaura zvacho hausiwe wandinoziva ,kutoyemura hupenyu hweku pfuya mabroiler???
You have changed Angie .
He changed you right ??

Ndakangoseka nhema ,tikamboti taure taure na Patricia.

Kwaive kungoshinga kugarira munhu pasina kana call kana chii hacho .?
Mwedzi wakapera George asipo ,kuti ndiende kumba moyo wangu wairamba ,.
Ndaingotarisa nzira zuva nezuva ndichingoti pamwe anouya.

Mari yandaive nayo muwallet hangu ,ko ndaiishandisa chii George akasiya atenga zvese .

Ndakazenge ndanyatsopindwa nekalife kekutambura ,asi ndichigara nevanhu vanofara vakasununguka ,kumba kwedu ndaitove mujeri ndichigara ndakazvivharira mumba ,pasinawo ku socialiser nevamwe nekufurwa nemhepo. Ndaiona vanhu sekuti

vanosemesa.
Mai Mutoro vaiita zvekunohodha madomasi kumarket  vachitengesa pagate pavo.
I decided kumboenda navo one day ndichinoonawo kuti vanozvifambisa sei ?
Ndaida kuzoisawo zvangu pamusika pavo nekamari kandanga ndasarwa nako.
Ndaidawo kamari kekungogarawo nako zvefood

nei nei zvaive zvakazara mumba , George anga atenga achiziva hake kuti achaenda .

Takasvika kumarket kwacho kwanga kwakazara vanhu ,. Ndanga ndaakutoita ndichijairawo kufamba pane vanhu vakawanda.
But zvaitondiremera ndaisa feeler comfortable.
Vanhu vaideedzera zvakasiyana siyana

vachitengesa macrops avo .

Ndazonzwa mumweyy achiti "Rauya apple rekwa Rukato ,huya uone kunaaaka !!

Ndakaswedera padhuze ,ndikatoona mamwe maworkers ekufarm vakatopfeka maworksuits. Dad vaisiti kana vaka temhesa ma apple achienda kunze kwenyika anenge asara vaipa

vashandi vavo votengesa, ndozvanga zvaitika ipapo .

Ndakatengawo angu e $2 kutonzwa kumada,hapana akambondiziva ndanga ndakapfeka wool hat kunze kwaive nekamhepo kechando. Misodzi yangu yakadonha ndakatarisa ma apple ababa vangu ,
Ndanga ndaakuita semuranda kuri kushingirira kudiwa.

Takabuda pamarket takatsiga zvinhu zvedu ,
Tichibva tamirira makombi aibva kutown .
Makombi achowo aipfuura akazara , takatozokwira ka tax tikatozosvika kumba Kuma nine.

End of chapter.

****************

*Chapter* 24

Tichisvika pamba takasangana na Les kugate chaiko

akatimirira,

Les .......murume wenyu auya Mai Mukula akatsamwa zvisingaite .

Me.....auya ?

Ndakasiya zvinhu pagate ndichibva ndafambisa kuenda mumba .

Ndakamuwana arimo akamira akatarisa pawardrope maoko ari muhomwe .
Ndasviko mumbundira nekumashure ndichibva ndanyatsozembera pamusana pake.
Hana yangu ichiroverera zverudo chaizvo.
Misodzi yangu yaisatana kubuda hayo.
Munhu wandinoda anga auya after a long time

ndakangomirira.

He sighed achibvisa maoko angu padumbu pake.

Me......titambire .

Geo......uri kubva kupi Angie?. Y

Me......ndanga ndaenda hangu kumarket kunotsvaga zvekuhodha handiti wanga usisade kudzoka?

Ndakadaira ndisina kumbofunga zvakawanda.

Geo......unonotsvga zvekuhodha chii chisipo panapa ?

He opened fridge akaivhara negumbo ,he did the same kukitchen unit.

Me......ko kamari kangu kekungogarawo nako nhai ?

Geo......kekuitisei? wanga uchida kuonekwa nevanhu vababa vako handiti ?

Me......zvamboita Seiko George ?
Waane mwedzi wese usina kumbodzoka waakungosvika uchipopota .

Geo......it's time for you to go Angie ,handichakwanise kugara newe.
Ndakamboedza kukusiya for a month ndichiti pamwe

uchaenda kumba kwenyu but pfungwa dzako hadzishande. wakagarirei pano nhai?

Kurambwa?? Hana yangu yakarova ,i wasn't expecting that from George.

Me.......ndakagarira iweweka nhai George ?

George.......kundigarira kuti ndaita sei ?
Chiri kutadzisa kuita mwana chii panapa ?
Pack your bags and go hausi broiler kaiwe wekuti ndinongo kuchengeta mahara panapa.

Me......ndoita mwana usipo here nhai George?

George......dai wakatoita mwana first day ratakasangana ,izvi zvinoratidza kuti hauzvare .

Ndakanzwa shungu dzisingaite .

Me.....asingazvare ndiani inini

newe ?
Pamwe ndiwe usingatozvare.

Geo.....ini ndobereka shaa ndotozviziva.

Me......aripi mwana wako?

Geo.......unomudii?

Me .......ndiratidze mwana wako first ,kana uchizvara .

Geo......it's ok handizvare ,chienda kumba kwenyu unogarirei nemunhu asingazvare .

Me.......hapana kwandiri kuenda George .

Akavhura wadrope akatora hembe dzangu shoma akaisa musatchel nephone ne wallet . Achibva aburitsa $100 yakabatana muhomwe.

Geo......I am sure inokwana kusvika kumba kwenyu iyi .

Akaikanda kumeso kwangu ,ikadzokera ikanodonhera patsoka dzake.

Me.....hapana kwandiri kuenda .

Ndakabva ndagara pabed ndakapeta maoko. Akavhura door achibva akanda bag panze ,paakadzoka

akangosvikobata bvudzi rangu kuti mbaa achibva adhonza zvishoma.

Geo.......ndozvidzura zvibvudzi izvi.
Munhu ane hutsinye basa ndereku tambudza vamwe chete ,like father like daughter .

Akabva aridza tsamwa.

Me......dzura hako George .

Misodzi yanga yaakuita kukwikwidzanau pamatama pangu .
Munhu aindishungurudza uyu ndaimuda zvisingaite .

Geo......saka hausi kuda kubva

pano?

Ndakaramba ndakanyarara hanguu akandibata ruoko achibva andidhonza sekapepa , Ndakaridza mhere yekuti Mai Mutoro vakauya vachimhanya .
Andibudisa panze akabva atryer kukiya door .

Mai Mut......zvaita Seiko mwanangu?
Y

George akaramba akanyarara achikiya door .
Apedza akabva atanga kufamba achienda .
Y

Me ......manje ndotokuteera chete .

Ndakasimuka ndikamhanya ndichimuteera .

Geo.......uri kuenda kupi?

Me......kwauri kuenda ikoko,haungandibvise kumba kwedu kuuya kuzondisakadza kunoku ,
Dai wakandisiya ndakadaro .

Akafamba futi ndikateera mamwe malodger anga amira pamadoor kuda kuona .

Mai Mut.......dzokai titaure nyaya yacho honaGeorgeyy vaakutoungana .

Akadzoka Georgey akazvikanda pasofa achibva

abatay shaya .

Mai Mut.......chiiko nhai vanangu? zvanyanyoita Seiko nhai George?

Akaramba ari zii hake mwana wevanhu.

Mai Mut......chii nhai  Mai

Mukula?

Me.......Ari kundirova hanzi haubereki enda kumba kwenyu .

George .......warohwa nani Angie ?

Me......wandikuvadza pawabata

bvudzi rangu ,musoro wangu waakutorwadza .

Geo.......you will never change. Unonyeperei ?

Mai Mut......une chokwadi chekuti mukadzi wako haabereke here mwanangu.?

Geo......haazvare uyo ,netime yandakamutora dai atove nenhumbu ine 3 months .

Mai Mut......nyoka dzinosiyana mwanangu ,chimbomupa nguva mumwe anozoita mwana after six months ,mumwe gore chairo mumwe two years .

Zvichida imimba iri kutokurwisanisai Soo.

Geo.......haa nhumbu hapana apa ,ndaneta nekuchengeta munhu asina production.
Apa anonobuda kumarket uko kuda kundinyadzisa inini.

Mai Mut......aiwaka hazvinzarwo mwanangu

,mukadzi anoshandawo nekuside ,
Iwe ukauya neyako Mari iye yakewo munotovaka mukaita hupenyu huri Nani.

Geo......handinei netumari twake ini.
Ndaanotengesera kumba kwababa vake uko.

Me.......usaite sekuti ndakauya ndega pano George ,kana kuti ndakaita zvekuku forcer .

Geo.......you forced me kubva pakudanana kwedu ,wakatoramba kuti nditeere Mitchy uchindida ,kutruck ukandimanikidza ykurara newe ,
Ndiwe zvakare

wakamanikidzira kuuya neni kuno.
Ok kana ndakauya newe nekuda kwangu chii chauri kurambira kuenda kumba kwenyu?

Me.......mhamha munomboziva here kuti rudo harusi fair ,
I am sacrificing kugara na George uyu,it's a sacrifice , kutoshinga chaiko because

ndinomuda nemoyo wangu wese ,
Kumba kwedu ndinogona kudzokera anytime ndikanotambirwa but rudo rwangu kwaari ndirwo rwuri kuita kuti ndirambire munhamo makadai ,ndirwo ruri kuita kuti ndigamuchire zvese zvese mhamha nditoriwo nemota nemba hombe nditoriwo namai na baba vanondida nemoyo wese  .Asi

kuno
ndinenge ndichingoshingirira
nyangwe pese paasingauye
kumba ndichiti  nerimwe zuva
zvichanaka.
Mazuva andakagara ndega
pano akawanda kudarika
paakagara neni.
 hameno kuti Mwari
vakandiitawo Seiko ?
Handifariwo neiko nhai ?

Vanhu vese vakambonyarara

kuti zii ,ini ndaingopukuta
misodzi yangu.
Les aitoita seari kuda
kuchemawo .
Taa wacho anga angotsikitsira.

Mai Mut......haunawo moyo
here nhai George mwanangu.?
Haunzwe Hana yako
kuremerwa nezvaunoita
mwana wevaridzi here?
zvambonyanyoita sei?

Zvichiri zvekuti nhumbu haisi kubata chete here apa?
George .....

Vakanyatsomutarisa kumeso chaiko.
Ndoona vainyatsoshaya pekutangira kutaura naye ,
Vakazotanga nekumubvunza tuma questions tusina basa vachibva vazoti Angie unomuda here?

Geo.......ehe ndinomuda .

Ndakanzwa Hana yangu ichinyevenuka zvishoma .

Me......unoziva here kuti akaenda kuvabereki vake hauzomuwani zvachose ?

Geo.......I know.

Mai Mut ....saka unozviitirei ?

George........handisikunzwisisa zviri kuitika pandiri ,Ndangoitawo hasha mafriends angu ese aane vana ,so i

thought zvandiinewo mukadzi mumba dai izvezvi aane nhumbu.

Mai Mut........nhumbu yacho inobata riiniko iwe usingauye kumba?

Geo......nhumbu inobata Chero munhu a repwa kaone

mhamha.

Les......asika handiti kune madays e ovulation here?

Akaseka hake George ndikaona kuti munhu wangu hasha dzapera . Ndakasimuka ndikaenda kudoor kwaGeorge ndikanononhonga kabag kaye

,ndakangotora wallet nephone yangu chete .
Ndikasiya zvimwe zvese.
Ndichisimuka ipapo George anga amira pamberi pangu.

Geo.......sorry .

Me ......kusvika riini George ?

Geo.......I don't know kuti chii chandihata babie ,I am sorry .

Me......ndisiye ndiende hangu ,wandirwadzisa zvakwana.

Geo......I promise I will never do that again.

Ndakaenda nepaside pake

achibva aramba achinditeera .

Geo........sorry Mai Mukula pane zvaitika kubasa zvisina kundifadza .

Me.......saka everytime paunokanganiswa kubasa unouya uchindirova handiti? Mhosva dzadad vangu ndini

ndinoripira?

Geo.......handichambodaro please Angie ndinzwisisewo .

Ndakanogara pasofa pamai Mutoro,ndaida kumupa imwe chance but ndanga ndaakunyara kubvuma. Kumba ndaigona kuenda

hangu ,but happiness yandainzwa pese pandaiona George kumba ndaisazoiwana zvachose ,ndaitozonzwa shungu ndichiona Junior na Cee vachiyemerana .

Me.......ndaakuenda mhamha.

Ndakadaro ndichiziva kuti havambobvume kuti ndiende.

Mai Mut......ukaenda kumba nyaya inokura hakuna kubereki anofara nekushungurudzwa kwenwana wake ,Chero ukazofunga dzimwe pfungwa waako vabereki vako havabvume kuti udzoke kumurume.
Shinga mwanangu zvinowanikwa mukuroorwa izvi .

Me.......izvi zvakanyanya mhamha ,munhu anopedza mwedzi asipo ,paanouya pacho ondidai ?

Mai Mut.......unofanira kunzwisisisana kuti kune mweya yakaipa isingade vanogarisana.

Ndosaka uchiona munhu achisiya imba achinopinda mune imwe ,satan omuteerazve ikoko osiya opinda mune imwe .

Imba inoshingiririrwa mwangu zvinopfuura izvi.

I nodded .

Ukuwo George aitadza kugarisika achiita sepane kwaari kuda kumhanyira .

Geo......regai ndimbopinda mutown pane mapapers andiri fanira kusighner ,
Usanditize babie ndodzoka very soon .

Achingobuda Les akasimuka akanodongorera .

Les.......murume akajaidzwa uyu, ndirini ndaienda kumba kwedu ,ndonodzoka na dad vangu ambopinde busy.

Mai Mut ........uchazvinzwisisa kana waroorwawo nemunhu waunodisisa.

Me.......apa iye asingakude

kurwadza kwazvo .

Mai Mut.......hasha idzodzo dzaari kuita rudo , anepfungwa mbiri dziri kurwisana .

Les......ndoona sekuti ane girlfriend ini .

Ipapo hana yangu yakarova .

Les......and I think girlfriend racho ritori muno muMarondera ,sei asingarare pano husiku hwese .

Me......pamwe ndini girlfriend racho atori nemukadzi , because why achi spender nguva diki diki pano . Mazuva ese aya anenge aripi?

Mai Mut......dzidza kunamata Mai Mukula prayer chaiyo ,yekuti nyangwe murume Paine zvaari kuita anosiya akadzoka .
Unomboti joiner paminamato yemanheru iya.
Murume ndewako Mwari havangambokupe murume wemunhu mhosva yako ndeyei ?

I told her zvechiporofita chamai Hoko.

Mai Mut......munhu waMwari akazviona kuti pane chakaipa chiripo ,iwe chipikisa manje nemunamato ,vachiti unomitiswa iwe ita ndinoroorwa ndichichata .

Me......vakatoti ukanamata unotorwa nemuchato.

Mai Mut......dai wakanamataka mwanangu ?
Asi it's never too late kuna Mwari unokwanisa kunamata izvezvi ukatochinja situation. Anotonokuroora mukachata . Chokwadi chese chikatobuda pachena.

Me......kunamata ndogona hangu ndakakura ndichienda kuchurch namhamha ,asi nehupenyu hwandairarama ndaiona sekuti kunamata hakuna zvakunoshanda .

Mai Mut.......chitokunya izvezvi unamatire murume wako ,unamatire imba yako .

Ukumbire Kuna Mwari vakupe mwana wacho waari kuda.

I nodded ndakatarisa kudoor ndichiti zvimwe munhu anokurumidza kudzoka.

George uya akasvika manheru asina kana kumbodzoka ndakarara ndega ndichingo bwaira,ndaakutofunga kuti ndoendepi

kwandingakanganwe nezva George?
Makuseni mhamha vakamukira kuknocker muroom mangu kusati kwanyatsochena .

Mai Mut.....mamukasei Mai Mukula.?

Me......ndamuka mamuka sei mhamha?

Mai Mut......vakauya here baba ?

Me......havana ava .

Mai Mut.......imbouyai kuno tione.

Ndakapfeka morning gown rangu ndikaenda .

Mai Mut.......you don't deserve this Angie mwanangu .
Toda kushandisa Simba remunamato.
Kana ari wako ngaauye kana asiri wako ngazvipere nenzira yakanaka zvisingakurwadze .
Uwane wako anokuda nemoyo wese ,

Kana achiita zvevamwe vakadzi ngatitumire moto ikoko zvipisane ,kana akagara hake achida kukupfidzisa ngatimutsei hana yake ,ashaye rugare afunge kuti ndine mukadzi kumba......

Vakazosara kupedzisa ndaakutonamata zvine Simba chaizvo.
Zvekutorevesa, kana uchiti

handigone kunamata kana kuti ndinoshaya zvekutaura muprayer unenge usati waremerwa nehupenyu.
Kare ndaifunga kuti vanonamata ndevaya vane nhamo nevanorwara rwara,but ndakatozoona kuti ndaitove nenhamo svinu yaitoda prayer yakasimba.

Ndakaswera ndisna kudya anything ndichikumbira Kuna

Mwari ,Kuma to five ndichitobva kunogeza ,ndichitoti regai ndinamate ndiwane ku breaker.
Ndakapinda mumba ndikawana shasha 6yavemo akatorara manhede pabed . Anga asati ambouya time idzodzo aiwanzouya Kuma past eight dzeusiku kuma eleven odzokera.
Apa ndakato shamisikawo hangu.

Me......titambire.

Geo......babie I am sorry ,basa rangu rinorwadza pandakabva paya ndakabva ndatonzi kuoffice kwaita nyaya hombe ndichibva ndaenda ,apa ndatongosiya zvinhu zvisina kumira mushe ndikadzoka for you my love.

Me.....ku office kwaani kwadad vangu?

Geo......ehe... ayewa ..handichashande ikoko ndichazonyatsokuudza zvizhinji nekufamba kwenguva.

Yaa ndakaona kuti prayer inoshanda faster kudarika mupfuhwira.

Takadziisa food yaanga atenga maTM tikadya tikapinda mudziva rerudo hedu .
Kusvika kuma past ten tichinakirwa .
This time ndakanakirwa zviri over zvanga zviri different nezvemazuva ese .

Geo...... thanks my love ,

Me......thank you so much ,I love you George .
Chero ukandirwadzisa I know une paunodzosa mufaro wangu wese kaone .
Ndosaka ndisingakusiye .

Geo.......ndokuda babie wangu ,I am sure nhasi tagadzira kababy kedu .

Me......sure today zvanga zviri different .
I enjoyed.

Geo......ndireurure here ?

I nodded.

Geo.......haunditsamwire here ?

Me....... I don't have time yekukutsamwira.

Geo.......ndichareurura rimwe zuva not today ,i don't want to

spoil our mood .

He started kissing me again ,achindipuruzira kusvika ndarara .
I woke up the following day ndichifunga kuti ndowana asipo ,but ndakatotadziswa kumuka neruoko kwake rwaive padumbu pangu.

End of chapter 24

End of chapter 24

[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

# He changed me completely.

Story by Felistas

Contact
0783857336

# Chapter 25

"Ndisiye ndimuke mhani Geo ,ndoda kunochereredza mvura isati yaenda"

Ndakadaro ndaona munhu aakuda kutozvitangidza futi makuseni iwayo.

"Mukadzi wangu haachereredze mvura "

Me......nekuti ndakaita sei?

Geo.......wakanaka babie, une beauty iri natural.
Unoita kuti ndinzwe kuda kuramba ndakakutarisa.

I started blushing hangu.

Me......chisiya ndiende kani.

Geo.......uchindisiya nenzara here ?

Me......let me go and bath first .

Geo......no babie wait....
Look at me .

Akanyatsonditarisa mumaziso zvaanga asati amboita .

Geo......I love you Angie I wish

to spend the rest of my life with you.

Me......you know what ?ndaisa nzwisisa chinonzi love . Ndaifunga kuti munhu akangonzi siya kudanana nanhingi anotosiya zviri easy. I thought ndinogona kuparadzanisa my brother nemukadzi wake but ndazoona kuti true love does not break

easily .
Now I understand kuti Junior paaiti ndoda Cee zvairevei ?
Uri kunzwisisa zvandiri kutaura here George .

He nodded.

Me.......ndokuda zvekuti Chero munhu akauya akanditi George haaite ndotomurova.

Akaseka hake.

Geo.......saka wairwadziwa nei pavanhu vanodanana.?

Me......you won't understand zvsndaive ,you have changed me George.
Ndaive munhu anozviti ndini

handikundwe nemunhu ,
So pandakatanga kusangana namakoti wangu akabva atondiwachisa mutown pakazara vanhu, Pandiri kuti nditsvage revenge ndobva andiwachisa futi ,
Ndaakuti regai nditsvage imwe plan akabva auya Ari mukadzi waJunior .
Ndopandakazo mubatira ipapo ..
Ndaimuitira hutsinye zvekuti

ndikazvifunga nhasi
ndoyeredza misodzi.
Apa iye anga asingataure
haana kana zuva raakaudza
murume wake kana mhamha.
Ndoshaya kuti ndotangira papi
kumuti sorry .

Geo ......but unoda hako
kumuti sorry?

Me ......yes I am more than ready .

Geo .......unofoneraka brother yako?

Me.......ndotukwa hangu na Junior kutoshaya kuti ndotanga ndichiti chii?

Geo.......unongo tryer babie ,for how long will you carry that burden ?

Me......I dont know ndinototya kumutanga Cee , Ndikangomufunga ndotoona ari mumisodzi.

Geo......waimbonyatso muita sei chaizvo?

Me.......kungomupomera tumhosva ,ndaimutuka zvinorwadza almost everyday .

Geo.......is that all.?

Me....... Zvakawanda zvandaiita , mumwe musi ndakatomboita wiwi chaiyo

muchigaba ndikamudira ndichibva ndabuda .
Apa yakapinda nemubvudzi iyewo aitoda kubuda kuenda kwadoctor .
Ndomusi waakazowanika namhamha achichema akaramba kutaura kuti chii vachibva vati amboende nemurume wake kunze kwenyika.

Geo.......saka uri monster ka Angie .?
Wakapihwa zita risingaenderane newe hakuna Angel yakadaro.

Me......yaa I was once a monster .

Geo.....how do I know kuti hausisiri ?

Me......unoda kuziva sei?

Geo.......fonera makoti wako izvezvi ukumbire ruregerero ndichinzwa.

Me......not now Geo ,ndichazotaura naye hangu.

Geo.......wamboti uri ready wani.?

Me.......ok regai ndigotenga airtime.

Geo.......ndikuisire airtime?

Me.....yes isa hako.

Akabva atomuka akatora phone yake ,
Achibva atoisa airtime yacho ipapo ipapo.

Geo........ndaisa fona tione.

Anga atorova serious ,
I dialed number dzaJuniour
maoko achidedera .
Haana kunonoka kudairawo.

Juniour.......uri kudei?

Me......yooh Junior sorry .

Jun.....sorry yako handiide

kusvika wabvisirwa Mari . You disappointed me Angie but gara hako ikoko mukadzi wangu aakutombosekawo achifara..

Me.....hoo Ari sei makoti wangu ?

Jun......watii?

Me......Ari Seiko muroora wangu?

Jun......ummm come again handisi kunyatsonzwa.

I giggled .

Me......chiiko newe Juniour .?

He sighed .

Jun.......makoti wako Ari bhoo ,asuwa kutambudzwa newe . Nezuro aitokutaura

Me...... Hoo arisei hake , dai

zvaigona ndaimbouya ndomuona.

Jun..... Iwewe hatimbokude kuno gara ikoko, watiri kuda mukuwasha wedu achiuya kuzoroora .

Me...... Ah iwe ndiani akati munhu akaroorwa haachadiwe kumba.?

Jun...... Dai uri munhu kwaye taitokuteera musi wawatizira , manje tiri kutoti mhepo yakafura .

Me...... Usandisaro Juniour handichambodaro ufunge.

Jun...... Who changed you?

Me...... My husband .

Akabva aseka kunge munhu akaneta hake .

Jun.......asi anorova munhu ?

Me....... No ane true love .

Akaseka again.

Me...... Ndoda kutaura na Cee .

Jun....... Hazviite unomuchemedza ,.

Me...... Junior Kani.

Jun....... Munhu uya handidi naye Angie , she is my life handichatombode kuti acheme kana zvishoma.

Me...... Juniour please .

Jun...... I don't trust you , unotaura naye ndiripo .

Me....... Ok  bye .

Jun....... Ubikire mukuwasha wangu , muudze kuti Chero akasaunza Mari it's ok.

Akabva aseka futi but inini hangu ndakabatikana , aireva kuti ndiri useless ka?

Geo....... Fonera mhamha vako , kana palandline .

Me....... Zvamboita seiko ?Ndoda kumboita basa ndotaura naye manheru.

Geo....... Ndaisa airtime kuti utaure nemuroora wako ndiripo

ndichinzwa .

Me..... Ok rega ndifone , zvazvatove zvenharo nhai?

I dialed number dzekumba dzelandline ,
Yakadairwa na maid ndikakumbira kutaura na Christina .
Ndanga ndatokanganwa zita

remwana wacho ini.
Akauya Christina in less than 30.

Cee...... Mrs C Rukato speaking , how can I help you?

Me....... Christina sorry hako nezvandaka.... .

Cee....... Hii Tete Angie !.

She screamed nemufaro .

Me...... Uri sei hako.?

Cee....... Ndiri bhoo Tete chimbouyai mutione , Tee haatombokuzivei mufunge .

Me....... Ndichauya .

Cee...... Muchasviko rambwa nemwana wehanzvadzi yenyu kuno , imbouyai Kani .

Me......
Ndouya kana wandiregerera .

Cee.......ndakakuregererai kare ,ukaona mukadzi anotsamwira murume wake anenge asina kukwana .

Akabva amboseka hake .

Me......shuwa here Makoti ?

Cee.......ndanga ndichito feeler guilty nguva yese iyi ndichiti Pamwe tete vakabvira inini pamba.

Me.......haa kana nguva yanga yakwana .

Cee .......ari sei mukuwasha , muri kunyatso mugutsa here Tete?

Me.......haa ibvapo ,inzwa zvawave kutaura manje.

Takaseka tese.

Cee......ndaiishuvirawo nguva yakaita seino tete ,
Thanks Tete vangu .

Me......neniwo ndafara makoti wangu ndaifunga kuti zvichatora time kuti undiregerere.

Cee.......not with me tete , Ipapa ndato kata call ya baba Tee achitoti tete vako vafona vachida kutaura newe ,ndichitovaitisa nharo nhai?

Me......ndafona kwavari zveshuwa .

Cee.......saka muri kupi tete nditombouye hangu zveone day I miss you.

Me......ndiri Kure wena ndichauya anytime soon.

Cee......ndokumbirawo kuzopota ndichikufoneraiwo tete vangu.

Me......no problem dear unofona anytime Chero pakati pehusiku .

Cee.......ndichisiisa mukuwasha basa here?

Takaseka tese futi.

Me......kwana mhani iwe aripo pano mukuwasha arikukunzwa.

Du du du........

Yanga yakatwa phone ,ndakasara ndichiseka ndega kunyatsonzwa mufaro wakanyanya .
George anga agara pabed akatsikitsira .

Me......satisfied?

Ndakadaro ndichimubata shoulder.

Geo......wazviona kuti happiness haitengwe ka ?
It's easy kugara uine mufaro i lesson yeupenyu iyoyo.

Me......yaa ndazviona .

Akambonditarisa zvishoma achibva azosimuka.

Geo......ok ndaakuenda kubasa ,toonana hameno kuti riini I can't promise.

Me.......basa racho rimbori Reiko ?

Anga aakutopfeka trouse rake asina nekugeza .

Geo......zvebasa rangu hazvina basa,Chero uchidya uchiguta chete.
Mari iri muwardrope umo unotenga zvaunoda ,kana kuti yawanga uchiti yekugara nayo iya ndiyoyo handidi kukuona kumarket futi.
Ndichatuma munhu negrocery masikati .

Aidaro achitobereka satchel rake.

Me......zvese izvozvo hazvireve chinhu George kana usipo , Kumba kwedu zviriko zvakatowanda ndakavinga iwewe pano.

Geo.......tinodya kudanana here pano nhai Angie.

Me......kusvika riini horaiti?

Geo......very soon zvinenge zvaa bhoo Angie don't worry.

He kissed me padama achibva atofamba .

Me......chindipawo number dzinoshanda horaiti .

Geo......idzodzo dzauinadzo ndonumber dzangu , Mushonga webvudzi rako uchiinawo?.

Akadaro atomira mupassage . I nodded misodzi ichida

kubuda .

Geo......ok ndichati munhu anouya negrocery awedzere mumwe .
Byee.

Akandikandira kiss yemumhepo achibva atofambisa achibuda .

"Nhai Mwari ibasa rerudzii risingataurwe ?"

Ndakadaro ndatopererwawo ndakazongoti Pamwe vanoshanda muchivande zvisingade kuziikanwa . Ndakasimuka ndikatanga kuita basa rangu ndichiimbirira nziyo dzechurch.
Les anga abuda hameno kwanga kwaendwa .

Masikati ndakazvambarara hangu pabed ndichiverenga Bible ramai Mutoro ,
Ndanga ndaona kubata kwaMwari zviri fast .
Saka zvekunamata zvanga zvandipinda nemumwongo chaimo.

Kusadzoka kwaGeorge manheru hakuna kundirovesa hana ndaingoziva kuti ndiwo

mugariro wake murume wangu.
Plus anga agara ataura kuti hameno kuti ndodzoka riini.

Ndaakurara ndakafonerwa ne new number , ndakangodaira ndichiti Pamwe ndiGeorge wanike ndiMakoti wangu.

Cee..... Tete.

Me...... Hesi Kani makoti.

Cee....... Kutoda kunzwa kuti mandiregerera zvechokwadi here?

Me....... Usandidaro makoti , wakanditadzirei ?

Cee....... Ok zvapera maswera sei nemhuri yenyu.

Me...... Taswera zvakanaka .

Cee...... Aripo here mukuwasha.?

Me...... Unoda kutaura naye

here?

Cee ....... Tete musandidaro .

Me...... Aenda kubasa uyo .

Cee...... Saka ati chii makuseni pandafona.?

Me....... Hapana angatii? angosekawo hake .

Cee ....... Ndanyara tete.

Me...... Unonyarei munhu wausingazive?

Cee.....  tichazivana hedu ko anoenda nekupiko?

Me.....Ari sei baby wedu ?

Cee......Ari bhoo hake ana dady vake kulounge ini hangu ndiri kukitchen.

Me......ndaakugonawo kubika manje, ndikauya tobatsirana kukitchen ikoko.

Cee.......I can't wait .

Takataura nyanya kusvika azoti ndaakupakurira vanhu . Ini ndanga ndatodya hangu

kare kozvemunhu one zvinonetsei ..?
Ko Cee zvaaitove munhu Ari right wani?
Ndaingozviomesera nekuvenga munhu asina mhosva nguva yese .

Days passed ndikatanga kuona machanges pamuviri wangu .
George aingouya achienda ndanga ndatojaira ini.

Pandakaona mwedzi wapera ndisina kuenda kunguva ndakabva ndangoziva kuti zvaita .
Ndakazozadzisa hangu nekutenga preg test zvikangobuda saizvozvo .

Ndakafara veduwee apawo George anga abva kumba musi iwowo ndaitoziva kuti haadzoke .

I tried phone yake ikabvuma shura rangu remusi iwoyo .

Me...... Hello.

Geo...... Hesi sweetie.

Me....... Ndiri kurwara dady .

Geo......uri kurwara nei ?

Me......maziso angu hameno zvaaita handisi kutonyatsoona ,Ari kungobuda misodzi.

Geo.......endaka ku clinic.

Me........this time vanenge vatovhara avo.

Geo.......enda kuMarondera hospital chaiko.

Me........ndoenda Seiko ndega? ,handisi kutoona George .

Geo......manje ndiri Kure let me see kuti ndotuma ani?

Me........unobva wandibata nekuseri kweruoko kudaro? Pane ndakambokudaidza wabuda futi here?

Geo.......haungazvinzwisise shaa ,kutouya ikoko ndinenge ndichito sacrifiser.

Me.......saka ndodiiko nhai George ?
Apa kuti ndinetse ana mhamha zvinoita here?

Geo.......ok rega ndiite plan ndosvikako soon.
Usanogadzirire tiende kuHospital kwacho .

Akabva akata phone ,ndakasekerera hangu ndakabata ka preg test kaya. Ndakanyatsokaisa pakanaka ndichibva ndamhanya kunogeza .
Pandakadzoka ndakazora mafuta faster faster ndichibva ndapinda mumablankets ndisina kana pant haro .
Preg test yangu ndakaisa pasi pepillow .

Ndakatobatwa nehope ndikazopepuka ndichivhurwa vhurwa maziso nemaoko . Ndakasvinura zvishoma ndikaona George akanditarisa .

Geo.......muka babie ndauya nemuzukuru wangu ane ka surgery kake kemaziso muHarare .

Ndakarohwa nehana apa ndanga ndisina kana kupfeka .

"Hesi Kani gogo"

Anga akatogara kumakumbo kwemubheha.

Me......ndiri bhoo.

Geo.......ko muka ka nhai ? uri kurwara nemaziso here kana kuti nemusana?

Aitodaro achida kundibvisa blanket .
Paakaona ndisina kupfeka akabva ashama muromo.

Geo.......aah nhai amana chiiko

chamunotiitira ?

Me......ndaita sei hauna kumbotaura kuti uri kuuya nemuzukuru wani? .

Geo.......nhai hako Jay ,munhu ati ndiri kurwara nemaziso ,ndikamuti gadzirira ndouya ndichikutora ndowana akadai ? Ndokugadzirira kwacho here

uku?

Jay .....Kule ndimi munenge mune problem,Ari sei maziso gogo?

Akabvunza achibva achiseka hake.

Me......haasi kumbonyanya hawo kurwadza ,sekuru vako ukasatodaro havauye kumba ava .

Vakabva vaseka havo vese .

Geo.......kumba kwandabva nhasi nhai?

Jay.......ndazvitaura kuti sekuru vane problem .
Ko kumba kunonzi ndauya nhasi mangwana handichaenda here?

Me......nhai nhai?

Geo.......chimira panze apo muzukuru vapfeke udzoke umbotarise maziso acho .

Jay.......kana manyepa gogo ka ? Apa ndatouya nekit yese.

Akabuda ndikasara ndichipfeka hangu hembe .

Me........ko zvawaimboti hauna hama  muno wani ?

Geo.......ndakati ndichakuudza zvishoma nezvishoma , ndichitanga ndaonawo kuti unokodzera kuudzwa here?

End of chapter

[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

He changed me completely.

Story by Felistas

Contact
0783857336

Chapter 26 .

Ndakapfeka faster faster ndikagara pabed.

Geo......pinda Jayden.!

Akavhura door akapinda ,
Akabva atotanga basa rake .
Akabatidza kamwe kalight achibva avheneka muziso mangu ,
He did the same kune rimwe racho .

Jay.......zvatanga nguvai?

Me........masikati .

Jay.......yaa
maziso aya ane dambudziko .

Akanditsonya achibva asmiler zviri naughty Soo.

Ndikaziva kuti Aida kuvhara George.

Geo.......saka mushonga wacho wauya nawo here?

Jay........Ndanga ndichimboziva kuti hurwere hwacho hwakakura sei here? mozouya navo ku surgery.

Geo.......iwe shaa iwe ndouya navo ku surgery kupi ?

Jay.......saka movapa mari yetax kana muchitya kuonekwa muinavo.
Vongouyawo vachiita se patient .

Geo.......chinonetsa chiiko ukandingondipa mushonga wacho ndouya nawo .

Vakatarisana vachibva vaseka havo.

Geo......zvaitaka tiende.?

Jay.......sarai kule ndonorara

kuden ndouya ndichikutorai makuseni.

Ndakangokwenya mhino nekasiyanwa kuti dai angobvuma.

Geo......pano handirare shaa ,ndimirire  mumota for two hours ndouya.

Jay......kiirai munhu door gogo ,ngaarare imomo ndiye akatsvaga kamba kake ikako akutadza kumurara manje.

Ndakaseka hangu.

Jay .......asi maifungei chaizvo kule kuisa munhu wamunoda mukamba kakadai ?

Me.......bvunzawo muzukuru ,
Munhu anokwanisa kutenga mushonga webvudzi unobva overseas ?
Ano sprayer perfume inodhura ?
Muno mumba hamuna chisimo.

Jay........gogo ka, watch yake

yemumaoko inokutengerai imba yakavakwa kare yakazara property ,ne food ye six months .

Geo.......waakuda kutadzana neni manje Jay .

Anga atosunga chiso.

Jay.......sorry kule.

Geo......ziva zvawafambira kuno .

Jay......ok I will be waiting mumota .

Akabuda Jay aita kakupusa aimutya sekuru vake . Akabva atotanga kubvisa shirt

yake ,pfungwa dzangu dzanga dzavhurwa na Jay ,dressing yake yanga yasiyana nepandakatanga kumuona . Ndakanyepera kunge ndiri kuda kuisa shirt yake mu wardrope ndichida hangu kutarisa label.

Ndichingobata shirt akabva aitoibatawo akaiisa pamusoro pe wardrope .

Geo.......handiti wanyepera kuti maziso ari kurwadza uchindida kuno?

Me......no I want to show you something .

Geo...... I don't think pane chandiri kuda kuona chisiri

pauri .

Anga aakutovhura zip yekadress kandanga ndakapfeka.

Me......ndaane nhumbu George.

Ndakabva ndaitotaura ipapo

ipapo because munhu wacho aisazombondipa mukana, Ndaitarisira kutakurwa ndotenderedzwa imba yese ,but hazvina kuita sekudaro . Akandisiya zvishoma nezvishoma achibva anogara pabed akanyatsonditarisa.

Me.......what happened?

Geo......are you sure ,kuti waane nhumbu?

Me......yes I am 100 percent sure .

Ndakatora kapreg test ndikamupa.

Geo......yakabata riini?

Me.......I don't know .

Akabata musoro wake waive netubvudzi tuchangomera wakachekererwa zvakanaka zvichinodzika  neku ndebvu. akamboupuruzira puruzira musoro akaumbokwenya.

Me.......chii nhai George ? Asi I was not supposed to carry your baby ?

Geo......no ,it's just that pawaiitira pacho .

Me......nhaiwe George hausiriwe here waiti mafriends

ako aane vana what what ?.

Geo......nyangwe ndikada ku explainer ,you won't understand.

Me.......waakutondi confuser Geo ,
Ndozivei manje.?

Geo...... I am happy that you're carring my child ,but give me sometime babie.
I want to fix one or two things .

Me.......ok take all the time you want ,but usazopedzewo mwedzi usina kuuya sweetie.

Geo.......pandino pedza mwedzi

ndisipo ndinenge ndaenda out of the country babie . Ndinogara ndiri busy always . But once ndangogadzirisa zvinonetsa ndinenge ndaanewe babie .

Me......ok .

He started kissing me slowly ,ndaiita ndichipinda mugear

zvishoma nezvishoma .
Kusvika ndakanganwa nhamo dzangu dzese .
Ndaakunyatso nakirwa nehupenyu.
We made love kusvika tagutsikana.

Geo.......I love you ok.

Anga andibata mumatama

anyatsonditarisa mumaziso . Ndakabvisa maoko ake mumatama angu.

Me........unondirwadzisa nekundisiya kwaunoita George.

Geo.......I know .... ndiri kupagadzirisa soon .

Me.......wakabvira kare uchingoti soon ,
Nguva yekudanana yacho ndiyoyi
Honeymoon phase.

Geo....... Don't worry babie ,give me sometime.

Me........ndozvaunongotaura George.

Geo...... hupenyu hwedu hwenhamo uhwu hunotoda kushinga babie .

Me.......ko kutengesa watch

yacho neperfume totanga a small bussiness.

Akabva aseka hake.

Geo........ungateedzere benzi iro ,
Watch yaanga achitaura ndeye $5 iyo .ndosaka ndaita kunge ndatsamwa paya .
Anga achitondiseka .

Me.......hoo?

Ndakadaro ndisiri kugutsikana
.

Geo......chiuya tirare babie
ndoda kusiya wakotsira .

Me...... yaa zvitori nani.

Ndakazvigeza ndakagarira bucket ndichibva ndapinda mublanket .
Kunze kwacho kwaive nekachando ,ndainyatsonzwa kudziya kwegumbeze ,plus kakuneta nekutamba zvakaita kuti ndikurumidze kubatwa nehope.

Makuseni ndakamuka George atoenda kare.
I did all the chores ndikanotandara hangu namhamha na Lesley .

Pakapera week bvudzi ranga raakundibhohwa ,
Ndakamboshingirira kusvika ndanzwa kuti hazvichaite .
Ndakanogerwa Lesley akachema misodzi chaiyo

,aisada kuti ndigerwe zvachose
.
Akabva atoriisa muplastic hanzi ndoda muri chengete mozoriona mazvara chimwana chenyu chinotonga vanhu,
ranga rakachena haro handina kuita problem nazvo.

Musoro pawakagerwa ndakanyatsonzwa kufurwa nemhepo yakandifadza .
George paakauyawo

akatsamwa zvisingaite nekugerwa kwangu .

Geo.......wabva washata kuita kunge chimurume .

Me.......ndozvandiri kuda .

YGeorge......manje chandaida pauri ibvudzi ,

Chii chimwe chinonakidza kutambisa pauri ?

Zveshuwawo bvudzi rangu aigara achiri tambisa evertime. Ndanga ndisinawo magadziko mahombe kana mahips , Ndaitongovewo kaslander hako .

Me....... Sorry rinokura rimwe

,ranga raakundivava .

Geo......it's ok kana raikuvava ,but next time unotanga wandiudza toona kuti hapana imwe solution here ?

Me......ok.

George.......watondi turner off

nezvandakuona uri izvi.

Me...... sorry kani.

Musi iwoyo akarara pamba but haana kana kumbondibata hake
.
Mugoona munhu wese aiti makafitwa neshort hair zvisingaite Mai Mukula ,
Chete zvinonakira vanhu

zvinosiyana.

Akamboti uyei uyei kumba mazuva mashoma . Achibva azoenda zvekutopedza mwedzi wese asipo . Ndaingoshingirira ndichiti akaenda kunze kwenyika achadzoka hake.

Nhumbu yanga yaane two

months nemadays ,apa yaida dad vacho zvekupenga .
Everyday ndaitryer number dzaGeo dzichiramba .
One day Les akabva kutown achisekerera .

Les......nhasi mbuya tumbwa munofara .

Me......mbuya tumbwa ndiani?

Les......imimi Mai Mukula .

Me.......ndofara nei?

Les ......dady vauya.

Me......usandinyepere Les.

Les.......shuwa ndatomuona akagara mumota ye grey ,mumwe murume achi driver .

Me......wataura naye here?

Les......ndanditori mukombi ,patamira mota dzichiita give way .

Kombi yanga yakatoererana ne mota yanga iine murume wenyu.

Me......usandidaro ka nhaiwe ?

Les.......zvemashuwa shuwa .

Ndakasimuka ndikamhanya kunogeza kechipiri , yGeorge

aigona kungosvika anytime .
Ndapedza kugeza ndakabva ndatuma Les kunotenga ka beef pamashops pa Karimambondo .

Ndikasarawo ndichitemha tuma Veg mugarden.
Les achidzoka ndakabva ndaisa kapoto kebeef pastove.
Ndaiita kushaya pekubata nemufaro .
Ndakambovhura muwardrope

,manga maane a few clothes dzake ne two mabelts . Pazasi panga paine a pair of shoes .
Zvese zvanga zvakarongeka. Beef yakaibva ,ndikabika maVeggie ndikabika sadza racho  munhu asati asvika, Ndakadya hangu zvishoma ndanga ndaakunzwa nzara .after eating ndakadzokera kutoilet ndikanozvidira dira mvura

ndanga ndatsva nekubika . Ndainyatsonzwa kuti muviri wangu wadavira mvura hapana kana pachine kahwema . Mablankets ndanga ndakabatsirwa na Lesley kuwacha.
Ndakasprayer peefume pamablankets ,pa Curtain ndikazo sprayer wo mumba mese .
Ndakabva ndarara hangu ndichimirira muridzi wemoyo.

Perfume yacho yanga yaakutoda kundikanga nisa kufema but ndakangoshingirira .
Ndakakotsira Kuma around past seven ,
Ndikazopepuka Kuma to eleven munhu anga asina kana kutombouya .
Ndakabuda ndika no knoker padoor paLesley ndichida kunyatsonzwa kuti aona George zveshuwa here?

Haana kumbodaira anenge anga atokotsirawo hake .
Ndakavhura door rake wanike haamo .
Ndabuda ndikaenda kutoilet ndikawana door raibuda panze neikoko rakavhurwa zvishoma .
Mwana aive nemisikanzwa uyu .
Ndakadzoka ndikakiya door rake ndikapinda nemakey mubedroom mangu.

Ndati rarei rarei
ndopandakanzwa mavoices
aizevezera
mupassage.
Ndakabva ndatongobuda
wonei ndi Lesley na brother
vemusi uya vakamira padoor ra
Les .
Kungonditi baa brother
vakabva vamhanya kunobuda
kunze .I am sure noise
yake yakabva yamutsa

mhamha ,ndakanzwa vachivhurawo door remubedroom mavo vachibuda.
Ndakadhonzera Lesley muroom mangu ndichibva ndavhara door.

Mom.......Mai Mukula!

Vakadaidza vamira padoor pangu.

Me......mhamha.

Ndakadaro ndichivhura door .

Mom......ko muchakasvinura ?

Me......ehe.

Mom......ndanzwa kunge paita mutsindo nechekunou.

Me......ndini hangu ndambobuda panze naLes ndichifurwa nemhepo.

Mom......vauya here vaMukula?

Me......Havana ava ndina Les muno tiri kutandara .

Mom.....hoo, madoor makiya here kunze uko?

Me.......handina regai ndinokiye.

Mom.......chirega ndikiye .

Me.....ehoi mhamha.

Ndakadzokera mumba Les anga akamira paseri pedoor achidikitira pahuma.

Me......uri kubvepi nhaiwe?

Les......ndi Lloyd anditi huya pagate kuma ten, aakundinonotsa kudzoka hake.

Me......manga muri pai ?

Les......muka hondafit kake.

Me.......akanyatsokwana here?

Les......ehe,ko indava?

Me.....mhanyiro yacho yaanozoita ka?

Les......mwana wemunin'ina wapastor vedu anotogara kwapastor ,anotya kuonekwa zvisingaite . Takamboonekwa kuchisango

kwGumbeze uko akarohwa zvakaipa.

Me......ane makore mangani?

Les.......ane 19 ari form six.

Me.......uchanhumburiswa zvikashaya basa.

Les......handiite zvino nhumburisa ini.

Me......nemakanyirwo awaiitwa mukaka musi uya?

Les.......togumira ipapo.

Me.......uchiti zvicharamba zvichigumira ipapo here ? Maane nguva yakadii muchidanana.?

Les......taakusvitsa gore .

Me......
Tora makey emumba mako pakitchen unit apo.

Les......maita basa Mai Mukula handichazviite futi,
ko murume wenyu haana kuzouya here?

Me......haana.
Wamuona zveshuwa here ?

Les.......ndavaona kani Mai Mukula ,vakapfeka shirt

inenge purple kunge pink kuita kahuorange Soo.

Me......haana kumbouya uyu ,maybe pane kwaamboenda.

Les.......asi vari around ,mangwana I am sure vanotouya chete.

Me......hameno, chienda ndaane hope ini.

Les akabuda ndikambosara ndichibwaira bwaira .
Hope dzakandibata kumaaround 2 am .
Kwaakutorota George akapfeka suit yenavy blue .
Achiita kunge ari kubvisa mari yekuroora pamwe pamba ,aine Hama dzake dzaitoratidza kuti

dzine mari yakawanda .
But chakandishamisa pahope idzi ndanga yndisiriiini ndiri kubvisirwa mari .
Ndakanga ndakatomira nechekure hangu ndichiona.

Ndakapepuka Kuma to five moyo wangu uchitambudzika.
I dialed number dza Geo dziya dzikaramba semazuva ese .

Ndakangozvishingisa kuti hope

i hope and hadzisi dzese dzinozadzisa.
Ndikangotizve pamwe Lesley aona munhu asiri George.
Asi ndaingonzwa kakuremerwa mumoyo ,kanenge kapain Soo.

End of chapter
[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: He changed me completely

Story by Felistas

Contact
0783857336

# Chapter 28

Vanhu vese pavakabuda ndakanyatsowaridza Zambia rangu ndikaisa Bible rangu pamberi pangu .
Ndakapukuta misodzi yese handina kuda kumboita zvekuchema kana kunamata zveshungu .
Ndaida kunyatsotaura naMwari zvisina noise .

"Mwari ndinoziva muriko

,mumonzwa ,munopindura .
Kusangana kwandakaita naGeorge haisi mistake nekuti ndine zvandinonzwa ndikamuona .
Hana yangu inotaura kuti ndiye wangu iyeye.
Mubvunzo wangu ndewekuti sei muchitendera kuti atorwe nemumwe munhu iye ari wangu?
Hana yangu haingamboroveri munhu wemuridzi hazviite

,yaitadza nei kurova
kumashure kwese uku?
Ishe munondiziva handina
mumwe munhu wandakapa
muviri wangu kubva
pahumhandara hwangu .
I gave him my pride ,my trust
and my love .
I gave him everything
ndakapenyatso perera paari
Mwari munozviziva.
Ndakashingirira nhamo
nekutambudzika ndichisiya

hupfumi hwababa vangu
nekuda kwake wani?
Ko izvi zvaazvipiko nhai
Mwari wangu?"

Ndakanzwa misodzi yangu
ichiuya ndikambochema
zvishoma.

"Handisi kutora belty rake
kana trouser rake ,imi Mwari
position ine chiuno chake

munoiziva ,
Simba rese rekuda vamwe vakadzi ngaripere izvezvi awanire Simba inini ndega.
Handikwanise kusiya George ,I can not imagine kurarama asimo muhupenyu hwangu zvachose ,handigone Mwari ndinomuda nemoyo wangu wese .
Ka hope kandiinako kekuti pamwe anouya katori nani hako pane kuti ndizonzwa kuti

aane mumwe mukadzi hazvigoni  Mwari wangu . Mhosva yangu panyika iri yei ?,handina kumboita hupombwe munozviziva Ishe wangu.

Ndakambochema futi .

"Izvezvi muri kumuona, paari muri kupaziva ,Simba ndimi munaro ishe wangu .

Itaiwo kuti mudikani wemoyo wangu auye husiku hwanhasi nesimba renyu guru Mwari...

Ndakabva ndatanga kunamata zveshungu ndichichema misodzi chaiyo . Ndakadhonza zve five hours ndichinamata chete , Ndakazongobatwa nehope ndirimo muprayer ,

Ndikazopepuka mutsipa waakurwadza ndichibva,ndakatarisa time it was around 3 am ,kunze kwanga kwaedza George anga asina kuuya .
Ndakaita zvekupfugama chaizvo .

"Mwari kwayedza George haana kuuya ,
Ndaneta handichakwanise

kumirira ,ndoda kuenda kumba kwevabereki vangu nhasi .
Asi chikumbiro changu ndechekuti auye andiudze secret yake zvaanondivanzira zvacho ,uye kuti akavingei mulife yangu ?
Kana mati haauye it's ok ndinoenda hangu zvakadaro ,uye ndicharamba ndichikunamatai zvakadaro nekuti muri Mwari munoziva zvakandinakiray .

Asi handichadi kupinda murudo futi kudzamara ndafa, ndarwadziwa zvakwana ,handichadi chinonzi murume mberi kwangu .
Ndinotenda nemwana wamakandipa ari mudumbu ndiye achava shamwari yangu yehupenyu ndiye achava mufaro wangu ,ndiye achandinyaradza marwadzo ese ....

I started crying again kunze kwanga kwatochena ,ndakagonya pazambia yrangu ipapo ndichichema kusvika hope dzekusakotsira manheru dzandibata zvinesimba ndichibva ndakotsira .

Ndakamuka ndakarara pabed nditori mumablankets ndikashaya kuti zvafamba

sei?6 kunze kwanga
kwanyatsochena kwatove
nekakudziya kezuva.
Musoro wangu waiita
kakurwadza zvishoma .
Ndakatora phone yangu yanga
iri pa pillow ndikaona dzatove
Kuma past nine.
I tried kumuka ndikanzwa
husimbe ndichibva
ndanyatsorara hangu .
I didn't want to cry ndaisada
kufunga zvimwe zvinhu.

That moment I heard someone sniffing achiratidza kuti ari muroom mangu imomo . Ndakamuka ndikagara ndikaona musoro wa George uchibudikira ,anga akagara pazambia rangu pafloor . Kurwara kwese kwakapera ndikaburuka pabed ndichimhanya .

Ndaiita sendiri kurota but kwanga kusiri kurota Mwari vanga vapindura munamato

wangu .

Me......hii George !

Ndaida kumumbundira but akabva asimudza ruoko kuratidza kusada kubatwa.

Me.....ko chii?

George......I don't deserve this Angie ,I am not worthy your love.

Anga aaingabudise hake misodzi but aingokwidza tudziwa .
Maziso ake akatsvuka .

Me.....chiiko George ?

Geo.....sorry Angie very sorry ,kunyangwe ukatadza kundiregerera hako ziva kuti ndiri kurwadziwa nezvandakakuita.

Me......waakundirovesa nehana George usadaro .

Ndakagara paside pake ndakanyatsomutarisa.

Geo.......first promise me that you will never leave me no matter what and you will love me forever.

Akatora Bible rangu akandibatisa .

Me......kupika ne yBible

hakubvumidzwe George .

Geo....just once I know unotya Mwari Angie .

Me......ok give it to me ,(ndakatora Bible riya ndikabata mumaoko)
I will never leave you no matter what I will love you forever even after death, God

is my witness.

Akabva agara zvakanaka achibva anyatsonditarisa .

Geo......Angie I lied to you .

Me.....about what ?

Geo...... Everything .

Me......I know ...it's ok.

Geo...... At first ndaingoda kukudzikisira chete ,I thought uchandiramba ndiri muworksuit yeku company kwako ?
Ndosiya ndakutuka but wakandida Angie.

Me......Hana kana yarova haitarise zvema worksuit izvo . Chero garden boy waunopa pay unotomuda wani?

Geo ....... Ndanga ndisina time yekuramba ndichiteedza nezvako,pandakakudaidza kutruck ndaida kungotambisa ndokusiya .
But pandakaona uri Virgin ndakanzwa kutya for the first

time in my life.
Not kuti you're the first girl wandakarara naye Ari mhandaraka .
Zvandanga ndakatarisisira pauri nezvandakaona ,apa nezvandaida kukuita zvacho ,zvakandirovesa nehana .
I fell in love with you but ndaisada kuzvibvuma kuti ndinokuda .

YMe......waida kundiuraya here ?

Ndakaseka hangu ndiine kamufaro kekuti ndinaye George .

Geo........I knew kuti nemanyuriro awanga waita murudo ,ndikakuti tizira unobvuma ndaida kutozokutizisa  that's why

ndakasano tsvaga kamba kanaka ,but you made it easier for me pawakaramba kuenda kumba kwenyu tiri kutruck .

Me........hauna kuti thanks wani.?

Ndakaseka again.

Geo.......pandakauya newe

pano ndaingoda kukuitira hutsinye ,Angie wandaiziva asibvuma kugara pakadai kwetwo days ,but you proved me wrong .
(Akamboramba akanditarisa akanyarara)
Pese pandaiuya kunoku ndainorara kumba kwadad vangu ku wiston park ,
I couldn't sleep makadai but iwewe wakashingirira  babie .

Me.......kukuda ndiko kwakaita ndidaro George ,Ndichiziva hangu kuti George anombouya pano I was ok.

Geo.......I left you here for a month ndichiti ucharamwa ukaenda ,but hauna kudaro .

Me......

Nanhasi handidaro.

Geo......
Kubva patakasangana kutruck kuya ndaishandisa protector kurara newe ,ndaisada kuti mwana wangu azvarirwe kwaRukato .

Me.......why?

Geo.......pane zvainetsa mazuva iwayo ,plus ndaizviudza kuti handikude Angie ndaitokunzwira hasha dzezvawaiita Christina zviya zviya .
But ndaikuda deep inside.

Me......hoo?

Geo.......I fell in love ywith you musi wandaida kukudzinga ndichiti hauzvare ,ndopandakaona kushinga kwako kwese ipapo. Pandakarara ndisina newe kuprotector  ndakaziva kuti nhumbu yabata .

Me......how did you know?

Geo.......ko yaitadza nei ?

Ndakaseka hangu .

Geo....... ndichibva pano I called my girlfriend wandaka danana naye kubva kuhigh school  tikasangana muHarare the following day .
Handina kumbomuvanzira

ndakamuudza kuti ndakamitisa mwana wevanhu ,kana uchindida wotoziva kuti ndine mumwe mukadzi .
Those days anga aane pressure yekuda kuroorwa ,so ndakamuti ndichakuroora kana ndabvisira mwana wevanhu wandakanhumburisa .
Kureva kuti anenge ave second wife.

Me.......ende haudaro George unorwadzisirei vana vevanhu . Saka akaita sei?

George.......this lady anotoziikanwa nehama dzangu dzese hadzo and anodiwa zvisingaite .
So pandakamuudza kudaro akanyepera kunge anzwisisa kwemazuva mashoma ,
Achibva azonoudza hanzvadzi

dzangu nana tete kuti mukomana ndozvaari kutaura .

Me.......hiii iwewe wanga wamurwadzisa George barika rinorwadzaka.

Ndaingotaura zvisina basa ndichiedza kuti ndisarwadziwe.

Geo.......ndakazongoti one day ndichitouya kunoku I saw a car yainditeera ,ndakatanga kuiona ndichitobva ku Harare . Ndopandakafonerwa na Jay muzukuru wangu uya akati kule musatomboende kumba kuya kuya munouraisa gogo mucoloured mota yenyu ine tracker.

Nyaya yake yaienda kunorwadza but ndaida kuzvishingisa ,and ndakatozviudza kuti kana asiri wangu haasi wangu .

Me.....Gogo mucoloured ndiani ?

I laughed .

Geo......ndozvaanokuita Jay , zvadaro ndakadzokera ndichibva ndambomira zvekuuya kuno . Ndakamufonera again tikasangana ndichibva ndatonyatsomuudza kuti handichakude zvachose , Akambochema chema akadii

ndichibva ndatosiyana naye .

Me......munhu anorambwa zvekudaro here?

Geo.......ini handirambe munhu two  days ,ndoramba ipapo ipapo ndoidii mhondi nhai?...and aitokuuraya ,ndine mumwe musikana aka

disappear last year but one wandiri kufungira kuti ndi Rachel....
Pakapera week ndakadaidzwa nadad ,ndaifanira kuenda ku China kwaive ne zvaida kuitwa ikoko .
YNdakapedza ndofunga two weeks ndisipo pandakadzoka ndakawana the whole family yakandimirira ,iri nyaya ya Rachel .
And vaitotaura kuti "hure iroro

toda kuriona ,"vaida kutokurwisa vari vese ,
That's why ndisina kudzoka kuno,
Maparents aRachel ane mari Angie they can do anything .

Me.......saka ndiye Rachel wawaifamba naye mutown.?

Geo.......riini?

Me......nezuro .

Geo........haasi ,i cousin sister yake yandaida kungoti Rachel aore moyo chete because anga aakunditeera everywhere .
But ndakabva ndaita kuti zvinhu zviite worse .
Rachel akanoroorwa nehama

dzangu nezuro Kuma two zve emergency chaizvo vasina kumbopanana date,
Y kutaura kuno atori muprocess yekuuya kumba .

Hope dzangu dzanga dzazadzisa .

Me......makorokoto .

Geo.......babie usandidaro , Ndokumbirawo ndimboende newe kunze kwenyika ndichigadzirisa zvinhu ndozonyatso kuroora Rachel aenda Hama dzangu dzanzwisisa kuti ndinoda iwewe.

Me.......kuti atadzei hake ?

Kubva kuhigh school muchidanana?

Geo.......na Dean makabva kupi mese nhai Angie ? But akangokuramba wani akaroora mumwe .

Me......Dean akandirambira hunhu hwangu and anga asina kumbondiroora .

Geo.......ndozvimwe chete Rachel ndakamurambira hunhu hwake and ndakamuramba ndisati ndamuroora ,handisini ndakamuroora.

Me.......but aakumba kwenyuka nhai George? ,atove muroora wekwa Mukula hameno surname yako .

Geo........Hodzeko .

Akataurira pasi pasi.
Hana yangu yakarova zvine power ndikambopera Simba mumakumbo zvishoma .
Ndakatora towel rangu ndikabuda ndichichifambisa .
Ndanga ndaakuda kuenda kumba kwedu .

Ndakageza pfungwa dzangu dzichipiringishana.

"Ndanzwa chaizvo here ini kuti Hodzeko ?
Saka ndiani iyeyu ?
Haangamboite Taa kana hazviite ,achiteera Angie kumalocation kuno kuti zvadii ?ashaya zvekuita here?
Ndakangoita kuzvidira mvura pamuviri wangu ndikadzokera mumba ndakamonera towel .

Ndakawana George uya asungirira tambo mudenga yakarembera .
Aakuda kutopfekera musoro wake ipapo .

Geo.......ukandisiya ndofa hangu Angie .

Me.....ifa hako dai uchida kufa

ndatowana wafa kare .

Geo......ndanga ndichingoda kuti uzive chete .

Akapfekera musoro wake patambo akamira pabed .

Me......don't be selfish George ,wakandisiya pano for how

long? ndine pandakamboti ndoda kuzviuraya? .
Hoo inini ndini ndotenderwa kusiiwaka ?

Ndanga ndaakuchema misodzi chaiyo.
Akabvisa tambo akaburuka akamira pamberi pangu .

Geo....... I am not a coward handife ndichisiya mwana

wedu mudumbu ,
Anofanira kutozvarwa zvinhu zvese zvagadzirika ,wave Mai Hodzeko vanoziikanwa nemunhu wese zvine mapepa .

Me.......ndisiye George handidi hangu kurwadzisa mumwe mukadzi .
Watoroora zvangu newe zvapera waamurume wemunhu George .

Ndaiita sendisiri kuzvinzwa kuti Ari kuti Hodzeko ,
I could only see lies and deception paari ,
Zvese zvaaiti Hodzeko dzaive nhema.

Geo.......ndokumbirawo hangu kungoisawo nzeve pamwana ,ndaane two months ndisina

kumbo....

Me....handisi type inorara nevarume vevanhu.

Ndakapfeka hembe dzangu dzandakanga ndabva nadzo kumba kwedu ndikatora wallet nephone yangu .

Geo.......babie Inga ndini Taa wawaingoda wani?

Me.......Satan wemunhu !
Don't ever mention that name kwandiri again ,lier !

Handizive kuti paakati Taa hasha dzangu dzakabva nekupi ?
Akabva andibata ruoko

zvakasimba .

Geo......haubve pano tisina kuwirirana .

Ndakamboedza ykurwisa zvikaramba.

Me.......iwe ndisiye ndiende kumba kwamai vangu .

Misodzi yanga yaakuita rukova chairwo .
Ndakaona George aakupukuta musodzi wakewo .

Geo .......ok enda hako Angie ,I know you will come to your senses very soon ....
I love you .

He sighed achigara pabed , Ndakamutarisa kwechinguva yes he was handsome,and aive neganda remari hembe nebhutsu dzaanga akapfeka dzaitaura mari ,perfume yake yairema,
aigona kuita Taa hake .

Me.....thank you for changing me .

Geo.......you changed yourself.

Me........ I couldn't do it without you .

Ndakanomukisa padama.
I opened the door ndikabuda ,vanhu vanga vakaungana padoor handina kumbovatarisa maziso angu anga akazara

misodzi .
Ndakazonzwa Mai Mutoro vaakudeedzera kuti "zvaita Seiko ?"
Ndanga ndaakutosvika pagate , Ndaitoda zvekuenda kutown kwacho netsoka ndonokwira makombi ekuHarare . Ndichingoti fambei ndakamiririrwa nemota ye blue .

"Makadii Mrs Hodzeko ,hanzi na sir ndikutakurei ndiende

nemi kumba kwenyu"

Ndakanhonga dombo ndikapotsera luck rakatema pasina glass. Ndakamhanyira katax kaiburutsa munhu nechepamberi ndikanopinda imomo.

"Zvamboita Seiko nhai sister

?"

Ndi tax driver wo anga aakundibvunza.
Ndakatarisa kuside ndakafutisa matama ,ndaisada zvekutukana nevanhu .
YNdaisada kudzokera Kuna Angie wekare .
Ndakanokwira bhazi raienda Harare ndichingochema.
Ranga risina kuzara so ndakanozvigarira kuback seat

kusina anondiona.
Ndini hutu kudzokera kwaRukato nenhumbu yangu.y

End of chapter
[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: Onsale

He changed me completely

Story by Felistas

Contact
0783857336

# Chapter 27

"Les huya hako utore sadza rakasara nezuro iri"

Sadza ranga rangosara rakadaro ,ko raidyiwa nani George wacho asina kuuya. Akauya achimhanya mwana panoti kanyama apa pakamufadza.

Me.......uuye nepoto yangu ndoda kukurumidza kusuka ndimbopinda mutown.

Les......ndoisuka hangu inini don't worry .

Me......haa haa uchichenesa here?

Ndaida kutomudenha hangu ..

Les.......remember ndini ndakakudzidzisai kusuka kwacho ka?

Me......ibvaapo ndoritora sadza rangu ndikanoisa mubin.

Les......sorry kani Mai Mukula ,but you're a fast learner...

Ndakamumhanyisa ndichida kutora poto yangu iye achitiza . Ndakatombo rerutsa mutoro waindiremera pamoyo nekutamba hangu na Les uyu . Takazobatanidza maplates tikasuka tese kukitchen kwavo.

Mumba mangu ndakango tider tider   wo ,manga makachenesesa .
After bathing ndakanogara hangu pazuva ndichidya porridge rezviyo ranga rabikwa namai Mutoro .

Mai Nenyasha vaigara kucottage iya ye three rooms vakabva vauya vachitoyanika hembe dzavo pa line raive pamberi pangu.

Mai Nenya......kubva maita munhu wemumagazine chaiye Mai Mukula ,
Sandi kufitwa neshort hair ikoko.

Me......mugoona murume wangu haazvide but ndizvandinonzwa kuda .
Ipapa ndichatonogerwa futi

rikati kurei.

Mai Nenya......murume wenyu ndanga ndatomushayaka pandakamuona nezuro mutown pa puma patainwa fuel.

Vakabva vaita sekuti ndivo vainwa fuel yacho ,izvo vanga vari mukombi.

Me.......hoo?

Mai Nenya.......suit yaanga akapfeka yacho yairema ndakatotya kuti ndivati makadii vaMukula.

Ndakaseka nhema .

Me..... Maityei henyu ?

Mai Nenya.......nemota yacho yavaive nayo Soo,hombe yegrey inoita kunge ichataura .

Ndakaseka zvekare .

Les akabva abudikirawo .

Les......vaive ne shirt yerudzii nhai Mai Nenyasha? .

Mai Nenya .......colour yacho yakanditiza ini semunhu asina kuzonyatsoongorora zvakawanda ,
Asi ungati i purple .

Les....... Ndakakuudzai Mai

Mukula.

I smiled moyo wangu uchirwadza ,
George aizondinyanyira veduwee anga akuda kutosvitsa two months asipo .
Hongu zvese ndaizviwana pamba  hapana chandaishaya.
Mari yaivemo muwardrope yaanga asiya but kusavepo kwake kwaindichemedza.

Ndakadzokera mumba ndikanosuka plate yangu yeporridge musink . Mhamha vanga vasina kuenda kunohodha musi iwoyo ,vaingotenderera havo nemba vachibata bata pano neapo.

Me.......munombogarawo pasi here nhai mhamha?

Mom.......ndikagara pasi pane chinobuda here pano ,naiye Tete wako uyu .(Les)

Me.......vanoita basa rese wani?

Mom.......izvezvi gaba recobra rasiiwa pa verandah munhu atomira netushamwari kugate uko.

Ndakaseka ndikatanga kuvabatsira kumenya nzungu dzavo .
Maoko angu anga asina kujaira , but neshungu dzekuda kudzidza zvese ndakatozogona .
Dzimwe ndichiruma nemuromo dzaramba kumenyeka .

Ndakaswera ndakatarisira but George haana hake kuuya . Ndanga ndisisazive kuti ndakagarira munhu anouya here kana kuti zvakatopera .

Mhamha vaingondisimbisa zuva nezuva .
Vachiti imbomirira Pamwe anouya ndakange ndatoora moyo ndaakungoti hameno Mwari wacho .

Mumwe musi ndakaenda na Les kutown ,ndichida kumbotenga ma strawberry ne tumwe tunhu twekudya hangu . Ndakambotanga ndaenda kwapower sales kunotarisa tuhembe twemababies, uyuwo Les hameno kwaanga aenda taizobatana paphone. Tuhembe kwapowersales Twaiveko but tusina kunyatsondinakira apa

twaidhura zvekusamboenderana nemari yandaive nayo.

Ndakabuda ndikapinda mumaflee markets ndikamboona ona hangu . Ndichingobuda padoor phone yangu yakabva yaringer iri new number.

Me...... Hello.

Voice........ Ndimai Mukula here?

Me..... Ehe.

Voice....... Ndanzwa kuti muri mutown , mhanyai pa TM izvezvi muone murume wenyu

.

Ndimai Nenyasha.

Pavakangodaro ndakakunya dress ndikamhanya kwa TM kuya Hana ichirova . Zvakanditorera nguva kuti ndisvike ndakasvika ndaneta .

Ndakamira padhuze ne entrance ndichibva ndafona number dziya .

Me......vari mukati here ?

Mai Nenya .......ehe but vatove patill masvika here?

Me.....ndasvika regai ndipinde mukati .

Ndakapinda ndikatarisa matill ese anga asina George. Ndakatenderera kuma shelf ndikashaya vanhu vacho. Ndakabva ndafona futi .

Me......imimi muri papi?

Mai Nenya......ndakawaridza Zambia yangu pamberi pe

parcel counter .
Ndopandakagara .

Me......handisi kukuonai wani?
Ndakadaro ndamira panz e.

Mai Nenya.....muri papi chaipo,vatobuda vaakuenda kumota .
Asi maenda TM yeku Ram ?

Me.......kune imwe TM zviya? Ndaenda kusiriko mutorei photo kana phone yenyu ichiita.

Mai Nenya......inoita regai nditume hanzvadzi yangu yandiinayo aende kudhuze . Akasaonekwa hake .

Vakabva vaseka  havo vachibva vakata.
I sighed ndikatora katowel kangu ndikapukuta kumeso .
Ndaida kunyatsoona uti George vanomuziva zveshuwa here?
Ndakafamba zvishoma nezvishoma ndichienda kwaTM kwaive namai Nenya yacho .
On my way ndakasanga na Les atori nekafriend kake vachibva

nekwa Ok .

Les....... Masangana nemurume wenyu here Mai Mukula.?

Me......handina.

Les......ane girlfriend yakashata zvisingaite.

Mumwe wacho akabvaaseka . Vaiseka havo but ndakatombonzwa kakupera Simba.

Her.......Les usanyepere munhu ,mukadzi akanaka iyeye.

Me.......ati chii?

Les......haana kumbondiona, Vanga vari kumhiri kwetara ini ndiri kumhiri .
Pandati ndi Crosse vabva vapinda mumota nekutorova pasi.

Ndaingoshinga kusmiler  but dombo ranga ratondigara pahuro.

Me...... Ndaakuenda kumba ini.

Les..... Matenga here ma strawberry acho?

Me..... No ndaakuda kuenda kumba.

Les....... Zvekuti girlfriend

ndanga ndichitamba ini Pamwe sister yake .

Her....... Hakuna sister yakadaro , vanga vachifamba vachibatan....

Les...... Kwana iwe unozivei nezve chirungu .?
Munhu anogona kufamba achiita zvaanoda nesister yake.

Her......ummm.

Kafriend ka Les kaitaura chokwadi .
Ndakabva ndatofamba ndakananga Kuma tax .
Ndakawana yanga yaakuda kuzara tikapinda naLes ichibva yatozara .
Mai Nenyasha vaya vakazosara

vo beeper beeper ndanga ndatoguta kare neshungu.

Ndakasvika kumba ndikananga muroom mangu .
Ndakamboda kuchema but ndakazvibvunza kuti ndichichemei ?
I started preparing zvekuzodya manheru .
Mutown macho ndanga ndangobuda pasina kana

chandanga ndatenga .
Mai Nenyasha vakazouya vakaknocker pawindow pangu zvekuma past six .

Me.....
Maswera sei?

Ndakadaro ndavhura window.

Mai Nenya........hameno kuti atora zvisvinu here munhu wacho achitya kuonekwa.

Ndakambomira ndakavatarisa ndichinyatsofunga kuti ndoona here photo kana kuti ndorega. Ndakazotambira hangu later ,

Mai Nenya .......atora akawanda Wanda hameno kuti

riri kunyatsokneka nderipi?

Aivepo George wangu nemukadzi kana musikana mushava ,anga akapfeka skin Jean reblue ne T-shirt ye black yakanyorwa zvewhite . Ndozvimwe chete newangu George anga akapfekawo Jean ne T shirt yeblack. Mamiriro avanga vakaita aingotaura kuti vanhu

vanodanana ava.
Pamwe pacho rakatorwa
George achivhurira musikana
door remota .
Ndakagumira ipapo hangu
ndanga ndatokwana .

Me.......maita basa
mozonditumirawo.

Mai Nenya.......shuwa gara

nawo ,akada kuramba ramba unomuratidza maphotos iwaya. Varume vanonetsa ndozvaida kuitwa na ba Nenya izvozvi ndakatozobatsirwa namadzimai vekuCherima uko.

Vakapedzisa kutaura ndatovhara window rangu , Ndaakuda kunokiya door Les akabva apinda.
Apa misodzi yanga yachizara

manje .

Les......Pamwe vanouya nhasi Mai Mukula monzwisisana.

Me.......buda Les ndoda kumbova pangu ndega .

Les......hazviite Mai Mukula .

Ndakabva ndagara pafloor chaipo ndakazembera bed , Musoro pakati pemakumbo misodzi chururu .
Akamhanya akanodaidza Mai vake akauya navo achitsanangura zvaanga aona mutown.

Mai Mukula .......simuka mwanangu don't be weak

unoziva wekuudza wani?

Me.......hongu ndakatadza mhamha ,but punishment yacho yakurisa handichaigone ini.

Mai Mukula......wekuudza unomuziva Mai Mukula . Rega ndifonere mai elder Makokorodze vanogara

padhuze apa .
Vanoita zvecounselling .

Me.......handisi kuda munhu anotaura neni mhamha chimbondisiyai zvishoma .

Kwaive kungofungira kuti Pamwe mukadzi waaive naye yaive girlfriend.

But hapana ainyatsoziva nyaya yacho kuti yakamira sei ,? Vakauya Mai Elder Makokorodze ndaivaziva hangu vaive munhu akatyoka , anogara achifara .
But kana vasvika pane zvaMwari vaive gandanga chairo .

Les akangotaurawo zvaanga aonawo ,nezvaanga andiudza .

Mai mako.....saka unochemei nhaiwe ?
Simuka tione apo,ko kana iri Hama yake .

Me.......daidza Mai Nenyasha vauye nephone yavo Les.

Akamhanya vakauya vese

namai Nenyasha vacho . Vakapihwa phone vakaona vakadzunguza musoro ,zvaitongove pachena kuti vanhu vari murudo Ava .

Mai Mut.......izvezvi aane two months asina kudzoka kumba. Pachine imba here apa mai Elder .

.

Mai Elder.......iwe unoida here imba iyi ?

Me.......ndoida mhamha, George wacho ndinomuda. dai ndisingaide ndakaenda kumba kare kare .

Mai Elder.......anouya hake chirega kuchema mwanangu . Mwari havangambo kusanganise nemunhu asiri wako hazviite.

Mai Mut.......munhu wacho itsotsi Mai Elder, haanyatsobude pachena kuti zvakadai zvikadai.
Ini pandiri pano handitozive kumusha kwake .

Mai Elder.......Mwari vakakusanganisai nechikonzero .

Me......ngaangouye hake andibudire pachena .

Mai Elder.......anouya haaregi

ngatinamatei ?

Ndakambotanga ndakanyarara ndichikurirwa nemisodzi ,ndika pedzisira ndaakunamata zvineshungu mukati .
After prayer Mai Elder vakatangazve kutaura neni.

Mai Elder....... Tiri muhondo nemweya wakaipa mwanangu

Angel ,
Hondo ndeye kutorwisawo ukachema uri muhondo unokundwa.
Simuka ne prayer , isu hatiite zvemupfuhwira asi unotenderwa kutora kana trouser rake kana bhande , wotaura naMwari wakabata .
Kuti Mwari uyu munhu ndimi makandipa , handidi hangu kushare nemumwe munhu ndewangu ini ndega .

Bhande iri ngaribvisirwe inini nekunge mubathroom.
Chiuno chake ngachiwane Simba pandiri chete .
Uchitaura nezviri mushoko raMwari ,kuti Inga Makati ,"huyai mose makaneta makaremerwa ndichakupai zororo"
Ndauya ishe wangu murume wangu ndinomuda .

Vakataura zvakandipa shungu dzekunamata .
Vakazosara vooneka ndaakutoti ngavaende ndisare ndichinamata .
Ndakumbira kuti vambobude ndisare ndichinyatsonamata ndega .

End of chapter
[08/07, 22:26] +27 65 996 8531: He  changed me

completely.

Story by Felistas

Contact
0783857336

Final chapter.

Ndaingochema all the way from Marondera , ndakatozonyarara nekubatwa nehope ,kutozomutswa naconductor achiti tasvika.

Me......tiri kupi nhai?

Conduc......kumbare ambhuya, burukai tione bhazi raakuda

kuenda ku garage.

Ndaisamboziva kuti ndichibva ipapo ndonanga nekupi ,kombare yacho ndanga ndakamboisvika here ? Ndakaburuka hangu ndikamira panze ,ndopandakaona kuti top yangu yanga yaakuda kuita kakuramba kukwana zvakanaka .
Ndanga ndati simbei kupfuura

zvandaive pandakabva kumba .

Ndakabvunza vamwe Mai vaitengesa ma apple vakandiudza kune makombi ekutown .
Ndakabva ndangonokwira ndikaenda kutown kwacho .
Zvekuti handifambe mutown ndakatombo tsveta ndakafamba long distance ndichitsvaga makombi ekumba

kwedu ndchimborasika ndo directwa futi .
Makombi acho ainetsa kuwana because kwedu kwaigara vanhu vane mota dzavo . Vazhinji vacho vaiita zvekuhire matax .
Mari yangu yanga yasara shoma I was not sure kuti ingakwane kuhire tax ,ndanga ndakanyanya kuishandisa ndichitsvaga ma strawberry kwa T M .

Ndakazoiwana kombi iya igoti kunonoka kuzara hayo .
Yaive Sunday saka yaingotakura mahouse maids anenge achidzokera kumabasa .
Takazobva mutown kuma to five .
Shungu dzangu dzanga dzapera ndaakutotaurawo nyaya nevamwe vasikana mukombi .
Ndichitonyepa hangu kuti neniwo ndiri maid.

Vakambotanga vachiramba vakazobvuma havo later. Vaitaura zvavaisangana nazvo mukushanda umu ,vamwe vachiti tinogara zvakanaka mother vangu vane rudo,vamwe vachiti ndinowachiswa mapants madam vangu vanonetsa zvisingaite.
Umwe ndiye akati ndinonetswa nevana vepandinoshanda vanehusimbe apa vakura .

Ndakafunga zvandaiita mazuva angu ekare ndichiri Angel asingazive hupenyu asingazive Mwari .
Ndakazoburuka ndatodzidza zvimwe zvakawanda .

Kubva pabusstop pacho paive nekadistance futi kuenda kumba.
Ndakatopfuurwa nemota ya ba Anashe ndofunga vaitoenda kumba kwedu nekuda

kwekusviba kwanga kwakuita kunze havana kundiona. Ndakasvika pagate ndanzwira nekufamba ndikambogara hangu paloan panga pakagarwa na Cee musi waakatanga kusvika paisambotyisa plus paive nezi light .
Ndakangoti zendamei zvishoma ndichibva ndatobatwa nehope dzekuneta nerwendo.
Ndakazopepuka

ndichitototakurwa kubva pandanga ndakarara  mhamha vachichemawo nekuside .

"Mwana wangu kanii ba Angie "

Dad.......nyarara hako this is what you wanted .

Ndanga ndakatakurwa na dad vangu mbune .

Mom......ndaingoshuvirawo zvakanaka dad vaAngie . Handina kumboziva kuti achadzoka adai ?

Ndakashaya kuti kudai kuita sei ?
Kugerwa here kana kuti

kusimbirira or vakafunga kuti ndaakurwara .
Ndakaiswa mumota mhamha vachibva vaisa musoro pamakumbo pangu tikapinda kugate .

Pakuburuka ndakamuka ndikaburuka ndega ,ndaida kuvaratidza kuti ndiri mutano,Pandakatarisa imba yababa vangu misodzi yangu yanga yaakuchibuda manje .

"Ndadzoka kumba ,zvemba zvaramba "

I said mumoyo mangu . Ndakawedzera kuchema neshungu .
Ndakasviko gara pasi chaipo pafloor ndichichema.

Mom.......chirega kundidaro mwana wangu kani ,I am

happy wadzoka uri mupenyu .
I will be there for you my daughter handichambokusiye .

Vakandisimudza vakandigarisa pasofa .
Ndakachema ndikapedza shungu vanhu vese vakanditarisa kuri kuchemera George wandanga ndasiya ndichimuda.

Dad vangu vaitadza kugara

pasi vaiti vakafamba vakanomira nechekuwindow vodzoka vombomira vakanditarisa.
Ndakazoona vanhonga water glass ranga riri pa coffee table ndikanzwa rati pwaa pamatiles
.

Dad....... Tell me Angie who did this to you ?
I told you Clara kuti mwana

haana kugara mushe .
Marondera inzvimbo yekugara here iya?
Anogara mu Marondera mune nzvimbo ipi ingapa Angie wangu a comfortable place to stay .
Pakangotaura phone yake kuti Ari kuMarondera I knew everything was not right,
But iwewe nenharo dzako you stopped me kunotora mwana wangu .

Hee siyai mwana agare imba yake , kana aremerwa anofona kana kudzoka saka ndezvipi izvi?

"My dad will never change ",I said to myself .

Mom...... Nhai Mai Anashe mwana kana atizira anoteerwa here ?

Inini I understand this nekuti ndakatizirawo.
Ungati mwana aenda hake ega woteera kunomutora womuitisei pano pamba?

Dad.......hauna kuteerwa because wakanga wabva kumusha mai Angie ,vabereki vanenge vachitofara kuti mwana apinda muhupfu havanei nekurwadziwa kwako.

Manje wangu mwana aitobva muhupfu achienda kunhamo ,look at her now?
Kutadza kumantainer Chero bvudzi haro raakazvarwanaro ?

Mai Ana ....... Zvinonetsa bamukuru kana mwana asina kumboisa any complain kuti ungomuteera ko akanokutuka ikoko ?or akatanga kuita

chipfambi achiti ndimi makandibvisa kumurume munomutii?

Dad....... Maladies ndopamakafa pfungwa ipapo ,Angie imbwa yawaigara nayo iripi ndiendeko izvezvi.
Give me the name and address
.

Me...... Haasi imbwa dad .he is the father of my unborn child, I respect him zvisingaite .
And I love him wholeheartedly .

Vanhu vese vakabva vanyarara vakanditarisa.
Dad vakabva vagara pasi zvekupererwa zviya.

Anna...... Saka kuuya muchichema kuda kuvhundutsira vanhu?

I smiled hangu .

Me....... No I was too emotional , kuuya kumba after more than six months hameno zvazvinongoitawo soo.

Anna...... Ko kurara pagate ?

Me...... Kuneta hangu nekufamba .

Anna....... Kufamba kubva kupi Angie chaiye? Something is wrong somewhere .

Me....... Hapana chimbori wrong munin'ina , ndofamba netsoka kuitira maexercises .

Anna.......mabvirei kumurume sisi?

Me.......ndichakuudza munin'ina wangu  I will tell everything zvaunoda kuziva .

Not now.

I smile again.

Ana..... Ndi Angie wandinoziva here uyu ?

Me...... Yes it's me .

Ann..... Ndanga ndakatarisira kupindurwa nyobvo chaiyo .

Me....... Why wasting time ndichipindura nyobvo iyoyo.

Ana......you have changed my sister ,ndaifunga kuti Mai T vanonyepa .

Mom....... Ok let's go to your room , you need to freshen up and rest .

Ndakaramba ini kuenda pangu ndega kwaitozondipa kuchema. I followed her pavakaenda kukitchen Mai Anashe nemhuri yavo vakabva vati taakuenda kumba touya tomorrow morning .

Me....... Ndipei matomatoes ndicheke .

Vakambonditarisa in disbelief.

Mom...... No Angie mwanangu you need to rest .

Me...... Apa muri kubika chii apa?

Mom........ Urikunzwa kudei?

Me....... Ndodya Chero ini , aendepiko makoti wangu.?

Mom...... Vaenda kwaHodzeko kuno gadzirisa nyaya

dzehanzvadzi yake iri kuramba mukadzi nekuda kwe small house .

Hana yangu yakamboti tsemu zvishoma , "saka George achirikuramba mukadzi nekuda kwangu here ? "

Me....... Hoo Inga varume

Havana moyo .

Mom....... Varume kana awana small house haagoneke zvachose zvinotoda prayer yakasimba .

Me...... Anga aroorwa for how long?

Mom....... Handizive ini ana

Mai T ndovari kufambira nyaya dzacho .

Me....... Anonzi aniko mwana wa Juniour ?

Mom....... Ivoka bamunini vako vakatenga mota yekupa zita hanzi ndi Trevor Juniour .

Me.......mukatozvibvuma ?

Mom.......kupikowo ?
Ndakatozoti anonzi Timu.....

"Saka wakangoenda
kunopihwa nhumbu
nekudzoka?

NdiJuniour wo akapinda mukitchen achitaura.

Mom.......kutaura kwerudzii ikoko nhai Juniour ?

Jun.......mhamha munhu haanganomitiswe uko oda kutichengetesa magora ake

panoka ?
Cee akangotizira akangogara kusvika aroorwa nanhasi aripano.

Mom.....kuda hubaba here nhai Juniour .

Akageza maoko ake pasink .

Jun.......ndakazvitaura kuti hakuna murume anogona kugara nemhuka inonzi Angie for such a long time. Varume vanoda vanhu vane hunhu .

Akatora apple mu fridge akanogara pachair.

Me......makadiiiko ba Tee?

I said ndichiombera .
Akambonyarara akanditarisa achibva azosekerera .

Junior........sorry hako hanzvadzi yangu ndanga ndichimbotester rwizi kuti rwakazara here?
You have changed for sure

thank God ,ndaiti Cee anonyepa kaini.

Mom......don't test her uchimurwadzisaka nhai Junior.

Jun......muface wangu uyu tozivana hedu .
Cee handitombomuudze kuti Tete vako vauya angatosiya zvaari kuita ikoko akauya .

Takatanga kutaura nyaya hedu takagara mukitchen.
Kusvika mhamha vapedza kubika .
Takadya tikanorara mhamha vakaramba kuti ndirare ndasuka neniwo ndanga ndaneta ,pandanga  ndaakuisa phone yangu pacharger ndopandakaona missed call

from George .
Ndanga ndatomusuwa murume wangu ,paari kuda kuita make things right between us ndopaari kuroorerwa mukadzi Satan wacho anga akatosimba. Zvichireva kuti vanhu vekwaHodzeko Chero ndikazowiririrana na George havatondideka.?
Ndakango mubeeper ndikasiya zvakadaro .
Akazofona Kuma past ten

ndatombobatwa nehope .

Geo.....,my love.

Me......ndeip.

Geo.......I miss you already.

Me.......wazodii nemukadzi

wako.?

Geo........anditiza Kuma 11 am nhasi .

Me......handisi kuita zvekutamba Geo.

Geo.......handina mumwe mukadzi asiri iwewe Angie .

Me.......ko Rachel atadzei ?

Geo.......hapana hapo chaatadza but ndakamuramba kare iye anozviziva.

Me.......uchimurambirei nhai George ? Kurambwa

wambopedzerwa nguva kunorwadza unoti achawana mukomana nguvai waachadanana naye sezvamaiita ozoroorwa?

Geo.......she is only 23 anoroorwa ,wakatizira waane 26 wani ?

Me.......23 makadanana aine

makore mangani?

Geo......17 years ndiine 23 .

Me.......but George usadaro .

Geo.......handisi George shaaa .I don't like that name .

Kumuti Taa zvaindiremera ,zvagara zita racho raindirovesa Hana ,
I couldn't believe kuti ndakarara na Taa ndikatoita nhumbu .
So ndaingozviudza kuti hasiriye .

Me........ndorandinoziva wakandiratidza ID wani?

Geo.......ndichakuratidza ID yangu chaiyo chaiyo .

Me.......ndoidii hangu ?uchindiratidza uri pai futi? Ndangofona hangu kuti ndinzwe kuti uri kuzvifambisa sei?
Usarambe mukadzi nekuda

kwangu please .

Akabva aseka hake.

Geo......... Munhu wandisingade ndoramba zviri smart ,
Kamuroora kako ndokari kubaya mabutton asiriiwo ikoko ndokari kupa pressure

isingaite , ndikangomuudza kuti nhumbu Ina Angie ndeyangu anoswera asiya zvaRachel aakuside kwako.

Me....... Ndomuudza kuti waindishungurudza zvisingaite , waisauya kumba , uchiita zvema girlfriends apa uchimboda kundirova.
She is going to hate you.

Geo....... anotsamwa chete haandivenge.

Me......lier

Geo....... Saka ndaakutomuudza now .

Me...... Usadaro George please go to your wife I don't want to be the reason yekuchema kwaRachel , ezvino everyone is saying Taa Ari kuramba mukadzi nekuda kwehure . Handisi hure George unozviziva .
Gadzirisa nyaya dzako usina kuinvolver Cee and my family please, without hurting anyone

in the process vabereki vako vachifara .
Inini kuno handina kumbotaura nezvako take your time ugadzirise zvinhu zvako that is kana zvichigadzirika .
Kana zvisingagadzirike wogara nemukadzi wako , what Happened between us is going to be a secret forever .

Geo........ Nhumbu iyoyo

inofanira kuzozvarwa waane ring ye muchato pachigunwe chako Angel . I promise.

Me........ Hazviite George I can't come between you and Rachel or you and your family .

I know hama dzako hadzimbofa dzakandida zvachose .

Geo........ Unondida here Angie .?

Me...... Yes I love you George but the thing is you're married, you belong to someone now ....

Geo...... You have to sacrifice

for our love , usingatarise kuti nhingi achati chii zvinopfuura babie .

Me......I can sacrifice kukusiya for the sake of someone's happiness .

Geo....... Dai ndisina kuku treater the way I did Angie , wabva wapusiswa nebible

zvekuti handichazive kuti ndodii ?
Ndaida character yako yawaive nayo pekutanga.
Now I am going to fight my battles alone.

Ndakaseka hangu.

Me....... Handichadzokere ikoko you changed me

completely .

Geo....... I am regretting .

Me........ Good night don't ever call me again , tikasangana hatizivane and hakuna anofanira kuziva zvakaitika pakati pedu .

Geo...... Ok madam handitaure but ndokutora soon .

Ndakakata phone ndikatura befu , ndikapukuta misodzi .
I loved this guy .
The following day I woke up early in the morning mamaids amhamha anga adzoka kubva kuweekend .
Ndakapinda mukitchen

ndikatanga kubatsirana navo kuita basa .
Ndichidzidzawo kubika zvandanga ndisingagone .

"What happened to you my daughter ?,ndiri kutoti regai ndimuke ndi gadzirire zve welcome party ya Angie paanozomuka Kuma nine ndinenge ndapedza "

Ndi Mhamha vangu vakapinda mukitchen vachiratidza kubatikana .

Mom......ukapedza zvauri kuita uuye  kuno tione.

I followed her kubedroom kwavo ndikawana dad vakamira nechepakati Pemba .

Mom.....Ndamuwana aakubatsira kubika breakfast , mubedroom make muri clean mamaids ese vati hatisati taenda kunogadzira mabedrooms .

Dad...... No mhani .

Mom....Enda unotora diary radad vako musefa Angie.

Ndakashaya kuti vaida kudii ? Ndakaenda ndikanoisa password yanga isina kumbochinja .
I took diary ndikauya

ndikavapa .
Ndakaona Mai vangu vaakueredza misodzi .

Mom ........I was doubting you my daughter ,
Ndatoti hausiriwe Angie wangu ,I thought someone atora face yako .
Dad vako vanga vaakuda kutoenda newe ku DNA test.

Dad........asi waiita basa rehuhouse maid ?

Me....... No ndaingoita maduties of a married wife .

Mom..... And now ?

Me....... I am doing duties of a

daughter mumba mevabereki vake .

She hugged me tightly vakatanga kuchema zveshungu chaizvo.

Mom......may the Lord fulfill all your wishes my daughter I love you so much . .

Me.......amen .

Dad.......yaa you have changed Angie ,I am happy.

Me......thanks to my husband .

Mom.......what did he do?.

Me........He changed me completely.

The End .